# SERAT MENAK
# (YOGYAKARTA)

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Milik Depdikbud
Tidak diperdagangkan

# SERAT MENAK
# (YOGYAKARTA)

**Tim Peneliti :**

| | | |
|---|---|---|
| Tashadi | – | Penanggung jawab |
| A. Sudewa | – | Anggota |
| Endah Susilantini | – | Anggota |
| S. Ilmi Albiladiyah | – | Anggota |
| I.W. Pantja Sunjata | – | Anggota |

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL
BAGIAN PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN
KEBUDAYAAN NUSANTARA
TAHUN 1992 / 1993

## KATA PENGANTAR

Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara, Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Direktorat Jenderal Kebudayaan telah mengkaji dan menganalisis naskah-naskah lama di antaranya naskah dari Yogyakarta yang berjudul Serat Menak, isinya tentang Kepemerintahan Warna Islam yang dikombinasikan dengan tradisi Hindu dengan konsep kepemimpinan Astabrata.

Nilai-nilai yang terkandung di dalam naskah ini adalah nilai Kepemimpinan yang didasari oleh ajaran keagamaan; di mana nilai seperti ini sangat dibutuhkan untuk menunjang pembangunan, baik fisik maupun spirituil.

Kami menyadari bahwa buku ini masih mempunyai kelemahan dan kekurangan-kekurangan. Oleh karena itu, semua saran untuk perbaikan yang disampaikan akan kami terima dengan senang hati.

Harapan kami, semoga buku ini dapat merupakan sumbangan yang berarti dan bermanfaat serta dapat menambah wawasan budaya bagi para pembaca.

Kami mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada para peneliti dan semua pihak atas jerih payah mereka yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Jakarta, Agustus 1992

Pemimpin Bagian Proyek Penelitian dan
Pengkajian Kebudayaan Nusantara

Sri Mintosih, BA.
NIP. 130 358 048

## SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Usaha untuk mengetahui dan memahami kebudayaan daerah lain selain kebudayaan daerahnya sendiri lewat karya-karya sastra lama (naskah kuno) merupakan sikap yang terpuji dalam rangka pengembangan kebudayaan bangsa. Keterbukaan sedemikian itu akan membantu anggota masyarakat untuk memperluas cakrawala budaya dan menghilangkan sikap etnosentris yang dilandasi oleh pandangan stereotip. Dengan mengetahui dan memahami kebudayaan-kebudayaan yang ada dan berkembang di daerah-daerah di seluruh Indonesia secara benar, maka akan sangat besar sumbangannya dalam pembinaan persatuan dan kesatuan bangsa.

Untuk membantu mempermudah pembinaan saling pengertian dan memperluas cakrawala budaya dalam masyarakat majemuk itulah pemerintah telah melaksanakan berbagai program, antara lain dengan menerbitkan buku-buku yang bersumber dari naskah-naskah lama seperti apa yang diusahakan oleh Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara. Mengingat arti pentingnya usaha tersebut, saya dengan senang hati menyambut terbitnya buku yang berjudul Serat Menak,

Saya mengharapkan dengan terbitnya buku ini, maka penggalian nilai budaya yang terkandung dalam naskah lama yang ada di daerah-daerah di seluruh Indonesia dapat lebih ditingkatkan sehingga tujuan pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional yang sedang kita laksanakan dapat segera tercapai.

Namun demikian perlu disadari bahwa buku-buku hasil penerbitan Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara ini baru merupakan langkah awal, dan ada kemungkinan masih terdapat kelemahan dan kekurangan.

Diharapkan hal ini dapat disempurnakan di masa yang akan datang terutama yang berkaitan dengan teknik pengkajian dan pengungkapannya.

Akhirnya saya mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah membantu penerbitan buku ini.

Jakarta, Agustus 1992

Direktur Jenderal Kebudayaan,

Drs. GBPH. Poeger

NIP. 130 204 562

# PENGANTAR

Agama dan budaya Islam telah lebih dari lima abad terintegrasi di tengah kehidupan budaya Jawa. Namun sayang bahwa oleh para cendekiawan baik dari disiplin ilmu sosial maupun ilmu budaya agama dan budaya Islam itu selalu dipandang sebagai subkultur Jawa yang lepas dari budaya Jawa secara keseluruhan. Hal ini pastilah tidak lepas dari politik kolonial sebelum perang yang selalu memandang gerakan Islam sebagai gerakan separatis yang selalu menentang politik kolonial. Hal ini mau tidak mau mempengaruhi pandangan para sarjana Belanda di zaman kolonial, dan mempengaruhi sikap para peneliti budaya Jawa di zaman kemudian.

Untuk dapat melihat kembali integrasi antara budaya Islam dan budaya Jawa di abad-abad yang lalu maka dibutuhkan unsur-unsur budaya Jawa dengan warna Islam yang pekat, di antaranya pertunjukan rakyat tradisional dan karya sastra yang diperkirakan tersebar di masyarakat luas.

Di antara pertunjukan rakyat tradisional hanya wayang goleklah yang secara pekat mencerminkan warna Islam. Namun sayang bahwa pertunjukan rakyat tradisional wayang golek ini zaman sekarang sudah tidak lagi populer sehingga sukar untuk mengungkap kembali bagaimana integrasi budaya Islam dengan budaya Jawa di masa lampau. Untunglah bahwa di samping ceritera Menak yang ada pada pertunjukan wayang golek itu ada juga ceritera Menak yang tersurat di dalam naskah-naskah yang tersebar meluas di masyarakat. Serat Menak yang akan disunting di dalam laporan ini diharapkan dapat mencerminkan integrasi budaya Islam dengan budaya Jawa itu.

**Terbitan Serat Menak**

Serat Menak pernah diterbitkan tiga kali. Mula pertama oleh penerbit van Dorp, Semarang, tanpa angka tahun menjadi 4 jilid. Pada tahun 1933 terbitan van Dorp ini diterbitkan lagi oleh Balai Pustaka dijadikan 20 jilid. Terbitan Balai Pustaka ini oleh Depdikbud ditransliterasi dan diterjemahkan ke dalam bahasa Indonesia pada tahun 1980-an.

Oleh masyarakat Serat Menak terbitan van Dorp ini dianggap sebagai hasil karya Yasadipura, bukti yang lebih kongkrit bahwa edisi van Dorp ini buah tangan Yasadipura tidaklah terdapat. Di samping versi van Dorp ini masih ada berbagai versi Serat Menak yang hidup di masyarakat luas.

**Beberapa Versi Serat Menak**

Poerbatjaraka dalam buku Beschrijving der Handschriften. Menak (1940) melaporkan bahwa ia menemukan versi Menak yang lebih pendek yang mirip dengan Hikayat Amir Hamzah dalam sastra Melayu dalam naskah MS.B.G, No. 613 yang disimpan di Museum Pusat. Naskah ini berasal dari tahun 1715 dan dengan demikian lebih tua dari versi Yasadipura dan dianggap sebagai babon yang dipakai Yasadipura dalam menggubah karyanya.

Di dalam penelitian ini ditemukan Serat Menak yang pada garis besarnya mirip dengan Serat Menak versi van Dorp namun masih banyak warna Islam yang berbentuk ajaran-ajaran yang disisipkan selain juga menunjukkan tradisi Jawa dengan dipakainya metrum sekar ageng.

**Naskah Yang Dipakai**

Edisi ini akan memanfaatkan naskah milik perorangan di Yogyakarta, yang dahulu dititipkan pada Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara (Javanologi), sekarang naskah ini dirawat oleh Balai Kajian Sejarah dan Nilai Tradisional Yogyakarta. Naskah ini memuat tahun sangkala *netra kalih angesthi tunggil* (tahun 1822) atau tahun 1893 Masehi. Dibandingkan dengan edisi Balai Pustaka teks ini meliputi Menak Sarehas, Menak Lare Jilid I – IV. Selain itu dimanfaatkan juga naskah dari pura Paku Alaman Nomor 0020 yang bertahun sangkala *boma kembar swara tunggal* (tahun 1720) atau sekitar tahun 1793 AD. Angka tahun yang disebut dalam naskah itu mempunyai arti yang penting apabila diingat bahwa Yasadipura yang menggubah serat ini ke dalam bahasa Jawa wafat tahun 1803 (Subardi, 1975 : 20). Apabila diingat bahwa naskah ini menyimpang

dari teks suntingan Balai Pustaka yang dianggap gubahan Yasadipura, maka naskah ini menyingkapkan masalah yang cukup penting bagi sejarah sastra Jawa. Naskah kita yang berasal dari tahun 1790 – tatkala Yasadipura masih hidup – yang berbeda dengan naskah yang dipakai untuk menerbitkan edisi Balai Pustaka lebih bisa dikatakan asli dari tangan sang pujangga dibandingkan dengan naskah yang dipakai Balai Pustaka (van Dorp) yang sama sekali tidak diketahui naskahnya. Apakah dugaan yang semata-mata berdasarkan angka tahun ini benar masih harus dibuktikan dengan argumentasi yang berdasarkan pada data sastrawi lebih jauh.

## DAFTAR ISI

halaman

KATA PENGANTAR . . . . . iii
SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN . . . . . v
PENGANTAR . . . . . vii
DAFTAR ISI . . . . . xi
Transliterasi Serat Menak . . . . . 1
Sinopsis Serat Menak . . . . . 395
Analisis Teks . . . . . 470
Kesimpulan . . . . . 473

## Transliterasi Serat Menak

## PUPUH I

**Dhandhanggula = 6 pada**

1. Ri sedheng ari Wraspati Manis
kaping siki wulanira Besar
wuku Sinta Je warsane
mene sangkalanipun
netra kalih angesthi tunggil
anuju mangsa Sadha
duk paneratipun
neng Jayengutaran antya
kayungyun ing wardaya rabda
nglaluri
sudarma kang winayang //

2. Brangti myarsa asmaraning jurit
ing tanah Arab pra kakung ing rat
kang samya ngrenggani kaot
nireng pra sudibya nung
malar antuk sufangat nabi
kang pra mursalim ing hyang
luwih kangjeng rasul
dutaning hyang kabib Allah
Salallahu Salahi Wasalam gusti
ywan kirang renggeng kurmat //

3. Meheng apunten dalem sakethi
myang pra sakabat catur mukarab
antar muhajir wus dene
kang pra wali sadarum
kang neng Arab myang tanah Jawi
jamhur para pukaha
musanip jahidu
wus dening kang para dibya
kang ngrenggani narendra ing tanah
Jawi
barkahnya kang pininta //

4. Nyamadana ing patik kaswasih
sih dalem kangjeng pra kakung ing
rat
dene kang munggeng cariyos
kang mangka ugeripun
prenah paman dalem jeng Nabi
mila antya rinengga
de santana rasul
malar mangka puji donga
pandongane kang darbe serat puniki
kang maos myang kang nurat //

5. Wus dene sagung kang amiyarsi
nahan purna rengganing pamudya
ri sedhengnya cinariyos
kangjeng nabi anuju
pinrak mungguh aneng surambi
aglar kang pra sakabat
dining kanang ngayun
Abubakar Ngumar Ngusman
tuwin Ngali Ngabdurrahman ngapwalulit
Talkah Jubir Ngakasah //

6. Sangat wus dene kalawan sangit
wus dening Ngabas nalika . . . .
. . .

Naskah halaman 2 – 3 hilang

## PUPUH II

**Mijil = 11 pada**

1. . . .
. . .
. . . wekase
lan emut pranateng hyang mangsidi
trap ar ja len juti
sadasa jujuluk //

2. Prabu bathara Kuwasarsining
ngesorken tumuwoh
pra sarjana jalu lan estrine
mangestuti tan silir sademi
lir traju retnadi
kadi dene mungguh //

3. Mangka lir gedhong pasenetaning
denireng suksma non
mrateng dasih tur bagus warnane
sasolah mantesi
ing lalewanipun //

4. Sanadyan ngrenah datan nyanyengit
yen karya paguyon
parak ati maweh kayungyune
kang gumebyar mancorong salirning
warnaning narpati
ratu kang saestu //

5. Prabu Satmata nis manungswaning
mulyeng hyang kinaot
wisesa tumyeng nungswa padane
dera jarwanira nyakrawati
myang bahu kendharsi
tegese ambahu //

6. Ngreksa titipaning Hyang Kang Luwih
kuwajibing katong
praja myang wadya bala sagunge
tur ratu sugih santana yekti
dhendha nguwasani
nrapken lara lampus //

7. Ganjar niksa mring saguning dasih
de nyakrawatyartos
nyakra mider penuh ngrat yitnane
tan kalibyan salirning pakrati
wati kamuktening
daleming pura rum //

8. Purna dasanamaning narpati
jenenging sang katong
mung sirike kapir agamane
datan manut sarengating nabi
agami Ibrahim
de embaning ratu //

9. Akekasih ki patih Bujantir
kedhep mring pra katong
cinatur pura madyan wangune
kutha Kojor latare ngubengi
pan tembaga saring
waja dhasaripun //

10. Jagang trejung tirah wancak suji
prugwa sri yen tinon
ingukir pingul kudhup isthane
para catur wiwara pan sarwi
ginapura asri
rinukmyadi luhung //

11. Maryem gurnada tembak menuhi
kang jaga pra katong
satus satus ri minggu gilire
mawa urmat yen kang jaga gilir
mangkya sri bupati
sabdane lir madu //

## PUPUH III

**Dhandhanggula = 18 pada**

1. Angandika mring patih Bujantir
patih ingsun kapengin telada
jeng Suleman karatone
Bujantir nembah matur
dhuh dewaji tan kenging ngirib
pininginan tinelad
nabi ratu agung
kang mangreh samesiningrat
kang dumelah angraratu dhateng nabi
Suleman mulkuningrat //

2. Ngandika malih sri narapati
ya tan kapengin yen nora kena
ngratoni sajagad kabeh
amung ingsun arep wruh
ing basane sawiji-wiji
kapriye saratira
aja tuwa ingsun
ki patih Bujantir nembah
sarat tapa margining wong guna sekti
yen mangkono apatya //

3. Asaosa kang gedhah kang becik
pirantinen rante ingkang dawa
ki patih sandika ture
tan dangu saos sampun
sumaptane karseng sang aji
sang nata angandika
arsa tapa ingsun
aneng dhasaring sagara
gilirana para ratu kang jagani
neng tirahing sagara //

4. Prenahing rante kang den tunggoni
aja lena poma wkasingwang
ki patih atur sembahe
lan maneh wekasingsun
lamun rante iku dhedheti
enggal nuli entasna
sun antuk pitulung
yen wus antuk telung warsa
rante iku panengran yen tan dhedheti
mesthi ingsun palastra //

5. Putraningsun adegna narpati
ki Kobatsah nadyan durung mangsa
sun wus pitaya ring kowe
sigra sang nata sampun
tumameng kong gedhana nuli
dinalit tutupira

ing sariwusipun
ginembyurken jaladiyan
tan adangu wus dhasar kandhas ing siti
laminya cinarita //

6. Den tuguri ingkang para aji
sawadyanya gilir saben wulan
sampun sawarsa lamine
langkungnya pitung tengsu
parmaning hyang maring sang aji
nadyan sang nata kopar
jer brangteng hyang Agung
kapir Islam Indu Buda
angsal kenceng tumemen mamin–teng Widi
niscaya tinurutan //

7. Jleg tanpa sangkan basonta suci
warna kaki-kaki kang tumedhak
nabi Kilir sayektine
pan wus bageyanipun
anedhakken wahyuning Widi
kang tapeng sagra jwala
sang prapta lingnya rum
heh ya ki prabu Saerah
ge luwaren pemintanta ring hyang Widi
wus kena sedyanira //

8. Lah ya iki sira sun paringi
babakaning kastuba ing swarga
masaken wor neng roti yen
uwis mateng ki prabu
ge dhaharen rotiku kaki
entekna sanalika
iku wekasingsun
babakan ngulungken tandya
sangking jawi tan tumutur ponang warih
tandapitulunging zad //

9. Babakan kastuba den tampeni
dhedhet rante garjita pra raja
saksana tinarik age
prapteng dharatan laju
angedhaton sri narapati
nimbali juru mangsak
nama ki Nindahu
estu trahing mintaradya
wijil nabi pawong sanak lan sang aji
kinarya juru mangsak //

10. Ki Nindahu darbyatmaja sawiji
jalu wayahe kumala-kala
Jaka Lukmanakim rane
ki Nindahu prapta wus
ing byantaranireng narpati
ngandika sri narendra
heh bapa Nindahu
ki age sira mangsaka
worna roti antuk sun tapeng jaladri
iki rupa babakkan //

11. Matur sandika Nindahu mulih
prapteng wisma mring dhapur lah-olah
babakan winor rotine
mateng gya ki Nindahu
mring patirtan nedya susuci
roti dinokken paga
panyiptaning kalbu
yen wus suci masweng nata
mring kadhaton ngaturken dhar dalem roti
mangkana Jaka Lukman //

12. Nuju mring pawon dupi ningali
roti wus mateng aneng paga
pan lajeng pinangan entek
telasing rotinipun
mulya kesah dadolan malih
ki Nindahu duk prapta
ing pawon andulu

roti dhar dalem tan ana
gya ngulatan Nindahu tatanyeng
swami
nyaine tan uninga //

13. Nulya rowange Nindahu warti
namung putranta ki Jaka Lukman.
wau kang malebet pawon
malah duk wedalipun
sangking pawon maksih katawis
yen mentas anenedha
anging kula tan wruh
yen pancen roti ladosan
kang tinedha ki Nindahu cipteng ati
ya illahi robbana //

14. Maha agung Molana Sayiddi
jalla wa ngajwa nuwun apura
pun dasih kalepatane
datan anedya ulun
sedhe miwah dursila batin
dahat pangungunira
ki Nindahu jentung
antya panlangsaning suksma
age-age ngambil gandum karya
sulih
nanging gandum kewala //

15. Pan kasusu selak dhar sang aji
wancining jam wus tabuh sawelas
ginelak ing pangrotine
tan dangu mateng sampun
ki Nindahu gya manjing puri
ngaturken dharing nata
prapta ing kadhatun
kapareng sang nata dhahar
gya ingawe roti katur ing sang aji
ngriku nulya dhinahar //

16. Ri sampunira kadhahar roti
ciptaning tyas gaib wus kaasta
karan tapeng samodrane
nedya indhaking kawruh
antarane babakan nguni
kang sinedya duk tampa
yun myarsa sang prabu
kang kumelip basanira
nata nulya mring madya yaseng
ngudyani
prenah kiduling pura //

17. Rawuh pacangkraman sri bupati
amarpeki kidang lan menjangan
ananging tan wruh basane
sigra sang nata kondur
cangkrama mring ngudyaneng puri
anjujug ing talaga
keh mina kadulu
bayak-bayak apapanthan
pinakanan tan ana bawa kapyarsi
tinilingken ing karna //

18. Dangu denya anedya miyarsi
nata maring sabawaning mina
meksa tan ana undhake
lir ngadat ting kacebuk
sri narendra kaku kang galih
cipta pa baya cidra
ing nguni kang asung
mangkyatmaning juru mangsak
sasampune amangan roti ginaib
ingkang mulat kasmaran //

## PUPUH IV

**Asmaradana = 21 pada**

1. Nglalu ngungun ing jro galih
sri maha prabu Saerah
dera tan mundhak kawruhe
ningali kidang menjangan
myang mina jron talaga
mung lir saben swaranipun
lalu kondur mring jro pura //

2. Ciptaning tyas nora kadi
deningsun tapeng samodra
iki tan ana tuwase
kawarna ki Jaka Lukman
ingkang lagya dadolan
lawan rare angon wedhus
kebo sapi glar pangonan //

3. Unta kemar bihal kuldi
ki Jaka Lukman pan lagya
ajajagongan lan bantheng
senuk memreng blegedaba
ingawe samya prapta
dhedheg jibeg padha ngrubung
dene kawruhan basanya //

4. Kang gumeremet jroning bumi
ngawang-awang myang jro toya
manuk-manuk sadayane
mina-mina ing samodra
buron-buron wanarga
saengga prapta sumuyud
maring kae Jaka Lukman //

5. Pepak kadi den undhangi
praptane kang buron wana
lelembut jim prayangane
sremet riwu brekasakkan
kang prapta tanpa wilangan
sairib lir masweng ratu
samya jrih asih sadaya //

6. Reseping tyas denya ngeksi
wrata mangkana ciptanya
baya ta iki tedhakke
gusti jeng nabi Suleman
sinuwuning sajagad
bayarsa mangun kaprabun
tekeng sagung brekasakan //

7. Wewe ingawe keh prapti
setan liwat julalatan
gendruwo pating pralolo
cinawowohi janggitan
jinenggit ing kemangmang
pating gramang ilu-ilu
keblak padha mendhak-mendhak //

8. Cicire pating kulicir
engek-engek lawan cethak
menthek padha meyek-meyek
banaspati lawan egrang
bajangkrek samber mata
sambange padha angrubung
ludrug ledrag lan gandarwa //

9. Thethekane ting karethik
hantu laut atut wuntat
klenthing mungil lan thongthong
sot
jerangkong myang juwal payal
wedhon kalindhuh sarap
sundel bolong lawan thiplung
jingit jajongot bah-obah //

10. Tan kurang mesining bumi
geng alit prapta matumpa
tan ana cicir mawiyos
wus mashur yen Jaka Lukman
Nindahu sutanira
wruh sakalir basanipun
kang dumadi jroning dunya //

11. Sudarma ngungun miyarsi
cipta ugrahanireng hyang
kang aparing kawulane
dahat sokur ing pangeran
atmaja Jaka Lukman
antuk kaluwiyanipun
niring roti tan cinipta //

12. Dening sato sadaya sih
yen prapta sing wanawasa
beburon keh ngeterake
yen dalu gilir kang jaga
isining wana pringga
neng kebon latar supenuh
ula lanang ting saldhang //

13. Pra ratuning jim duk myarsi
yen ana jalma wruh basan
ning salir kumelip kabeh
lawan wruh maring lelembat
anarka tedhakira
jeng nabi Suleman prabu
arsa umangun karatyan //

14. Mangkana ki Jaka apti
ing ratri ngriku umemba
mring wanadri sakarsane
dupi praptane ing marga
lelembut kang kapapag
sinapa nulya tut pungkur
ana kang matur ratunya //

15. Tandya sami amanggihi
para ratuning lelembat
mring ki Jaka keh tuture
kang repit rungsit niskara
purwa duk derengira
ing jagad dumadinipun
sadaya sampun pinajar //

16. Ratuning jin tanyeng kapti
lamun arsa madeg nata
ngratoni sajagad kabeh
nglinge ki Jaka tan arsa
mangkana delingira
manira dudu trah ratu
balik sagung praptanira //

17. Banget trimaningsun sami
ya mung padha sasanakan
ywa kaduk tampa maring ngong
tan darbe cipta mangkana
tandya mantuk ki Jaka
bubar pra ratu lelembut
ya ta ing alama-lama //

18. Samana ki Lukmanakim
tan pandon kulineng wisma
mring wana lan samodrane
datanpa bukti myang nendra
kocap Nindahu lina
ki Jaka rudah ing kalbu
linipur saya gurawa //

19. Tan pandon ing tyas rudatin
nglong cipta tanpa singkaban
paran kang dadya margane
karya trang puteking manah
sigra rug gara-gara
pratandha janma pinunjul
antara lamun siniyan //

20. Gugup pra ratu dhadhemit
age-age praptanira
anglipur ing sang wirangrong
nama prabu Samimalar
angrapu mring ki Jaka
mangkana panabdanipun
paranta kang kinarsakna //

21. Yen arsa jumeneng aji
ngratoni samesining rat
datan selarseng manahe
de wus sinung sih pangeran
kinaot ing sasama
namung andika sang bagus
sinung wruh wijiling basa //

## PUPUH V

**Mijil = 29 pada**

1. Nangling atatanya Lukmanakim
ring sagung pra katong
para ratuning dhadhemit kabeh
paran purwanira duk ing nguni
bedane lan jalmi
bisa tan kadulu //

2. Pra ratuning lalembut nauri
wus karseng hyang Manon
duk maksih eling awang-uwunge
bumi lan langit durung dumadi
aran kun maknawi
ya gaibul guyub //

3. Iku pareng manira dumadi
karsaning hyang Manon
kun maknawi sareng lan duryate
mungguh ing manungsa kalawan jin
kodrat hyang kinardi
pan tuwa jimipun //

4. 'Lawan lalembut tan kena mati
bedane lawan wong
bareng lan bumi langit rusake
awit sinung ngelmu iladuni
rantap sir ngidini
mungguh ing hyang Agung //

5. Iku karane tan kena mati
ya sabangsane ngong
Jaka Lukmanakim lon sabdane
atatanya maring rupaning jin
sarating sakalir
murungaken lampus //

6. Para ratuning jin anauri
sakathahing kawroh
wus winulangaken sadayane
maring sira Jaka Lukmanakim
myang ngenomken jalmi
kaki-kaki pikun //

7. Dadi jaka wadon nini-nini
dadi ayu anom
wong kang ala dadi bagus ngrenget
tinulisan maring Lukmanakim
wulanging ratu jim
saniskara putus //

8. Tinunggil dadya papan sawiji
sakathahing kawroh
dadya ran Ngadam Makna kitabe
para ratuning jim samya pamit
welingnya mawanti
aywa gung wulangun //

9. Den narima titahing hyang Widi
pesthining lelakon
wus dennas ing kodrat iradate
gya pra ratuning jim wus samya nis
ki Lukman wus mulih
samangkana wau //

10. Ing antaranira lami-lami
misuwur sakeh wong
yen Jaka Lukmanakim samangke
bisa ngenomken wong kaki-kaki
miwah nini-nini
duk kapyarseng prabu //

11. Ngriku nulya nimbali ki patih
Bujantir wus saos
ing ngarsendra nata andikane
heh apatih sun miyarsa warti
ana dhukun luwih
ing kabisanipun //

12. Anganomaken wong kaki-kaki
ki patih wotsinom
gih gusti pun Lukmanakim rane
pun bapa Nindahu kang sasiwi
gedering pawarti
lir andika prabu //

13. Nging amba piyambak dereng uning
dewaji kang yektos
Lukmanakim ing kuwagedane
prayagamba yektosken kariyin
lir gedering warti
kang sampun misuwur //

14. Kathah kaki-kaki nini-nini
jambul kempong perot
mantuk dados jejaka babeger
nini-nini mantuk prawan sunthi
mantun pelo bilih
cumentheng amuwus //

15. Kapiteng tyas sang nata nulya ngling
yen nyata mangkono
heh apatih timbalana age
gya tinimbalan tan dangu prapti
ing ngabyantara ji
ngandika sang prabu //

16. Apa sira aran Lukmanakim
ki Lukman wotsinom
inggih pukulun patik estune
nata ngling pa sira yekti bangkit
angenomken jalmi
paran pratingkahmu //

17. Lukmanakim matur niskaraning
muwah kang pirantos
sumawana ing rakite
wus den aturaken ing sang aji
angandika malih
wau sang aprabu //

18. Heh ya patih sun luwih kapengin
tuwa mulih anom
nanging nora pitaya rakite
marasing tyas bok banjur ngemasi
sun arsa wruh dhimin
pasang rakitipun //

19. Gya ken mundhut wong dadosan siji
wus prapteng kedhaton
myang jadhinya wus cinaosake
ngisen warih tinumpangken ngapi
wedang molak-malik
umob gumaludhug //

20. Wong dadosan cinemplungken aglis
tan dangu wus mopol
wedang asat kadi jenang koleh
gya sinembur mring ki Lukmanakim
balung kulit daging
otot sami tuntum //

21. Nulya sinembur malih ping kalih
sipat wong mregogok
pining tiga bisa mentas dhewe
gumarunjal lumumpat sing jadhi
sang nata udani
gumujeng angguguk //

22. Lan salin warna wijangtur pekik
tuwa mulih anom
ing wong satengah tuwa dadine
lagya birahi sandhang kang becik
sri dangu aniti
nalika malebu //

23. Apa ora lara neng jro jadhi
duk wedange umob
atur sembah tan sakit sang rajeng
namung kaget sakedhap anuli
lir tiyang aguling
datan mawi emut //

24. Sri narendra mesem ngandika
besuk bae ingong
atiningsun melang-melang bae
ora tahan deleng duk neng jadhi
nadyan ora sakit
kamaras tyasingsun //

25. Nembah mundur ki patih Bujantir
wus mijil wong roro
lan ki Lukmanakim sarengane
nahan ing pura sri narapati
wong godhogan maksih
aneng jro kadhatun //

26. Tansah aneng ngabyantara aji
datan sinung adoh
datan kendel nata pandangune
tiniti-titi duk aneng jadhi
mesem sri bupati
gya wus kinen metu //

27. Nahan mangke nagari Medayin
laminya kacriyos
ki Lukmanakim dadya dhukune
wus alami tan ana wong mati
nadyan jalma sakit
yen pinareng nuju //

28. Miyarsa ki Lukmanakim waing
wus dene lan antob
wong kang lara sakala warase
tan susah mawi den usadani
warase lestari
ana jalma lampus //

29. Ing riku wus den ulesi dupi
ginetak mregogok
wurung mati lestari uripe
wus kapyarsa ing lyaning nagari
yen nagri Madayin
na dhukun pinunjul //

## PUPUH VI

**Pangkur = 13 pada**

1. Nahan gantya winursita
malaekat panekarnya Ngi jrail
kang darbe pakaryan mundhut
nyawane anak Adam
tur uninga kalamun sring-sring
kuwangsul
wonten ing nagri Madiyan
duk katur lurahe sami //

2. Kumpul malaekat sakawan
Jabarail Mikail myang Israfil
Ngajrail samya gagedhug
malekat dining kanang
agupita purna Jabrail gya turun
amindha wong jaluk tamba
mring wismane Lukmanakim.

3. Duk prapta ya uluk salam
sinauran nulya atata linggih
kang mindha warna gya muwus
manira nedha tamba
Lukmanakim alon ing
wangsulanipun
gih ki sanak manirarsa
atatanyeng kitab mami //

4. Kitabe tandya binuka
duk andulu kitabe Lukmanakim
yen kang jaluk tamba iku
yektine nora lara
dadya Lukmanakim awacana arum
ujare kitab manira
tan ana kang den tambani //

5. Awit yekti boten lara
lah punapi ingkang dipuntambani
Jabarail malih muwus
heh tabib sun tatanya
ing sadina iki malekat gagedhug
Jabarail dining kanang
lah iku ana ing endi //

6. Lukmanakim saurira
mengko ulun tatanyeng kitab mami
gya winiyak kitabipun
mangkana linging kitab
jabarail yekti kang madhayoh iku
malaekat sigra ngrebat
ing kitabe Lukmanakim //

7. Dangu denya rarejengan
dangu-dangu rosa sang Jabarail

kalih duman kang karebut
kari ingkang saduman
Jabarail wus nya ngrebat lajeng
mabur
sru ngungun kari anggana
sang pandhita Lukmanakim //

8. Jabarail prapteng wiyat
gya binucal kitab tiba amalih
kang sapalih tibanipun
mring dhasaring sagara
kang sapalih jaban langit tibanipun
wonten nagari Ngajerah
tinadhahan Asal-Asil //

9. Kamantyan pangungunira
tri pandurat Lukmanakim tan
angling
yun nusul tan bisa mabur
nahan malih winarna
sri narendra yun dugeni karsanipun
ki apatih tinimbalan
tan dangu prapteng ngarsa ji //

10. Sri narendra angandika
heh apatih samengko karsa mami
sida kapengin nom ingsun
patih Bujantir nembah
dhuh sinuhun mugi pyarsakna
karuhun
Lukmanakim katiwasan
katamuan wau enjing //

11. Ngaken tiyang nedha tamba
duk uninga kitabe Lukmanakim
tatamu lajeng angrebut
kantun ingkang saduman
kalih duman kang kenging rinebat
tamu
tinututan tan kacandhak
plajengipun kadi mimis //

12. Ebat kawula miyarsa
palajenge tamune Lukmanakim
langit gora gumaludhug
bantala prakampita
abusekan dhedhet erawati bentur
pancawara sun prakempa
tedhuh dhedhet anglimputi //

13. Inggih bok bilih kewala
kitabipun ingkang ical dewaji
punika masalahipun
bab nguripaken pejah
atur amba mila sandeka pukulun
yen pareng karsa narendra
sekar palugon gumanti //

## PUPUH VII

**Palugon = 10 pada**

1. Luhung karuwun cinoba
inggih ing piyambakipun
manawi purun ginodhog
ing mangke kantenanira
lajeng miwah sandenipun
awit tan ecamba raos //

2. Yen nglajengna karsa nata
angandika sang aprabu
iya patih yen mangkono
anuli sira taria
ki patih nembah wus metu
ki Lukmanakim wus saos //

3. Dhinawuhan karseng nata
cinoba ki Lukmanakim
piyambakipun ginodhog
inggih ing karsa narendra
anamung panuwun ulun
mugi paduka kemawon //

4. Angasta sasemburira
makaten ing patrapipun
yen nuntumken daging otot
yen amanjingaken nyawa
makaten panemburipun
punika kula pirantos //

5. Tandya tinampen mring patya
wus kerit manjing kadhatun
prapta ing byantara katong
patih nembah matur nata
punika pun Lukman purun
piyambakipun ginodhog //

6. Gumujeng sang sri Pamasa
gya pinasang jadhinipun
wedhang molak-malik umob
ki Lukman malebet sigra
mring jadhi tan dangu ajur
kulit dagingira mopol //

7. Wedang umobira asat
lir jenang nulya sinembur
tuntum kulit daging otot
pining kalih panemburnya
mring ki patih tan adangu
wus gatra lir wong mregogok //

8. Gya sinembur kaping tiga
ki Lukmanakim ing riku
maksih legok-legok mawon
gya sinembur ping sakawan
nging meksih alenguk-lenguk
sajatinira wus layon //

9. Pan sinembur wantya-wantya
tita wus tan bisa idhup
gya Lukmanakim binopong
gumujeng sri maharaja
heh patih kepriye iku
katujune dudu ingong //

10. Ponang jadhi gya siniram
apinira wus ingurud
langkung ngungun sang akatong
Lukmanakim pejahira
tandya pinenedan sampun
mring ki patih kacariyos //

## PUPUH VIII

**Sinom = 12 pada**

1. Nahan gantya kang lir ron kamal
Lukmanakim tilar siwi
sajuga ran Bekti Jamal
pinet mring rekyana patih
kinadangken tinunggil
kalawan atmajanipun
gengnya sami pantaran
lawan radyan Aklas Swajir
gantya nyatur senapatining
Madiyan //

2. Ingkang sring ngelar jajahan
anama prabu Sanarim
ing Sarwal nagarinira
sura sudibyaning jurit
marma prajeng Madayin
saya wyar jajahanipun
sangking prakosanira
senapati sri Sanarim
wus pralina atmajanira gumantya //

3. Anama sri Asthakenas
mangka babantheng Madayin
yekti sura tiru bapa
sring ngelar jajahan nagri
Madayin pilih tandhing
bobote kang para ratu
Asthakenas paputra

Rurustam ingkang wawangi
nahan mangkya sri prabu Saerah
seda //

4. Kang putra gumantya nata
sang sri Bobotsah wawangi
patih Bujantir pralina
suta gumantya papatih
mangran patih Klas Swajir
senapati ing Madayun
Asthakenas parastra
weka Rurustam gumanti
sura antya sudibya amangun laga //

5. Pilih ratu kang anangga
wawrat prawiraning jurit
sayarja prajeng Madiyan
parentahe ajeg titi
nestiti angati-ati
tan gampangken mangsa kewuh
nahan rekyana patya
Aklas Swajir tulus mukti
langkung tresna met kadang sang
Bekti Jamal

6. Wawelingireng sudarma
ken nganggep sudara yekti
maring sira Bekti Jamal
satilare Lukmanakim
Bujantir mardyeng siwi
pan mangkana poma kulup
tembe sira putrengwang
pinareng begja gumanti
dadi patih miseseng nagri
Madiyan //

7. Poma dan eling tyasira
aja sira wani-wani
anglalawas wong dadosan
myang kang padha ngungsi adil
lan aja sira melik
dunya kang duduk duwekmu
lan reh wong pitepungan
aja sok wekasan cengil
lan kamukten aja pisan-pisan sira //

8. Ngirip muktining narendra
ratu kang sira lindhungi
dunya kang akeh kuwi
ngamungna sabobotira
lawan aja melik
donya kang akeh kuwi
atase dudu wajibmu
nging ratu kang lawiya
kagungan raja brana di
amalati yen sira wani anerak //

9. Temah nir kamuktenira
rose ing wawekas mami
aywa tinggal kira-kira
tepakna raga pribadi
ing wong agawe becik
tan wurung nemu rahayu
aja niaya siya
ing sapadhaning aurip
nora wurung pesthi keneng
pangadilan //

10. Kulup lamun tembe sira
gumanti ing jeneng mami
pandelengku kaya-kaya
tan tulus dadimu patih
mangkana ki Bujantir
nalika mardi ring sunu
nahan nagri Madiyan
gantya Benggala nagari
wonten juga nangkoda sugih
branarta //

11. Animbangi kasugihan
nira ingkang para aji
dunyane tanpa wilangan
nama Tambi Jumiril
ywan dagang mring lyan nagri
sumekta sikep ing pupuh
amat nyata tumbasan

angiras mangka prajurit
weneh ingkang pininta jroning
baita //

12. Datan kantun leskarira
kalih dasa ayu kuning
kang argi nyewu sajuga
aneng palwa datan kari
sangu-sangu nyumponi
amate jagul rong atus
saben-saben mangkana
prandene Tambi Jumiril
ciptanira gung tikbra lir megat
nyawa !!

## PUPUH IX

**Megatruh = 37 pada**

1. Purwakanya denira rudah ing kalbu
sira ki Tambi Jumiril
kepengin bawaning ratu
sinembah tan anebusi
beda anggepe wong tukon //

2. Aku iki kongkon-kongkon wong
yen tuku
yen nora kelangan picis
tan na ngajeni maring sun
kasugihan sun tanpa sil
tan kaya wong dadi katong //

3. Dene ta wus luwih kasugihaningsun
tan ana ingkang madhani
prande meksa dheku-dheku
maring kang duwe nagari
enak ngrenggani kadhaton //

4. Keringane tan na gugah yen aturu
iku wong mukti sayekti
nora kaya raganingsun
lagya nak ngeloni selir
gugup lawangku dhinodhod //

5. Dhodhong lawang muwus tan enak
rinunggu
edir cudakaning aji
pinopo angethok gulu
tan ana ingkang malangi
den cendhulan ana mothol //

6. Mothol cengel tan na dahwen
ngaru biru
tan kaya ragengong iki
yen anggitik nuli kokum
tan trimane kang ginitik
enak murba dadi katong //

7. Cinarita tapane nungsang sataun
nulya na swara dumeling
heh Jumiril panedyamu
anjaluk dadi narpati
pan dudu darahing katong //

8. Laluwurmu kabeh dudu darah ratu
tan wenang tinuku pati
tapaa nungsang nem windu
tan kena dinuk ing ati
angel wahyuning karaton //

9. Keh kang sira jaluk aja dadi ratu
pan darahing ratu pesthi
mung sawiji wahyunipun
ginenti bebete sami
kang tunggal waris karaton //

10. Dene tapanira wus antuk sataun
iya tinarimeng Widi
sinung nugrahaning pinunjul
nanging tan dadi narpati
ngembani prajurit kaot //

11. Tan winenang bawa dewe sira iku
kenane mung anempeli
kene ana wahyu agung
nanging iku durung lair
sedheng ngadhanga ing kono

12. Iya bumi Mekah bakal ana wahyu
rong prakara kang sawiji
iya wahyune prang pupuh
wira lalananging bumi
dibya wirutameng kewoh //

13. Sor katitih sagung para ratu-ratu
reprep ripu nyastreng jurit
abot sangganing apupuh
ratu sakurebing langit
kasor ing prang wotsinom //

14. Kapindhone wahyu Dipaningrat punjul
ing samawati wal arli
pandaming buwana sagung
mangka wakiling hyang Widi
praba prabuning kaprabon //

15. Cudakeng rat wirutama ama bakdu
wus tan ana nabi malih
iku minangka panutup
wekasaning para nabi
pan kakasihing hyang Manon //

16. Lamun sira prapteng Mekah wekasingsun
ngupayaa jodho nuli
lan darahing Mekah iku
sira bakal asasiwi
sajuga lanang kinaot //

17. Sekti mantep wegig julig ing apupuh
waskitha pringganing westhi
methakil sembrana cucut
lamun dadia wong cilik
sayektine rada bancol //

18. Katujune dadi wong agung linuhung
ngalenang dhasing para ji
tan na waler sangkeripun
nanging tan dadi narpati
ngembani prajurit kaot //

19. Pan sinembah sagunging kang para ratu
iku apan wus linuwih
ya ing tembe atmajamu
pan wus karsaning hyang Widi
antiya nukmeng paguyon //

20. Amathingkrak amathunthung amalembung
mathangkrus anging patitis
aparikena panuju
besur nora ngeboseni
sinungan waris mangkono //

21. Andaremis nyelkuthis mung kudu antuk
melikan tan dhemen dhuwit
myang raja brana tan ayun
jahil mrengkel ambesiwit
nanging welasan maring wong //

22. Heh Jumirillah wis luwaren tapamu
iya seka wukir iki
kagyat Jumiril duk wungu
sirna swara tan kapyarsi
Jumiril sigra malorot //

23. Saudhune sangking arga nulya mantuk
sapraptanira ing panti
donyane den awur-awur
gedhong sami den bubrahi
donyane den obrot-obrot //

24. Mung pinanci kang badhe kinarya sangu
denirarsa munggah khaji

langkunge sadaya didum
maring sagung pekir miskin
gedhe cilik lanang wadon //

25. Para nangkoda sadaya kang samya nyambut
pan rinilakaken sami
amat nyata tukon sagung
wus kinen mardika sami
gya sangune wus ingemot //

26. Ing baita gunggung pitung atus ewu
kinira wus anyukupi
Jumiril sigra marau
datanpa leskar sawi ji
mancal layar ngaler ngulon //

27. Aneng palwa Jumiril nendra pitekur
duk lagya ngles nuli ngimpi
katon jara sangking ruhur
ing embun kang den tancebi
ambles nerus maring githok //

28. Ponang jara arupa kancana murub
cahyane mubyar nelahi
Jumiril kagyat anjumbul
tatanya rowange guling
sira mau apa anon //

29. Jara emas manjing ing embun-embunku
kang tinanya ngling tan uning
Jumiril kalangkung ngungun
gya palwanira maripit
Jumiril mampir ing pulo //

30. Pulo Kadam ngriku wonten kang pilungguh
anama Seh Kanjul Mukim
Jumiril marek umatur
ngaturken denya angimpi
wau dhateng sang palunggoh //

31. Sang pandhita Kanjil Mukim ngandika rum
supenamu iku becik
sayekti Nuwuhi wahyu
sira nurunaken benjing
prajurit prawireng kewoh //

32. Widikdaya prawira mandra guna nung
reprep ripu soring langit
ngiseni yuwanarja yu
sinembah sagung para ji
narendra gung-agung kasor //

33. Nanging ana kang den emong atmajamu
iya manggulaning bumi
kaloka jagad pinunjul
pramugarining ngajurit
ana wahywagung meh dhawoh //

34. Mangulona akramaa sira besuk
lan darahe Banu Kasim
kang bakal katiban wahyu
tan lyan trahing Banu Kasim
Jumiril cipta cumeplong

35. Nulya pamit Jumiril mangosweng suku
ning sang wiku Kanjul Mukim
ri wusnya aneng parau
babar layar angin tarik
timur dhaya kang angrojong //

36. Gancanging kang lampah ing palwa prapta wus
muwareng Ngarab nagari
nulya jangkarnya linabuh
sigra mentas ki Jumiril
lestari lampahira lon //

37. Wongira kang binekta mung kalih atus
dadana samargi-margi

tan etung sanggon-gonipun
singa dhukuh den pondhoki
samya kasmaran sakeh wong //

## PUPUH X

**Asmaradana = 18 pada**

1. Kuneng ki Tambi Jumiril
kawarnaa bumi Mekah
nabi Ibrahim darahe
bangsa Ismangil punika
ingkang madeg dipatya
lampah budi darma alus
Ngabdul Manab purwanira //

2. Apaputra miyos dhampit
adugigir sami priya
kang rama langkung susahe
tandya sinigar ing pedhang
putra dwi wusnya pisah
kang satunggal ragi wungkuk
andengkeng ingkang satunggal //

3. Kang dengkeng lamun lumaris
mengkat-mengkot sarengkodan
sinung Omiyar namane
kang nurunken Abu Jahal
suker nglinyokken warta
wartane jeng nabi rasul
Bujahal sabebetira //

4. Samya durakeng hyang Widi
kang wungkuk wus sinung nama
Bagenda Sim kakasihe
samya suci satrahira
mila nagari Mekah
nadyan dede cacah ratu
sakalangkung wingitira //

5. Namung palenggah dipati
kabawah mring nateng Yaman
Yaman ku manca nagrine
ing Madyain kutha besar
Mekah upektenira
maring Yaman saben taun
kathahira kalih leksa //

6. Kacarita sang dipati
Ngabdul Manap wusnya seda
lajeng kagentyan putrane
bagenda Simah dipatya
aneng nagari Mekah
ing sajenengira tulus
runtut wadya kulawarga //

7. Mangkana bagenda Hasim
sampun apaputra tiga
pan wanodya pangarsane
anama Siti Mahiya
sundhulanira priya
dyan Alip panengranipun
wruju ugi wiratama //

8. Anama Ngabdul Muntalib
bagus-bagus sang kalihnya
sambada alus budine
kang rama langkung sihira
nahan malih kawarna
ki Jumiril lampahipun
wus prapta nagari Mekah //

9. Samana Tambi Jumiril
sru denya mrih kasat mata
anggung anebar artane
adadana mring kasihan
myang mamet pawong mitra
sang dipatya abdinipun
linalobeng busanarta //

10. Sadaya samya lulut sih
mring Jumiril resep ing tyas
datan lami antarane
katur maring sang dipatya
yen Jumiril suwita
sang dipatya resep dulu
lajeng kanggep kinasihan //

11. Wit sru dera wade kardi
pethel tur bangkit noraga
katandha yogya karyane
tita adhep antepira
sang dipatya sru antya
asih lulut lah ing riku
apan lajeng tinariman //

12. Putranya sang adipati
ingkang pambayun wanodya
Siti Mahiya dhaupe
atut denya palakrama
Jumiril wus tinunggal
lawan ingkang para sunu
kocap mangkya sang dipatya //

13. Bagenda Hasim ngemasi
dene kang gumantyeng rama
nama dipatyatmaja nom
putra sepuh datan arsa
jumeneng adipatya
mung nyatriya mardikya nung
de kang mangka papatihnya

14. Mengku ing Mekah nagari
pamugran jumeneng patya
menggeng tan wingwang kaipe
suyud sagung kulawarga
maring Jumiril patya
tekeng sagung para ratu
kang gung-agung kering kanan //

15. Sadaya sami smu ering
mring sang adipati Mekah
datan sing kaprawirane
mung sangking andhap asornya
marta darma saanggya
santana kopyasih lulut
mring sang adipati Mekah //

16. Nenggih sang Ngabdul Muntalib
lulus kadipatenira
nahan gantya cinarios
nagri agung ing Madayin
saya geng jajahannya
suyud sagung para ratu
atur putri kumawula //

17. Mring narendra gung Madayin
nenggih sang prabu Kobatsah
Wimbul ing kaprawirane
senapati Sri Rurustam
mangkya raja Rurustam
pralina atmajanipun
kang gumantya senapatnya //

18. Tan siwah lawan sudarmi
kaprawiraning ayoda
nagri Madyan babanthenge
nama prabu Ibruskara
asring ngelar jajahan
Madyan sarja pinunjul
kawarna sri naranata //

## PUPUH XI

**Sinom = 17 pada**

1. Kobatsah lagya paputra
anenggih pambayun putri
anama dewi Banusah
alami ingkang sang aji
denira tan sasiwi
putrestri diwasa sampun
dhaup raja Nursibah
anenggih narendra Buwit
sang kusuma atut denya
palakrama //

2. Nahan malih kawarnaa
kyana patih Aklas Swajir
lulus denya pawong mitra
lan Bekti Jamal langkung sih
tan pae kadang yekti
sami palakrama sampun
sira ki Bekti Jamal
wus sinung wisma pribadi
nanging datan pegat paran
pinaranan //

3. Sangking sih kakalihira
singa ingkang tan kapanggih
kakalih tyase sumelang
milanya gantya dhatengi
sangking genge ingkang sih
kadi nunggil yayah ibu
kitab tilaring rama
sang pandhita Lukmanakim
ingkang tansah winaca surasanira //

4. Kalangkung wibawanira
kyana patih Aklas Swajir
angreh sagung para raja
kang kawengku ing Madayin
sor timbang lan sang aji
bektine sagung pra ratu
sang nata langkung denya
agung karatone luwih
paramarta ajeg tindaking nagara //

5. Nagri agung tata karta
karta karti tretib apik
sumrah bawaning nagara
laminya nagri Madayin
kala ing nguni-uni
tan lir mangke arjanipun
tekeng kula lit desa
wrata padha enak ati
ayem tentrem sirna dursilaning
praja //

6. Pangeran kang sipat rahman
ingkang asipat rahkhimi
murah asih ing kawula
sanadyan sang nata kapir
ujer jumeneng adil
sinung gaganjaran agung
nikmat lawan mamfangat
kapire siniksa benjing
kodrating hyang wus pinancet ing
dalil nas //

7. Mangkya rekyana apatya
adipati Aklas Swajir
nalikeng tas mundur seba
kampir ing wismaning ari
sawadyanya umiring
Bekti Jamal gupuh methuk
prenahing paregolan
anreg lampah kyanap atih
gapyuk rarangkulan pareng tata
lenggah //

8. Gya sinugata dhaharan
tan mantra ageng lan alit
resepe apasudaran

ri wusing minum aer tih
samya ngiling-ilingi
ing kitab surasanipun
ki patih duk ambuka
sedyanya arsa ngulati
tan lyan bab ing pranatan ingering
praja //

9. Kalintu pamiyak ira
kleres surasaning tulis
ingkang rayi Bekti Jamal
wus parek denira lalis
kirang kawan dasa ri
ki patih kagyat sru ngungun
waspa tinenggak-tenggak
semuning netya katawis
Bekti Jamal dupi myat solahing
raka //

10. Nulya alon aturira
Bekti Jamal mring dyan patih
inggih karanten punapa
paduka mentas ningali
inggih kitab puniki
kawuryan lajeng angungun
ngantos mijil kang waspa
paran daruneng wiyadi
kang makaten pun ari boten
anduga //

11. Ngandika rekyana patya
marneng ngong sungkawa yayi
dene meh antakanira
mung kari catur dasa ri
sungkawengsun wit dening
ngrasa rakanta tan tulus
kakadang lawan sira
yayi dene meh ngemasi
kadar pira kari patang puluh dina //

12. Bekti Jamal sigra nyandhak
nulya angiling-ilingi
surasaning Kadam Makna
estu lamun meh ngemasi
kiranya kawan dasa ri
sarywa mesem sabdanipun
kaka kadi punapa
yen sampun karseng hyang Widi
ing pepesthen mangsa kenging
tinulak //

13. Kyana patih angandika
ywan kena sun paekani
sarta kalawan panedha
angluwata sira yayi
awit ing dina iki
manawa kena jinaluk
Bekti Jamal turira
sakarsa paduka nanging
kang pinanggih ing kula mindhak
punapa //

14. Kadi tan kenging tinulak
takdiring hyang kang pinesthi
kawula darmi punapa
ambok lir ningkiri pati
sadaya kang dumadi
punika amanggih lampus
lumangkung tur kawula
ngandika malih ki patih
ora yayi uga becik lakonana //

15. Nulya ken karya kaluwat
pirantya unggyaning ari
wus dadya pinaripurna
tutupe wus piniranti
anulya kinen manjing
Bekti mlebet gupuh
kinunci sangking jaba
sorog den asta ki patih
ing samarga datansah ngemung
sungkawa //

16. Gya ingetang dinanira
awit lebete kang rayi
marang sajening kaluwat

prapteng dalem kyana patih
tansah maminteng Widi
kadyage sangkeping etung
ing catur dasa dina
sampurnane lan kang wengi
praptanira jangkep kawan dasa
dina //

17. Ki patih datanpa rowang
mring kaluwat wuse prapti
sru anguwuh sangking jaba
lah yayi metua nuli
sinorog ingkang kunci
kya patih andikanipun
amung kari sadina
baya kalanira enting
wus sampurna bayanta
kasmaranira //

## PUPUH XII

**Asmaradana = 48 pada**

1. Lah yayi mung kari kedhik
iki wis meh pukul lima
ywan sidantakanirangger
baya ta uwis kalakyan
duk sira neng kaluwat
baya ta antuk pitulung
pratandha kena tinulak //

2. Bekti Jamal anauri
kakang lamun kajeng kula
sampun tanggel kangelane
ing benjang-enjang kewala
kakang kawula medal
gih punika jangkepipun
petang kawan dasa dina //

3. Kya patih ngandika malih
ora yayi wis metua
kalanira pan wus entek
tan ngapa kurang sadina
samana kyana patya
datan wantya anguwuh
yayi anuli metua //

4. Bekti Jamal nulya mijil
rekyana patih delingnya
payo golek angin kono
wus lawas nora kanginan
tandya sareng lumampah
rakari rangkul-rinangkul
ki patih angrangkul jangga //

5. Wawangkingane ki patih
rinangkul mring Bekti Jamal
prapteng ngrahara prenahe
aneng sangandhaping wreksa
amrih tawang maruta
samya lenggah kalihipun
ki Bekti Jamal mangkana //

6. Matur ing raka ki patih
riki paduka kendela
sakedhap kularsa sene
Bekti Jamal tandya mentar
tebihnya sapambalang
dupi praptanireng riku
saksana ki Bekti Jamal //

7. Mingser malih datan tebih
anuli anyukil bata
karya sasuci karsane
banon wau pan kalingan
ing suket kalamenta
ri wuse cinukil wau
amblong garowahnya wiyar //

8. Bekti Jamal wus sasuci
osiking driya mangkana
arsa wruh ing sayektine
denira anyukil bata
siti ingkang garowah
riku wonten watu tutup
ton cira (ri ?) serat pratandha //

9. Tinupiksa ponang tulis
munya sasimpenan dunya
karun punika kang darbe
dunya datanpa wilangan
kencana pira-pira
kang aciri dunya karun
tutupe nulya binuka //

10. Bekti Jamal duk ningali
anjenger ing tri pandurat
myat dunya langkung kathahe
apa datanpa petungan
barana wawukiran
retna pirang-pirang undhung
mirah sasotya tumpukkan //

11. Emase beranang abrit
wus tan kena winatara
kancana myang sasotyane
sayuta dhacin luwih mas
myang her laut arkembang
tinumpuk lir pendah gunung
her geni her bumi mubyar !!

12. Her bun jumrut lan widuri
jumanten lawan pakaja
cepaka her wewehane
kecubung widuri wulan
nila lawan mutyara
cacampuran pirang tumpuk
luwih sawendra sawurda //

13. Den usunga wong sakethi
luwih emas kurang janma
lamun winedalna kabeh
yekti kucem hyang baskara
padudon rebut praba
Bekti Jamal mungur-mungur
mendem mulat gunging brana //

14. Nutur caritaning nguni
duk alam jeng Nabi Musa
kang nama Karun Kaipe
geguru anuwun wulang
ing jeng nabi karya mas
saksana lajeng winuruk
Karun bisa karya emas //

15. Sela pedhas miwah curi
balethok kinarya emas
iya Karun kang agawe
milane emas sadunya
kang aneng jro bantala
samya ciri dunya Karun
mangkana ki Bekti Jamal //

16. Na ngling salebeting galih
dunya iki sun alapa
kharam tan ana kang darbe
lamun sun nengna kewala
sayekti siya-siya
dene ngong dhewe kang weruh
wenang uga angrawata //

17. Nanging utamane iki
turuning Karun anaa
iku ingkang sayogyane
dupi enget mring kang raka
ki patih pantes wignya
angruruh turune Karun
sari wusera mangkana //

18. Bekti Jamal wangsul aglis
prapteng gyane kyana patya
Aklas Sajir arum linge
dene suwe yayi sira
umatur Bekti Jamal
inggih kakang ta pukulun
punapa saged dhatengna //

19. Tedhake Karun ing nguni
yen teksih wonten samangkya
ki patih alon sabdane
yayi iya sun kaduga
nadyan saiki ana
ingkang jeneng raja Karun
ya dadi kanca manira //

20. Ingkang rayi matur malih
punapa inggih punika
tedhak Karun cariyose
ingkang sugih raja brana
Aklas Sajir sabdanya
yayi dudu Karun iku
ya trah tumerah ing Noban //

21. Iku Karun Banirsrail
ingkang sugih raja brana
jaman kuna caritane
kang bisa agawe emas
sanadyan mangkonoa
sayekti ya bisa ingsun
ngruruh Karun turunira //

22. Yen sun meksih dadi patih
iya ta mangsa luputa
ngupaya Karun turune
balik apa karepira
dene sira tatanya
maring wong kang kaya iku
lir uga ana parlunya //

23. Kang rayi umatur raris
ing wau kula tatoya
awon nganggur nyukil banon
sitinya lajeng garowah
keksi isi berana
cirinipun dunya karun
kathahnya tanpa wicalan //

24. Ki patih ngandika aris
payo ingsun tuduhena
sigra lumampah kalihe
prapta gening raja brana
ki patih dupi mulat
lenger-lenger kongsi dangu
tri pandurat tanpa nabda //

25. Pangudaswaraning galih
ing sajeg manira gesang
yekti durung tau anon
dunya samene kehira
samana kyana patya
sakala sedheng tyasipun
duk myat kyehe raja brana //

26. Dunya berana sayekti
nuwuhken ati drubiksa
duk ing kuna caritane
jeng Ngisa Ngaleh Salam
wonten sakabatira
munafek durnirtyeng laku
pinaring mas langkung kathah //

27. Tigang punthuk siti pasir
cinipta nulya dadi mas
sawusnya pinaringake
dhinawuhan tan kalilan
andherek tindakira
jeng nabi wau ta ngriku
janma kang pinaringan mas //

28. Kewran yun ginawa mulih
dening emas langkung kathah
nora suwe antarane
ana pethut begal prapta
sarwi angliga klewang
wong roro jarot apengkuh
asru denira tatanya //

29. Sapa kang duwe mas iki
sinauran darbekingwang
nabi Ngisa paparinge
pethut nangling iku uga
kakehan temen emas
tak jaluk pinara telu
kalamun tan aweh sira //

30. Amesthi ringong pateni
nglinge kang darbe lah iya
becik padha rukun bae
mas gya dinum pinratiga
kang darbe mas lingira
bok salah sawiji tuku
panganan marang padesan //

31. Jumputa emas sathithik
kang sawiji nuli kentar
datan suwe antarane
prapteng gon wong jual boga
tuwuk denya mamangan
kang ginawa gya cinampur
lawan daru besi upas //

32. Yen pinangan pesthi mati
wong roro mase supaya
dadi duwekingsun dhewe
ya ta wong dwi ararasan
mengko ika kang jajan
yen teka banjur binunuh
mase pinaro kewala //

33. Dupi ingkang jajan prapti
kinarubut pinedhangan
parastra wong roro age
sami anedha jajanan
nulya pareng aniba
wong telu pating prekungkung
wit denya rebutan dunya //

34. Duk jeng nabi rawuh uning
wangke tiga ting gulimpang
awit saking mas paringe
gya winangsulaken dadya
wedhi ing ngasalira
nahan ki patih ing riku
dupi umyat kehning brana //

35. Cipta yen maksih si adhi
pesthi tan tutug wak ingwang
amuktekke donya kiye
awit nuli awawarta
marang sagunging jana
temah kamireng sang prabu
donyane iki sadaya //

36. Pesthi pinundhut sang aji
nadyan pama pinaringan
destun sapira akehe
iya mangsa angalahna
ingkang duwe priyangga
sakarep-karepe tutug
marga seka kehning brana //

37. Sakedhap nir tresneng ari
sang Bekti Jamal cinandhak
sigra ingukel rambute
sinendhal tiba kalumah
anuli tinunggangan
Bekti Jamal kagyat muwus
lah kakang karan punapa //

38. Paduka lajeng misakit
inggih dhateng jasat kula
Aklas Sajir sru wuwuse
arep sun pateni sira
Bekti Jamal turira
gih punapa sababipun
mamrih antaka kawula //

39. Mangsuli sreng kyana patih
kalamun sira uripa
tan tulus nggonsun muktekke
iki kehe raja brana
marga sira wawarta
Bekti Jamal mijil kang luh
aseret pamuwusira //

40. Kakang paduka sakseni
demi Allah yen kawula
amartakena ing tembe
tuwin matur mring sang nata
mangsa amba puruna
Aklas Sajir mingut-mingut
ingsun wesi yen baliya //

29. Mandah dukane kiyahi
kang rayi kalih aturnya
kawula sumangga ring reh
alon matur radyan Kamzah
yen suwawi lan karsa
paduka kakangmas luhung
prayogi linajengena //

30. Kula ndhereken ing margi
yen wonten drigaminira
yen prapteng Yaman kithane
kawula kendel ing jaba
lega tyase kang raka
kang dadya sumlanging kalbu
yen kang rayi karya resah //

31. Wonten ing Yaman nagari
wusana kang rayi sagah
kendel ing jawi kithane
dyan Maktal arum turira
kumedah andhereka
maring sang Jayengapupuh
ngandika rahadyan Kamzah //

## PUPUH XLVII

**Dhandhanggula = 23 pada**

1. Truhning pangandika anrang gendhis
yayi Maktal mengko karsaniringwang
sigra amulia bae
dhisik ing prelunipun
eslamena wong ing Ngalabi
yen bangga lumuh Islam
bunuhen wis khukum
yen wis wrata ge nusula
maring Yaman poma yayi sun anteni
sang liningan tur sembah //

2. Nuwun sandhika dhawuh jeng gusti
gya rahadyan Ngabdillah siyaga
ken dandani pikulane
wusnya sumektanipun
wangwang radyan Maktal ngabekti
mring rahadyan Ngabdullah
tandya mring dyan Abu
ntalib dyan Kamzah Marmaya
tuwin Ngabas dan ungkur-ungkuran sami
kang mring Ngyaman lan Ngalab //

3. Kuneng dyan Maktal ingkang winarni
tindakira rahadyan Ngabdullah
kang ngiringken upektine
lawan dwi arinipun
neng marga wus sadasa ratri
prapteng tepis wiringnya
Ngyaman prajanipun
tandya kendel dyan Ngabdullah
lan kang pra ari aneng seketheng kori
tandyarsa atur wikan //

4. Saben mawi pinethuk pra mantri
yen upekti sangking Mekah prapta
nging lami denira ngantos
datan nana kang methuk
dadya kongsi antara hari
kawarna bangendha Kamzah
neng wuri wus nusul
lawan kang raka Marmaya
praptanira wus panggya lang raka katri
dyan Ngabdullah ngandika //

5. Ri mas sira sida angareni
aneng kene sedheng dohe ri mas
iya lawan ing kadhaton
kang riya aturipun
inggih kula kantun ing riki
kang raka malih nebda
sira karya tunggu
sun arsa malbeng nagara
tur uninga kang rayi mituhu ing ngling
kantun lan Umarmaya //

6. Lampahnya kang pra putra tri laris
lajeng jujug dhateng kapatihan
dipatyarsa wangwang saos
yun atur wrin sang prabu
nateng Yaman ingkang ngrenggani
jujuluk raja Kopah
Prawireng apupuh
lagya miyos sinewaka
pepak sagung para satriya dipati
punggawa hulubalang //

7. Nata pinrak dhampar kancana di
amakutha buka sri markata
ngajrihi tulya godhege
pan wus kapara sepuh
yoswa pitung dasastha mangkin
prandene maksih kuwat
ngandika sang prabu
andangu maring ki patya

heh ya Arsad dene lawas sun anteni
gonira tata-tata //

8. Upekti kang katur ring Madayin
rekyana patih matur wotsekar
dewaji kang kawulantos
inggih upektinipun
un patinggi dhusun ing Ngarbi
punika jangkepira
inggih petangipun
nging samangke daweg prapta
anakipun patinggi Mekah pribadi
kang ngirid bulu pektya //

9. Den antun wonten saketheng kori
nata malih ngandika mring patya
ing samengko karsaningong
upekti mring Madayun
iku arsa ingsun wuwuhi
supaya ingwang tandha
mungguh suyudingsun
awit wedi banget ingwang
yen ginalih mirong wani mring
Madayin
jer Betal Jemur ingkang //

10. Bisa gawe sandi mametangi
iku wong santri tan patut pisan
kalamun rinaketake
nuli keh uninipun
jare sangang nagri kang wani
amungkar parentahan
ning nateng Madayun
sun kene katut kawilang
nagri sanga lah mara patih den aglis
sira kona amapag //

11. Gya anuduh tumenggung Andali
kliwoning patih lengser sing ngarsa
mentar mring lawang seketheng
kinanthen pra mantra gung
sikep jagul wus den bektani
ingkang pancen angrembat
kyan Dali lumaju
lan katri pra putra Ngarab
kawarnaa kang kantun sekheteng
kori
sang Amir lan Marmaya //

12. Radyan kalih samya gunem pikir
Umarmaya nglinge eman-eman
donya akehe semene
diwenehke mring ratu
ratu mono arak wis sugih
kang rayi angandika
kakang yen ko rembug
becik padha kinukuhan
Marmaya ngling ya yo Kamzah den
kukuhi
Marmaya dan parentah //

13. Mring sikep jagul ken numpuk sami
dunya arta dadi rong panggonan
Guritwesi tarekahe
lalerong kunir angus
sariranya den corang-caring
sadaya binacingah
asusumping pupus
kembang teleng kamarogan
sikepira sadaya kinen sumingkir
dyan kalih wangwang lenggah //

14. Neng tumpukaning donya ni jeni
tan adangu kyan Dali praptanya
kori seketheng dupyanon
kagyat denira dulu
maring radyan kalih kang linggih
neng tumpukaning arta
kang sawiji bagus
sajuga lir brekasakan
dumadyalon lingnya tumenggung
Andali
heh ja neng kono sira //

15. Iku brana kagungan sang Ngaji
arsa sun gawa malebeng kutha

lah wong apa sira dene
padha wani alungguh
Umarmaya tan angling naming
mantheleng lan lalewa
gila sakeh dulu
myat palethesing padharan
umarmaya sarywa calumak-calumik
manthuk-manthuk cap kecap //

16. Ki Andali nulya nabda malih
papantese kaya dudu jalma
layak jeneng hantu kae
heh mara kanca batur
sisinggaha dimen si belis
minggat ja salah karya
dadak nyaru wuwus
alungguh tumpukan brana
dan sinurak mring sangung para
prajurit
na ngaagagi sanjata //

17. Warna warna pangucaping jalmi
heh gus kenthol hantu ge minggata
aja wuruk sudi gawe
weneh ana wong muwus
kumedahe dipun wedeni
tan bisa asisinggah
mung sawetu-wetu
mangkana pangucapira
ilir-ilir ya tandure wong sumilir
kaya panganten anyar //

18. Ijo royo royo amanglingi
bocah angon lah sira peneka
iya wit balimbing kuwe
arep ginawe masuh
dodotira bathik kumitir
kang bedhah pinggirira
jarumaten iku
mengko sore gawe seba
mumpung gedhe rembulan
kalanganing
jembar asurak-surak //

19. Keh gumuyu rowang anangling
de teka kaya bocah dolanan
kang gawe ni thowang kae
kang sinungling amuwus
jare iku donga jalegi
saya agumyak-gumyak
Marmaya thuk manthuk
macucu akikinceran
paperotan melet-melet lan
mundelik
ki Andali manabda //

20. Heh ya hantu lungaa den anglis
iku donya kagungan sang nata
iya bulu kektining wong
Mekah arsa ngong usung
hantu Umarmaya nauri
cobak rika usunga
tak cukup bunamu
kajaba yen sun wis sirna
sakarepmu yun angusung brana iki
kyan Dali sru bramantya //

21. Ngling heh kanca rampongen den
aglis
sudi gawe hantu si keparat
gya tumandang sakehing wong
angrubut paser busur
lan bangkolang tulup myang
lembing
weneh mung lan babalang
dhawahnya lir jiwuh
saksana dyan Pakuwaja
nyumet sorotira pring selonjor isi
obat sinumet mubyar //

22. Sumarambah yayah udan api
den bat-abitken sangsaya mubyar
wong Ngyaman akeh kang kobong
dandanane barundhul
palayune aniba tangi
gululungan neng lemah
lyan rambute murub

tinabokan kancanira
weneh ana rowange kang nguyeg
wedhi
klilipen dadya picak //

23. Ana wong Ngyaman sawiji
kathoke kobong mlayu kitrang
kitrang
sarwi nguculi kolore
ulup tinali wangsul
alingseti suwe tan keni
polahe tan karuwan
dadyabuh ting plempuh
awakke abubak bunyak
kancanira kang rada sanak nangisi
nahan prajurit Yaman //

## PUPUH XLVIII

Pangkur = 19 pada

1. Marmaya lir ngundang sata
datan pegat ngobat-abitken api
wong Yaman ambyar keh limpus
ki Andali dupi myat
gya marpeki ayun anirnaken hantu
dan radyan Kamzah mardana
pinedhang yeka Andali //

2. Murda pegat kapisanan
wong ing Yaman sakarine kang mati
lumayu tur wrin sang prabu
purwa prapteng wasana
sapejahnya kyan Dali wadya keh
lampus
sang nata langkung bramantya
ngandika mring kyan patih //

3. Heh patih Arsad budhalna
wadya kabeh ingsun tindak pribadi
sang nata sigra ken mundhut
titihannya dwipangga
pinalanan abra mubyar sri dinulu
kadyastu andaru sasra
wadya nung anung mangapit //

4. Nata sru duka wawinga
wadyanira sinreg ageya prapti
ing saketheng gyaning ngantu
sang nata munggeng ngarsa
tinub mantri pikandeling prang
angepung
kanan-kening wuri ngarsa
kawarna pra putra Ngarbi //

5. Ngabdullah Buntalib Ngabas.
wau lampahira sareng kyan Dali
duk meh prapteng parnahipun
ugyaning baranarta
tinumpuk dadya dwi sami karya
lungguh
lang kang rayi bagendha Kamzah
dadya nyalimpet langkung jrih //

6. Tan pegat gonjing mustaka
dyan Ngabdullah nangling mring ri
Buntalib
yayi para ki rembugmu
polahane Marmaya
wurung dalan sira kene bilahiku
dyan Ngabas alon turira
gih samya srah ing hyang Widi //

7. Ngandika malih kang raka
iya yayi wekasaning pamikir
kang kaya ujarmu mau
rriku raden Ngabdullah

andharindhil amaos istigfaripun
ngiling mengko wuwuh sang nata
arsa nidaki pribadi //

8. Kering wong sanagri Yaman
lah kepriye adhiku rere kalih
den byuk wadya pirang ewu
nadyan otota kawat
balung wesi sungsuma parunggu remuk
dyan Ngabas malih turira
kakang mas kadosa pundi //

9. Tutulungnya tiyang tiga
gendra pinten pindho papa tan odhil
gih mung atur amba wau
kadar kuwating titah
sinten ingkang akarya gesang lan lampus
pan namung kang maha mulya
asipat samingun basir //

10. Dyan Ngabdullah angandika
yayi iya ujarira tan sisip
nanging rembug ingsun iku
iktiyar mung mrih mayar
arinira sarana nganggo pitulung
ayo angobangi wisma
jroning kutha kang supadi //

11. Kerona kang wadya bala
radyan Abuntalib Ngabas ngrembangi
wangwang wisma jro kitha wus
laleburan ingobar
pra prajurit kang dherek tindak sang prabu
dupi wruh obong-obongan
parnahe jroning nagari //

12. Dadya anglolosi samya
kathah bali mulih mring jro ning nagri
tan pamit ing lurahipun
mawarna sasambatnya
dhuh anakku sapa kang momong ka mau
weneh anyambat bojonya
bok bojo ka mau lagi //

13. Menyang pasar durung teka
weneh angling sapa nuntun si nini
saweneh anyambat putu
na nyambat kaponakan
anak kepenakane ingkang den wuwus
jeng nganten kepriye dika
wajikan aku kalethik //

14. Sapa dununging pandulyan
angatoni eseme den crit-incrit
lalamatan pupur mawung
cundhuk kembang cepaka
boreh tari dhuh dhuh adhuh priye aku
aku yen pisah lan dika
baya edan turut margi //

15. Sarywa ngura-ura sora
aninung aninong anunaning
aninong aning ananung
padha akukumpulan
lan kancane gumrubyung bareng lumayu
bingung atunjang-tununjang
solahe awarni-warni //

16. Ambyar buyar wadya Ngyaman
bingungira sangking brubuhing geni
keh ninggal bandaranipun
ampilane ginawa
bandarane anututi celak celuk
malah saya mlayu ngindhar
kan bandarane tan bali //

17. Kedhik karine wong Yaman
ingkang maksih dherek sri nara pati
mung ingkang para pangayun
wong kang kawratan dana
wardyeng kararas ika tustrah tus trubus

myang sagung para nayaka
tan adangu sampun prapti //

18. Ing seketheng sri narendra
duk tumingal tandyarsa mamrep
jurit
amelak dipangganipun
tandya wonten sajuga
putra tawan kang sagah mejahi
hantu
yen kawula dereng pejah
sampun age mangsah jurit //

19. Saksana sigra umangsah
Umarmaya sampun prayitneng
gati
amasang sasorotipun
putra tawan katrajang
ing sasorot katenggel geseng wus
lampus
sang nata antya kurdanya
mangsah tan nedya ngunduri //

## PUPUH XLIX

**Durna = 28 pada**

1. Ri sang Amir dan anitih kudanira
methukaken sang aji
narendra ing Yaman
sira sang raja Kopah
dukannya yayah sinipi
sang kalih wangwang
panggya pagut pangeksi //

2. Raja Kopah lawan sang
Ngabdulatmaja
sang nata nagling bengis
pa iki rupanya
ring kang ngukuhi brana
jaren siji hantu geni
lah apa karya
ngukuhi bulu bekti //

3. Ge lungaa aja sok asalah karya
yen tan lunga bilahi
wruhanta gadengwang
iki pusaka Ngyaman
pangrurah sakeh dhadhemit
wis kanggo munah
hantu sawidak siji //

4. Ngabdulputra alon denira
ngandika
wruhanira sang aji
dudu hantu ingwang
yekti sun putreng Mekah
lah karane sunkukuhi
raja braneman
kaduwe ing wong kapir //

5. Heh sang nata manuta
agamaningwang
ngucap kalimah kalih
ya ashadu anla
laillaha illallah
wa ashadu an Ibrahim
ya kalillallah
yen wus sira nglakoni //

6. Manjing Islam ing tembe antuk
suwarga
agamanira kapir
iku panasaran
tembe cinadhang nraka
sang nata manangling bengis

naro kayaa
naking patinggi Ngarbi //

7. Dene teka kumadi kadi diguna
lumaku den wedeni
kumedhep kedhepa
lumaku ginuguwa
wong nora anoleh dhiri
datan pangrasa
cacedhis nak wong Ngarbi //

8. Lamun kena sira bagus ingsung
eman
dene rupamu sigit angur ngawulaa
ingsun kasihi sira
tak gawe lurah wong miji
bocan daleman
wenang saba jro puri //

9. Manggung lan badhayaku pilihana
wong wis tuwa ku iki
ngraketaken sira
dimen atiku girang
ngandika sang jayeng jurit
sun nora sotah
balik sira sang aji //

10. Ingsun eman aja kudyaparibawa
wong wis tuwa kowe ki
pan wis sedhengira
eling maring pangeran
aja anekadi kapir
yen tan nut sira
ngendi gonmu sun wani //

11. Raja Kopah duk myarsa antya
bramantya
lumuh ginawe becik
nak patinggi Mekah
coba kene gadaa
kaya pa enggonmu gitik
risang ngandika
sun tan watak dhimini //

12. Balik sira dhisik gadaa maring wang
kene ingsun tadhahi
sang nata sru nebda
dene anggenjah lara
ngemping pati bosen urip
ya tadhahana
radyan dan kudhung paris //

13. Raja Kopah sarosa angangkat gada
pinupuhaken aglis
jumebret swaranya
kadi glap sewu ngampar
astane ring sang tan osik
nata sru nabda
lah ajur sira Amir //

14. Nora mindho iya ing
panggadaningwang
nangling sang Ngabdulsiwi
heh sira sang nata
tan bisa mateni wang
mung pangeran kang sajati
iku kuwasa
agawe pati urip //

15. Sira iku maksih padhaning kamula
nata gawok dadya ngling
Kamzah sira nyata
luwih sangking prawira
sun sengguh wis awor siti
mara malesa
kene ingsun tadhahi //

16. Heh sang nata lumaku sun wales sira
lah iya deng ngatyati
nata wus prayitna
kudhung parise waja
sang suryeng laga ngayati
pun samadiman
sumiyut tibeng paris //

17. Parisira sang nata sigar marapat
nratas kumbaning ngesthi
ambruk kapisanan

utek wutah nyamburat
sang nata tiba ing siti
sang Jayengrana
gupuh nyikep sang aji //

18. Den kepithing sang nata larut bayunya
kalamun den kencengi
tan bisa ambekkan
sang nata tobat tobat
trangginas sang Guritwesi
naleni boja
nira sri narapati //

19. Marmaya ngling mring ari ngatasing karsa
punapa den pateni
mawon wong pun tuwa
tan nganggo mikir pisan
celimute tan mareni
dosane iya
sok ambedhogi pitik //

20. Pitikku entek anake sangalas
nganti destun mung kari
telu lan nembelas
gumuyu kang miyarsa
panebdane Guritwesi
sang raja Kopah
dahat maras ningali //

21. Guritwesi ginawe-gawe solahnya
sarwi abriga brigi
angunus kulewang
sang nata wuwuh maras
angrasa tan darbe urip
sang Amir nabda
kakang tarinen dhimin //

22. Apa kudu urip apa laur lina
lamun anjaluk urip
kon amanjing Islam
gya nangling Pakuwaja
apa sira plaur mati
yen kudu lina
kene ta tak kebiri //

23. Lamun sira plaur urip
ya prayoga
ya tak kalungi bodhik
raja Kopah nabda
guririh asasambat
sarywa smu guyu miyarsi
nglinge Marmaya
iku endi kang urip //

24. Den kebiri lawan den kalungi gobang
nora na kang pinilih
gumuyu kang myarsa
Marmaya saya ndadra
gecule nora mareni
sang raja Kopah
dan binekem sathithik //

25. Gabar gaber ngling bagus sun uripana
iya kadhaton mami
sun pasrahken sira
saisine pisan
lawan aku uwis mari
ing ramanira
anjaluk bulu pekti //

26. Ing samengko bagus sun teluk mring sira
ri sang ngandika aris
sang nata sun trima
nging salina agama
sarengat Nabi Ibrahim
wusnya angucap
sahdat dan den uculi //

27. Atur sembah sang nata mangaras pada
maring sang Jayengjurit
radyan Pakuwaja
angeplek pasujudan

sang nata sigra ngabekti
mring Umarmaya
daruna Radyan Amir //

28. Kang majarken kalamun
sadherekira
nata ciptaning galih
iki basakena
gusti dadi kawula
kawulane dadi gusti
turnya sang nata
sarywa angucap weni //

## PUPUH L

Sinom = 22 pada

1. Yen suwawi lawan karsa
paduka angger jeng gusti
aleheng yogi lajenga
kondur mring Yaman nagari
atas tuwan kang wajib
darbeni sadayanipun
samantar sining pura
amba mung darmi nenggani
adyan Antya suka myarsa turing
nata //

2. Nulya ngling paman sun trima
atur setyanta ring mami
mung winales hyang Suksma
de ciptanira ywa watir
nagara Ngyaman iki
kita tulisa amengku
muhung pamintaningwang
kabeh kene jajahaning
den warata anandhang agama
Islam //

3. Sang nata matur sandika
kyahi patih Arsad prapti
angiying wadya ing Yaman
ing nguni kang samya bali
ki patih kang ngimpuni
sang Jayengprang wangwang dahut
harsa laju mring kutha
dene harta bulu bakti
sangking Mekah wus ngusungan
manjing kutha //

4. Andungkap ing kitha tandya
pinethuk kang raka katri
tan nyana yen maksih arja
dyan Kamzah rinangkul aglis
kang rayi pajar nuli
ing purwa wusana putus
samya marwata suta
cipta pangwasaning wadi
ingkang paring kamulyan yuwanar
jannya //

5. Sayekti pilih tandhingnya
sapa siniyaning widi
mangkana dupi rawuhnya
ing ngalun alun ningali
akuwon angubengi
tirah lun alun masukup
ri sang lon pandangunya
paman ki wisma punapi
aja Kapah turira sarywa pranata //

6. Gusti nagari ing Yaman
katamuwan para aji
menggah parlunya anglamar
ing anak kawula estri
sajuga soring warni
amba tantun meksa lumuh
yen nambutna ngakrama
kedah karya pasang giri
mendhenipun kawularsa
ngaturena //

7. Bulopekti dhateng Mangdyan
ri sang angandika aris
paran kang dadi ubaya
nateng Yaman matur aris
gusti awarni singsim
ginantung madyeng lun alun
parnah ing wringin jajar
sinten waged anjemparing
angleresi manjing kolonging
kalpika //

8. Punika kang angsal karya
ri sang angandika aris
paman para tutugena
manira ngiras yun uning
nateng Yaman wot sari
samangkana sang wiranung
rawuh ing siti bentar
saksana tedhak sing wajik
sang wiradya lajeng umanjing
mring pura //

9. Lan sagung kang para kadang
sapraptanireng jro puri
anulya sang prameswara
lawan putra sang dyah dewi
kinen samya ngabekti
dening sang sudarma prabu
sang juwita smu merang
nging kapeksa jrih sudarmi
panduk liring sang retna lan sang
Jayengprang //

10. Lir gedhah anrang kumlasa
suh rempuh tyasnya sang dewi
cipteng tyas tan paja muga
tumingal sang siwiradi
cipta di raseng galih
ya dhuh paran polah ingsun
yen nora kalakona nyethi
mring wong agung Ngarbi
nanging semu kaduli-duli
angkuhnya //

11. Sang dyah kagagas ing manah
dhasar sedhengnya birahi
warnanya anrang sesongka
tingalnya jahitya lindri
tuhu sang dyah yu luwih
pasariranira rurus
rarase mental mental
lir lawung kinarya main
mung cacade lantap smu purun
ing priya //

12. Ri wusnya samya ngabektya
sang Jayengprang namun liring
nempal sabda mring sang nata
prameswari manjing puri
lan sang retnaning putri
saundurira tas ngujung
pangudasmaranira
dhuh lahe lalancur Ngarbi
hancur gedhah bisa agawe
pangrasa //

13. Warastra munggeng sanjata.
angkuhe kalengki lengki
kukus gunung apakena
wadung pari nom wong sigit
ping pira putra Ngarbi
nganiaya gayung sumur
yen anaa kang nimba
supaya kepati pati
puspita bra ing dawang dene
kalintang //

14. Ron pinge ing wana wasa
priya nono awak mami
wader gung mindha sasaga
gagala pangarah mami
cengkir wulung wong dhandhing
jala gung ing samodra gung
miwal karang kadika
karangeyan munggeng tegil
iler ijo ingsun anti kenthang-
kenthang //

15. Balimbing mindha widara
mung dika careming ati
kembang biru putra Mekah
kemangi reng sun arani
mung dika telenging sih
nahen sang retna sru gandrung
penuh kang ngupa baoga
sang putra ngandika aris
paman ulun ayun neng taman
kewala //

16. Sang nata jumurung karsa
sadaya pra putra Ngarbi
masanggrahane sowang sowang
risang neng Yaman nagari
nahan mangke winarni
Dyan Maktal sapraptanipun
nenggih nagari Ngalab
sudarmendra angemasi
sakamantyan pangungunira Dyan
Maktal //

17. Pinupus takdiring suksma
Dyan Maktal wangwang ngundangi
jajahan bawahing Ngalab
kinen asalin agami
sadaya wus waradin
samya angucap ashadu
myang nagri kering kanan
ingkang kadugi ginitik
pinrih Islam akeh ratu keh
kabawah //

18. Wus lami antara nira
Dyan Maktal enget ing waling
kinen anusul mring Yaman
sigra angundangi dasih
sumektastra swandani
tan antara wangwang dahut
myang satelukanira
binekta tan na kari
wadyeng Ngalab sawatara kang
tinilar //

19. Anengga nagarinira
nahan Dyan Maktal wus prapti
tepis wiring prajeng Yaman
wus atas kang pamiyarsi
lamun sang Siwiradi
neng taman pakuwonipun
a ta ki patih Arsad
duk tampi pratelan sangking
juru langlang yen wonten damel
prapta //

20. Langkung kathah prajuritnya
sangking ing pawarti angin
dadamel sing prajeng Ngalab
nedya nglalangan don jurit
patih matur sang aji
sang nata andikanipun
sira ge sadhiyaa
sakapraboning ngajurit
ewuh aya mengko sun atur
uninga //

21. Ing gusti kangjeng sang putra
wangwang mring taman sang aji
atur mring Rahadyan Kamzah
saksana ngandika aris
paman ja salah dalih
apan iku kadang ingsun
sira duta amapag
paringena layang mami
nateng Yaman menembah matur
sandika //

22. Saksana lengser sing ngarsa
dan nuduh pikandel wajir
amaringaken nawala
gurawalan sampun prapti
panggih Dyan Maktal nuli
srat sinung sinuksmeng kalbu
dahat marwata suta
Dyan Maktal sigra ngundhangi
wadya sumrèk lumarug malbeng
nagara //

## PUPUH LI

**Kinanthi = 35 pada**

1. Kakanthen wong kang dudulu
pangucape warni-warni
gawokaning wong agesang
ang anyar katon kapyarsi
tan kena kudu den ucap
wong wadon deleng ajabing //

2. Na tudang tuding thuk manthuuk
gedhek gedhek lyan bibisik
ana mlongo tanpa ngucap
cangkem bek laler tan mikir
ana kang ngucap mangkena
hee hee ika becik //

3. Hee ika dene bagus
hee ika anjelanthir
ingkang anggawa gendra
kuneng pangucaping jalmi
Dyan Maktal ri wusnya prapta
taman sumesep mangarsi //

4. Lampahnya angembat lambung
cingak sagung kang ningali
pawastri samya la ela
wekasan ana kang angling
dhuh lahe dene meh kembar
lan gusti kang rawuh dhimin //

5. Baya dhik sadherekipun
mung kacek lantap lan lungit
satriya iki alantap
nanging respati ing budi
gusti putra Puseralam
sambada miguna lungit //

6. Lalungidane miluhur
luhuring watak martani
martani ring punggung mudha
ana rowange nambungi
dhuh bok ayu dene rika
bisa ngling lukita manis //

7. Baya si kakang somahmu
ceraki ing purwa kanthi
kang liningan sabdanira
pa pincang bae tan uning
si kakang iku kajaba
nguni wakmu bapa mami //

8. Ingsun eling duk rumuhun
iku dadi pasindhen ing
kene jeng sinuwun Yaman
ngong rada nyathet sathithik
awit aku sring winulang
akangmu mono wong tani //

9. Kajaba rika kalamun
mring kakangmu takon babing
ala beciking plemahan
lan wiji apa kang dadi
lan larang murahing udan
destun mung iku kang ngerti //

10. Kuneng wadon ucapipun
tinelasna dadangoni
Dyan Maktal wus wasmeng ngarsa
ingawe nulya ngabekti
tuwin mring sagung pra kadang
miwah mring Dyan Guritwesi //

11. Dyan Maktal saksana matur
ing purwa wasana titi
myang sedanira kang rama
ngandika sang Jayengjurit
yayi maktal sun tarima
de samengko karsa mami //

12. Satinggale sudarmamu
kita sumilihing aji
amengku nagara Ngalab
aja na owah lir nguni
ajenenga mraja Maktal
wot sari sang sinungan sih //

13. Gya bojana dhahar kembul
nateng Yaman antya dening
suhut bekti sumawita
pamulet Pamlutaningsih
ring sang siniwi ing Yaman
nahan wus makuwon sami //

14. Wus antuk dwi dasa dalu
neng Yaman sang retneng jurit
nateng Yaman ciptaning tyas
sayembaranya ing nguni
lir nganti ati pamrihnya
kinarsakna kang putrestri //

15. Ring sang pramudayeng pupuh
resep tyas myat ringsang pekik
suwarna bagus sambada
sudibya prawireng jurit
tita tan ana karsanya
luwih sang retnaning putri //

16. Saundurira tas ngujung
kagagas asmara brangti
jiwantya nglong tanu raras
kusuma retna murdasih
ajin dhahar cegah nendra
wibuh warna yu nglalentrih //

17. Dahat mangudasmareng kung
kongkalan jiwa wiyadi
sang dyah warnanira yayah
pradapa kapasweng riris
masambat daleming nala
dhuh kusuma Puserbumi //

18. Bisa gawe lara gandrung
leng ing nguni ywa udani
mangkene rasaning manah
apa ta uwis sayekti
tan ngarsakna ing rageng wang
dhuh pangeranku wong sigit //

19. Sumangkeyan wong abagus
angkuhe kaya guprenir
sang retna nglilipur brongta
lengleng langut sru kalingling nala
mung sang pramudyeng ngajurit //

20. Lir kujana papa gandrung
ginandrung lamlam oneng sih
mladati wigenasmara
sang dyah kulineng pi jani
sarywa rimong kasumekan
neng sela sayana kuning //

21. Padane kinum ing ranu
wadana manglung ing warih
muryani sri natanira
pada tan patya piningit
Dyah Murdasih tan sangsaya
lipura malah ngranuhi //

22. Nging tan kawadakeng tutuk
waweka wadining surti
subasitaning wanita
embane wlas aningali
mring gusti kujanasmara
mangangen angen ing ati //

23. Ya dhuh gusti bandaraku
sangkaning timur sun mongi
wus diwasa ngrujit nala
paran pundi gening abdi
mangkya sepining parekan
kang marak mung ban pribadi //

24. Sang retna ngandika arum
biyung apa sira bangkit
angeker wawadiningwang
ja corah maring lyan jalmi
sedene mring ibu rama
bok emban matur wotsari //

25. Ya dhuh gusti bandaraku
kapanggih pinten prakawis
timur milamba dadama
diwasa angrujit galih
kula tan saged tumingal
yen sageda ingkang abdi //

26. Ngupados usadanipun
sang dyah lejar ingkang galih
dan ban dinuta mring taman
mareng sang aneng ngudyani
angaturaken gandawida
lawan angaturken singsim //

27. Saniskarene kang tembung
ature wus winaweling
lampah sisinglon neng marga
wus prapta ing tamansari
bok emban wangwang umarak
ature sarywa wotsari //

28. Kawula gusti ingutus
ing rayi dalem sang suji
angaturaken bekti nira
katur ing paduka gusti
kaping kalihe rayinta
ngaturaken agemnya singsim //

29. Sanget ing panuwunipun
rayinta gusti sang suji
singsim mugi kaagema
lan wawelingipun malih
paduka gusti ngarsakna
ing rayi dalem sang dewi //

30. Lan amba kinen angatur
raken warni jebat wangi
tuwin sari gondawida
risang mangandika manis
ya nyai sira matura
mring gustimu yayi, dewi //

31. Sakehne kirime mring sun
banget anarimengsih
sang putra ywa kaduk tompa
iku kalpika retnadi
turna maneh mring sang retna
kadar apa sun wong santri //

32. Asthi padha ginuyu
amung iku wekas mami
sanak ya dadiya sanak
ing donya tumekeng nakir
krama ingsun durung pisan
angrasaa arep rabi //

33. Gondawida puspita rum
ya nyai ingsun tampani
wangsulanaku tarima
bok emban umatur malih
welingipun rayi tuwan
tan darbe tingal kakalih //

34. Samangke dahat mlas ayun
tan antuk dhahar myang guling
mung paduka den arsarsa
wontena karsa jeng gusti
amundut ing rama tuwan
dewaji Yaman ing riki //

35. Risang malih ngandika rum
sun tan duwe ujar kalih
nyai wuruk nuruk sira
den bisa sira maripih
uwis ta sira baliya
alam ingsun mring ri dewi //

## PUPUH LII

**Asmarandhana = 22 pada**

1. Ni emban ing tyas sru kingkin
de lampahnya tanpa karya
sru welas ing mongmongane
denyanggung nadhang kung rimang
kawarna sang juwita
kang andon kulineng langun
ning pijana kenakar ja //

2. Ngudang yun angrenteng galih
sang dyah dahat ngarsa-arsa
lampahnya emban kang konon
marek maring kang neng taman
tan dangu maban praptanya
niskaranira wus katur
sang dyah anulya kantaka //

3. Ni emban anjerit nangisi
gumrah kang cethi parekan
katur ibu myang sang katong
sakala ing tyas sru tikbra
sang dyah nglilir mangesah
saksana emban dinangu
kang dadya sumarmanira //

4. Gerahira sang dyah dewi
ni emban ajrih waleha
sinasaban panamune
nanging sang nata wis wikan
smu lalejeming putra
sinamun tyas kadi tar wruh
nging dahat merang ing driya //

5. Nahan duk ing sajuga ri
ubayaning sayambara
anuju ing ari Isnen
pepakan sagung pra raja
dipatya kang samyarsa
andadegi aprang buruh
gantungan putri kang menang //

6. Sayumbaranira nenggih
apan awarni kalpika
ginantung munggeng madyane
wringin kurung ingkan wigya
manah malbeng kolongnya
tan pilih wong yekti iku
jatukrameng putri Yaman //

7. Duk samono ponang singsim
wus ginantung aneng tawang
madyaning kang wringin roro
dyah prameswari niningal
lawan sang dyah juwita
sami aneng wisma panggung
tinon sing jawi asamar //

8. Rinarengga tulya asri
gredinya diwongga repta
myang ginubah cindhe ijo
sang Jayengprang gih tumingal
lenggah neng siti bentar
sang kadang Ngarab sudarum
sang nata neng pagelaran //

9. Tengara munggang dan muni
sak seg neseg wong niningal
myarsa asranging kang rojeh
gongnya barung ajeguran
girang sagung pra raja
mawarna sumbaganipun
jor jinoran umuk mubag //

10. Umbage mentarken wani
na mentarken sugihira
myang mentarken kagunane
solah sajake mawarna
sagung kang para raja
apan padha pamrihipun
kang mangkana mrih kedhepa //

11. Padhaning jalma ya urip
anak lenyek denya nginang
nesep susur moco moco
myang na neceg rokokira
na ngemek kerikernya
weneh gebeg wrangkanipun
klambine laken sinikat //

12. Ing batin mung mrih den pilih
awit wonten ratu mangsah
nenggih ing Maskat nagrine
anama raja Kulikat
gumret menthang gandhewa
lumepas jemparingipun
pangrasa uga ya kena //

13. Ananging elete tebih
wong Yaman gumarah suraknya
sri Maskat mundur celelek
nateng Juldah sang Julmiyah
gantya ngering gandhewa
munya seseg kala ganjur
gumeret panah lumepas //

14. Adoh tan paja gepoki
wadya Yaman ger suraknya
lir lindu bumi gumenjot
umangsah raja Kudedah
nama raja Hurdiyah
miling miling denya maju
angapti pamawasira //

15. Lumepas panah sumripit
antara kurang secengkang
bungah ngrasa antuk gawe
dupi kalpika tan obah
mundur palenggong gela
nateng Sitibarjah mangsuh
mangaran sang sri Burijah //

16. Dangu denya mrih pakolih
tekang sawara lumepas
gumeret adoh tibane
gumerah ingkang anyurak
nateng Makirbi mangsah
mangran risang sri Mangkarub
jemparingnya tanpa guna //

17. Mangsah nateng Malidati
anama raja Maldiyah
lan nateng Kubsah sarenge
anama Kubsani raja
luhya raja Luyarah
tan na migunani sagung
nateng Ngabing sang sri Ngabdar //

18. Pratemeng ulah jemparing
duk ngering gandhewanira
maju sarywa noleh noleh
ngumbar nges maring panggungan
gumret panah lumepas
wadyane surak gumuruh
panah anyrempet kalpika //

19. Sru girang panggung liniring
sirah tinabok priyongga
begja si bapa anake
sida mondhong putri Ngyaman
wong ayu danar danar
lengkung lengkang gandrung gandru
dhuh ngger suwawi tedhaka //

20. Apa wis tak punageni
yen ngong sida oleh karya
wong ayu sun pondhong nyemot
raja Ngabdar sukanira
mendhapan tatayungan
sang retno ewa andulu
pan mangkana ciptanira //

21. Iki apa ratu baring
lumaku den dhemenana
apa kaya pangarsane
kaya lalancuring Ngarab
dyah tedhak sing panggungan
ingiring pawonganipun
nateng Ngabdar dupi celak //

22. 'Arsa mondhong mring sang putri
tanganira tinanggapan
saksana kinipatake
sri Ngabin tiba dhadhangkak
nora bisa gulawat
suraking wadya gumuruh
kadi ta mehesa wiyat //

## PUPUH LIII

**Kinanthi = 22 pada**

1. Dyan Murdasih ciptanipun
sriking tyas denya tinampik
mring satriya Puseralam
dadyarsa mentarken dekti
kacarita sang kusuma
pan darbyaji braja musthi //

2. Nadyan dipongga jinunjung
binuncangken mring wiyati
kongsi mung katon sakaga
lamat lamat sing pratiwi
murdeng liman kapisanan
sinupit lawan dariji //

3. Yen winatek ajinipun
kadiranira sang putri
tuhu lamun tanpa lawan
nahan ingkang para aji
mangkya raja ing Ngabesah
umangsah menthang jemparing //

4. Lumepas singsim katuju
malebeng bolonganing singsim
raja Tohara magirang
gya panggungan den parpeki
sabdanya ngungrum ngungudang
dhuh gustiku wong acethi //

5. Cehti cuwiri apatut
patute maringsun asih
sihira kang sun arsarsa
ngarsa arsa ing wong manis
manise pamanisan
sapisan numegi ati //

6. Boreh boreh ana ingsun
longan longan ana gusti
ger engger kembang kananga
wangine karaseng ati
ngger tumuruna sun emban
sang retna kalangkung runtik //

7. Gya tumedhak sangking panggung
sarwi nompa burat wangi
raja Tohhara ciptanya
kadyestu arsa ngonyohi
raja Tohara cinandhak
binuncang maring wiyati //

8. Sakala wus tan kadulu
Dyan Kamzah duk myat sru runtik
ngandika mring Tambakyuda
banget salahe sang ptri
wong agawe sayumbara
ana ingkang amungkasi

9. Munduran teka tan ayun
ngandika sang Guritwesi
sajatine putri Ngyaman
sira ingkang den senengi
bok ya lowung eman eman
iku karsakna pribadi //

10. Dene ayu gandrung gandrung
nora kuciwa kang warni
kang rayi smu sreng ngandika
nanging tan tumekeng galih
kakang nadyan sun rabiya
putri kang jetmikeng budi //

11. Watake kang bangun turut
ngling malih sang Guritwesi
iya ta mongsa bodhowa
wong aku baya nglakoni
amung mene sira arsa
owel dene putri aji //

12. Ewa samono ta embuh
kowe wong dhasare apik
ora arep sok putriya
tan kena mung wong sathithik
kang rayi malih ngandika
maring raka Guritwesi //

13. Kang sun welas mring ratu
mau kang oleh ing kardi
amesthi ika parastra
yen ngantiya tibeng siti
wong wadon teka gumuna
angungasaken kasektin //

14. Wong wadon sasektinipun
mongsa dadak angungkuli
marang kasektening priya
sanadyan luwih lir kuwi
lamun meksih Jayengrana
mesthi lamun nora keni //

15. Anganggo sakarepipun
ya rasakna sun malesi
gya tedhak marpeki sang dyah
katambuhan tan udani
gya binuncang mring ngawiyat
raja Kopah duk udani.

16. Ngrangkul padeng sang wiranung
aturnya angasih asih
gusti nunuwun kawula
gesangira pun Murdasih
yen dhawah saestu pejah
de sutamba mung satunggil //

17. Gih pun Murdasih puniku
sisiku lepating patik
langkung pamengku paduka
sewu minta pangaksami
sru dera mangayalepa
ri sang welas aningali //

18. Ring pamintanya sang prabu
Ngyaman raja Kopah kyati
ngandika sor guladrawa
sang putra maring sang aji
paman ywa maras tyasira
sutanta nora ngemasi //

19. Mung dimen supayanipun
angrasaa lamun sisip
gone cidra ing ubaya
dene karya pasang giri
ana ingkang oleh karya
munduran teka tinampik //

20. Dupi myarsa sang aprabu
andikaning sang wiradi
trep ing tyas dan sang Tohara
dhawah sinonggasta kering
ririh sineleh ing kisma
rumongsa yen darbe urip //

21. Tan sari gya ngaras suku
lebu padeng mangusapi
tan antara sang dyah dhawah
tuna dungkap ing panyanggi
wangkingan ing nginggil ira
pocang neng jaja sang Amir //

22. Saksana tinunggul tunggul
pembayun kedhik kapidih
ingasta sang Jayengrana
sang dyah sinelehken ririh
Dan Kentar tilar asmara
kondur dhateng kenya puri //

## PUPUH LIV

**Sinom = 16 pada**

1. Lir wimudha sang Tohara
turira angasih asih
gusti pun dasih kabdekna
anjalmaa ping sakethi
datan nedya gumingsir
kumedah pun dasih mangsul
sih dalem kang dhumawah
de amba pinaring urip
angandika manis sang putra
wisesa //

2. Ya Tohara sun tarima
ananging panjaluk mami
salina agama Islam
sawadyanira ywa kari
sandika sang sinung ling
dan gucap klimah ashadu
myang sagung kang pra raja
kumacelu samya ngabdi
katarik sing patrapnya sang
Ngabdulputra //

3. Sang Jayengrana ngadhatyan
kawarna sang dyah Murdasih
sakondurnya sing niningal
kagagas daleming galih
lir winangun kang brangti
satriya kang gawe wuyung
dhuh lalancuring Ngarab
kari gandane wong sigit
neng bangkekan dene banget
kaniaya //

4. Nahan sang dyah kang geng brongta
ri sang rawuh dalem puri
ngandika mring nateng Yaman
paman prabu karsa mami
atmajanta ri dewi
wus kena ubayanipun
tan kena tumampika
ing jodhone wus pinasthi
lan Tohara ratu Ngabsah tan
kuciwa //

5. Aturira nateng Yaman
gusti kawula lumiring
sakarsanta datan suwala
dan Tohara den timbali
prapteng ngarsa wotsari
heh Tohara karanipun
ingsun timbali sira
tampanana ri Murdasih
kramanana sun mung titip maring
sira //

6. Raja Tohara manembah
sih dalem dahat kapundhi
nging yen kenginga lenggana
ing nguni estu pun patik
ngajengken mring sang putri
ing karya waged anuju
sayembara kalpika
semangke sumongga gusti
pejah gesang kawula ingkang
kagungan //

7. Inggih amuhung paduka
yen ta sampuna wonten sih
paduka ing jasat kula
saestu sampun ngemasi
pramila mangke gusti
sumongga ing sang pukulun
ri sang arum ngandika
setyanira maring mami
sun tarima wis aywa dadi
sangsaya //

8. Luluta karabyeng sira
cocap wus ningkah sang aji
kalawan putrining Yaman
tan kawarna wiwahaning
panganten jalu estri
kocap sampun asih lulut
pan wus jodhoning krama
nahan tan antara lami
duk ing ratri risang anendra
supena //

9. Enjing nimbali Marmaya
tan dangu wus prapteng ngarsi
risang alon angandika
kakang sun mau angimpi
wayah meh bangun enjing
katon neng pangimpen ingsun
kakang nagara Mekah
kinepung geni kagiri
baya baya ing kana padha
sungkawa

10. Iku kakang yen sambada
teliken mrana pribadi
tan enak rasaning manah
sun aneng Yaman wus lami
kang raka ngandika ris
sun ya teka kepyar kepyur
adate yen supena
sring asring andaradasih
yen mangkono lah wis sun
mangkat samangkya //

11. Marmaya nampel wentis
saksana mesat lir thathit
sakedhap wus tan katingal
purwanira Guritwesi
denya kebat lumaris
ngaos neng Balki rumuhun
ing ratri duk anendra
supena anguntal thathit
yen lumampah ingkang lalakon
sawarsa //

12. Linakon limalas dina
ingkang lalakon sasasi
amung linakon sadina
ing Yaman sing nagri Ngarbi
janma lyan yen lumaris
telulikur dina tutug
dene Dyan Umarmaya
ngasar sampun prapteng Ngarbi
estu lamun Ngarab kinepung ing
mengsah //

13. Ratu kapir nagri Kebar
sang raja Usam kang nami
saadegira narendra
sumedya angrata bumi
purwanira miyarsi
petyanira Betal Jemur
malah nagri sasanga
kang mungkar sangking Madayin
mraja Usam sedya nglalanandon
aprang //

14. Nginggahi nagri Madiyan
nging nata nuju cangkrami
ambubujung maring wana
punggawa pra raja ngiring
mung pininta kang jagi
wonten ing nagri Madayun
ananging tan kuwawa
nglawan temah inep kori
papentaran sangking luhuring
talatar //

15. Wong Kebyar sedya mangrangsang
bluwertinya langkung inggil
jagang sirung temah menggah
punggawanya tur prayogi
ingaturan ngunduri
Prabu Usam dhahar atur
dadya mung palenggahan
padmasana ing Madayin
kang binandhang mongka
pratondha menang prang //

16. Lajeng lumurug mring Mekah
samarga ambabaki
ngrayah ramu padhusunan
rusak desa urut margi
jalma keh padha ngili
Marmaya malih winuwus
prapta ing prenahira
kang ngepung kutha ing Ngarbi
duk waspada wadya Kebar tan
petungan //

## PUPUH LV

**Pangkur = 13 pada**

1. Anyipta yuda kanaka
langkung welas sira sang Guritwesi
ring para katresnan sagung
kang neng jron kutha Mekah
priye baya mandah susah galihipun
ing kangjeng ramadipatya
Marmaya gya mindha kadi //

2. Sikep pangarit wong Kebar
anyalamur momor padha pakathik

duk leren aneng marga gung
rarasan lan rowangnya
Umarmaya kempas kempus sarywa
udud
rowange jenenge Suta
nyong mintak tegesanendi //

3. Tembe genten nek wis bedhah
kutha Mekah Marmaya anahuri
ya nyong teka salang gomun
ya dhik bandaranigwang
rika teka jenenge nyong boya weruh
Suta sumahur anyentak
bedhes prewe rika iki //

4. Teka tan wikan ratunya
ya bendara ka prabu Usam rane dhik
jejoluk bathara agung
Marmaya wuwusira
inyong iki wong bingkanane nora
wruh
pa gedhe dhowur dedegnya
ya gedhe dhowur sesegnya //

5. Dedege wolungpoluh gasa
yen ambithi gajah sapisan mati
Umarmaya manthuk manthuk
ngling ngengerong tembe teka
dhek wingenane nora wruh
sangkanipun
rowange nuturi mentas
anglurug aring Madayin //

6. Ratune Madayin lungak
aring ngalas kuthane dijagani
lawange kabeh di totup
nyong dedel boya kena
bata betenge kabeh dhowur dhowur
mulane balik bendarak
mung bandhang salupiranti //

7. Anjagong jarene ika
sruwa emas nganggo pletik paletik
mata mata abang beru
Marmaya api eram
manthuk manthuk asamun
panyamuripun
alon malih atatanya
kuthak sing dikepung iki //

8. Wong jro kuthak apa lungak
apa boya kang tinakon nahuri
wonge boya nana metu
mempen neng jro kewala
padha ngungsi aring panti watu
dhowur
Umarmaya nuli lunga
lampahira kadi mimis //

9. Sikepe mlongo kegawokan
temah wedi narka yen dudu jalmi
pan padha bubar lumayu
giris tunjang tinunjang
ting garubyug bubar ngalor weneh
ngidul
tembe tumon kaya rika
bedhes buset kirig kirig //

10. Sapungkurnya Tambakyuda
kawarnaa ing Mekah sang dipati
kalangkung kawelas ayun
sakulawarganira
garwa putra Kakbetolah kang
dinunung
wong kapir yen na kang nyelak
sami kesanglat keh mati //

11. Kang tan pejah nandhang cacat
cangkem mencos lyan raine neng
wuri
na mangkret tangan myang suku
weneh lempoh ana kang
banjur wuta temah giris samya
mundur
angepung sangking kadohan
wong kapir kang aneng wuri //

12. Tatanya ing rowangira
sinauran si kakum padha ngungsi
aneng ngomah watu ikut
tan kena pinarpekan
omah watu agedhe wilalatipun
katur ing sang nateng Kebar
parentahira sang aji //

13. Padha kepungen kewala
dimen ngenes yen metu ditumpesi
nahan gantya kang winuwus
sang adipati Mekah
datan pegat salat khajat siyang dalu
andadonga ring pangeran
kadi mas timbaling warih //

## PUPUH LVI

**Maskumambang = 20 pada**

1. Garwa putra sadaya angrujit galih
samya sru karuna
Dyah Katimah antya dening
sambat sambat mring kang putra //

2. Dhuh putrengsun Kamzah apa
nora ngimpi
yen nagrimu Mekah
kinepung mungsuh wong kapir
yen tan na pitulunging hyang //

3. Pesthi rusak sagotrahira mas gusti
nora weruh sira
patining ibu sudarmi
lawan kadang warganira //

4. Sang dipatya alon angadikeng
swami
wis aywa dinawa
balik padha nedheng widi
ingkang muga putranira //

5. Glisa prapta ananggulang maring
kapir
marga pitulung hyang
mangkana sagotrah Ngarbi
samya trep trep manahira //

6. Miyarsakken andikanya sang dipati
mangsud andodonga
ing pangeran kang linuwih
kang sipat jala wangajwa//

7. Kawarnaa lampahe sang Guritwesi
prapteng nagri Ngyaman
wus panggih lawan kang rayi
gya pajar purwa wasana //

8. Niskaranya anelas rehning tinuding
duk neng nagri Mekah
tan kaliyan samukawis
risang duk sapamyarsanya //

9. Nenggak waspa sumirat tingalnya
abrit
dhuh kepriye baya
susahe rama dipati
myang pra ibu kadang kadang //

10. Umarmaya nglingira rama dipati
ibu myang pra kadang
ngungsi ing Kakbahtullahi
samangkana dyan Ngabdullah //

11. Miwah Ngabas wus dene Dyan
Abuntalib
tan waged ngandika
nateng Yaman den timbali
wangwang pinaring uninga //

12. Yen sang putra arsa kondur
marang Ngarbi
kalangkung kasesa
dene nagri Puserbumi
kinepung ing parangmuka //

13. Sangking Kebar kapinteng tyas duk miyarsi
sira nateng Yaman
gya ngagya ngundhangi dasih
siyaga wisayeng yuda //

14. Wus ngalumpuk wadya ing Yaman kinerig
mung kang jaga kutha
ing Yaman tinilar kedhik
ri sang sigra abusana //

15. Sagunging kang brekatan rinasuk sami
myang sagung pra kadang
tityan Kalisahak ngarsi
pinanganggyan abra mubyar //

16. Lir smu girang dera arsa kagem jurit
risang wangwang uga gya
ambudhalaken prajurit
raja Maktal kang pangarsa //

17. Sawadyanya gumerah sagung piranti
srayaning ngayuda
raja Maktal asisirig
kuda janjan kuning lancar //

18. Tangkepira bintulu ran pun Gernadi
Pajeng Karta Seta
tunggulnya kenter kasilir
saksana wadyeng Ngabesah //

19. Sang Tohara janjan biru kang turanggi
nama pun Buntala
sawadya prayitneng westhi
sumundhul wadya ing Yaman //

20. Raja Kopah ya swandana gulabasmi
aran pun Bremara
sawadyanira tahapta
gya tinanya sang Jayengprang //

## PUPUH LVII

**Pangkur = 21 pada**

1. Nagari Ngyaman kawuntat
gunging wadya yayah sela blekithi
myang kang larwa-larwa dulur
meh ya sangking wiwara
warna sumbaganireng wadya gung
genjot genjot mahetala
sangking gunging kang lumaris //

2. Blabar ambar ngara ara
tegal gunung-gunung kebekan baris
dhedhet ing ngawiyat tedhuh
prapteng lakon sadina
masanggrahan aneng wana ujung gunung
ginelak lampahing wadya
kadyage prapta ing Ngarbi //

3. Ing dalu sang prawiradya
paguneman lawan sang Guritwesi
kakang tyas ingsun kasusu
mene kapara tiwas
kasep labet sunanganteni wadya gung
be sesuk sira kewala
miluwa ing laku mami //

4. Marmaya jumurung karsa
nireng ari nangling
aku sawitning

awelas mring gotrah sagung
kuneng dalu wus enjang
bangun rina risang lan raka wus
pangguh
Dyan Ngabdullah lawan Ngabas
wus dene lan Abuntalib //

5. Risang ngling kangmas sampeyan
mawon nguyunana sagunging baris
kawula arsa rumuwun
lawan kang Marmaya
ingkang raka angandika iya sokur
sanadyan ingsun yayi mas
tan enak rasaning ati //

6. Prajurit kabeh sungelak
ge praptaa nagara Puserbumi
risang tandya nitih sampun
kuda pun Kalisahak
sru anander Umarmaya datan
kantun
raja Maktal duk samana
wrin gustine ngrumiyini //

7. Dadyarsa atilar wadya
pinasrahken marang ingkang
papatih
raja Maktal sigra nusul
lawan nateng Ngabesah
myang sri Ngyaman lan para andel
sadarum
mung kantun pra raja tawan
ing Maskat Kulikut Magrib //

8. Ing Luhya lan Kudaedah
Sitibar jah ing Juldah lawan malih
nateng Kubsah Ngabin kantun
sareng lan dyan Ngabdullah
sawadyanya sinereg lampah ing
ngenu
gumlendheng lir banjir bandhang
nahan risang wireng jurit //

9. Tansah lawan Umarmaya
para raja katri sampun nututi
tindaknya sang prawira nung
saya lepas samana
ing samarga marga datan sah rawat
luh
welas ing ibu sudarma
prapteng tepis wiring Ngarbi //

10. Kawarnaa nateng Kebar
ri sedhengnya lagya siniweng dasih
para andel munggeng ngayun
sami apa guneman
pan kasaru wonten punggawa atur
wruh
yen wonten titiyang Islam
lampahnya narajang baris //

11. Boten kathah watawisnya
mung sawidak sami numpak
turanggi
raja Usam langkung bendu
ngagya siyageng yuda
gadanya wrat sewu kati pusaka tus
ginarbeg pada reksaka
menggep sarywa swandanesthi //

12. Makutha abra kumenyar
raja Usam sura sudireng jurit
tuhya prakosa dibya nung
milandon nglalana prang
cipta datan sotak kreh ratu
Madayun
sedyarsa ngrata jajahan
ing Ngarab pinetya luwih //

13. Mongka ratuning pra raja
cipteng nata kadi mawa na pelik
sedhenge lamun ginempur
ywa kongsi ngombra ombra
lamun kasep cedhak duk tan saya
gapuk

sanadyan api sakonang
satemah ambengkalani //

14. Mangkana ciptaning nata
mila Ngarab arsa cinacak dhingin
sedheng prapta sri Madayun
dera cangkrameng wana
winangsulan Madayin arsa ginempur
sru duka kabina bina
age mamrep ing ngajurit //

15. Atandhinga kasantikan
lan prajurit Ngarab kang lagya prapti
baya pa iki lalancur
ing wong Ngarab kang dadya
bubundhele kang pinetya Betal Jemur
dene ka kagila-gila
tindak srang cipta gya panggih //

16. Duk samana sang Jayengprang
tindakira sampun marpeki baris
ing Kebar ingkang pangayun
pan lajeng tinarajang
bubar babar Marmaya angiwat ngiwut
angamuk lan pedhang wilah
paris daluwang kinering //

17. Papati sungsun matumpang
giris miris sasisaning kang mati
nateng Kebar langkung bendu
tumpes wonge pangarsa
gya marseng prang wus panggya lan sang wira nung
raja Usam singa nabda
heh sira sapa prajurit //

18. Aja mati tanpa aran
nora wurung sira mengko ngemasi
endi kang ran Amir puniku
ya iku tandhinging wang
ri sang nangling ja sira numbak ngatambuh
ya ingsun satriya Ngarab
sang nata tatanya niti //

19. Nyata sira Jayengrana
ngling ya ingsun suteng dipati Ngarbi
sang nata suka gumuyu
kalingane si Kamzah
sun arani brengga rowa gedhe dhuwur
dene teka maksih bocah
lagintas bae tinampik //

20. Wis kacung ja peksa sura
ngur teluka sira tan sun pateni
aku dhemen ing ulatmu
nangling sang prawiradya
balik sira sang ratu teluka mring sun
salina agama Islam
yen lumuh Islam ko mati //

21. Tur patimu siya-siya
sang nata ngling lumuh ginawe becik
payo Kamzah den apangguh
kene gagamaningwang
mara coba tamakena mring anggengsun
risang nagling nora watak
putra Ngarab andhimini //

## PUPUH LVIII

**Durma = 27 pada**

1. Lir jiningga taruna mawinga winga
ngling den prayitna Amir
wekasane sira
lumyat kenyaring surya
katibanan gada mami
sang dibyeng rana
sigra akudhung paris //

2. Nateng Kebar gya angangkat
gadanira
mas wawrat sewu kati
tumempuh parisnya
mubyar metu dahana
swaranya anggigirisi
surak wong Kebar
kadi rengyeng langit //

3. Penyananira Jayengrana parastra
luluh awor lan siti
prabu Usam nabda
si Amir babar pisan
ngandika sang Wirengjurit
sun durung kena
payo gadaa maning //

4. Entekena sang prabu sabudinira
sang sri kagyat dadya ngling
durung mati sira
Kamzah katiban gada
sun sengguh wis awor siti
risang ngandika
sira padhaning jalmi //

5. Pesthi nora bisa mateni maring wang
amung kang murbeng bumi
bisa gawe patya
sung urip sandhang pangan
ujer aranmu si kapir
gugoni majat
nora ngandel hyang Widi //

6. Payo kene sakarine gamanira
nateng Kebar manasi anggada
mawantya
gada ketlampik patah
wangwang amedhang anitir
nanging pamedhangira nora
ngudhili //

7. Sang nata ngling payo Kamzah ge
malesa
risang ngandika aris
lah ya den prayitna
mengko sunwales sira
nging sadurunge ngemasi
yen gelem sira
manjinga agama suci //

8. Manangling kras nateng Kebar
tekeng lina
tan nedya agama suci
risang langkung duka
anarik pedhang Kangkam
sang nata gya kudhung paris
prayitnya gatya
condrasa tumyeng paris //

9. Paris waja dadya kakalih sigar byak
murdeng nata kepalih
naratas mring liman
tumyeng buntala bentar
reg lindhu magonjang ganjing
angambak ambak
surak ger wireng muslim //

10. Gora girang gumbira lir nengker
wiyat
pra malekat mimbuhi
miris bala Kopar
buyar ambyar puyengan

palayune niba tangi
wangwang dyan Kamzah
yun petak Guritwesi //

11. Mucat topong sung sasmita mring wadyeslam
topong ingobat abit
tandya gajah jaran
tinutupan kupingnya
sagunging kang wadya mukmin
wus tutup karna
gya pepetak sang Amir //

12. Gumaledhug yayah belah kang bantala
samodra kocak kacik
prakempa goragra
graning prawata giwang
gumiwang tumibeng tasik
kang pracalita
wor dhedhet erawati //

13. Peteng dhedhet limengan ngawyat antara
siwat siwut ngin angin
kang turongga liman
ning kapir ting jrongkang
sawongnya kapileng sami
lyan laju pejah
gupuh sang Guritwesi //

14. Sapraptanya wadya Yaman lan Ngabesah
Dyan Ngabdullah kang ngirit
myang sawadyanira
saksana pinrentahan
bandani sagung wong kapir
engkang kantaka
sasat meh tan na cicir //

15. Wonten juga atmajanya nateng Kebar
kapara rare meksih
nama Radyan Jusman
duk nglilir wus kabonda
kalara lara angangis
de sudarmanya
kasambut ing ngajurit //

16. Priyangganya katawan mring bangsa Islam
katur sang Wirengjurit
wangwang ken nariya
purun myang lumuh Islam
ature angasih-asih
purun kawula
manjing agama suci //

17. Wus winulang sahadat mring Umarmaya
dadya wong Kebar sami
anut maring Jusman
manjing agama mulya
trustha sang prawireng jurit
wus inguculan
putranira sami //

18. Jarahan wus pinaringaken sadaya
dhateng Jusman lon angling
sang prawireng aprang
heh Jusman mehgko sira
sumiliha madeg aji
miseseng Kebar
sunpasarah tan ngawruhi //

19. Sang sinung sih dahat nuwun atur sembah
wus mufakat sanggyaning
wadya balanira
ing Kebar yen sang
Jusman jinenengken raja
sami angalembana
risang satriya Ngarbi //

20. Amung padmasana kang sangking Madiyan

pinudhut mring sang Amir
tandya wus prasamya
malebeng kitha sadaya
pintethuk pra kadang sami
myang yayah rena
angrangkul ganti ganti //

21. Gya prajurit ing Ngalab Ngyaman Ngabesah
praptanira gumirih
sang dipati antya
suka kadi supena
dene keh kang pra narpati
samya suwita
mring kang putra mestuti //

22. Sang dipatya ngacarani mring pra nata
nganor ageng mamanis
mring sang nateng Yaman
denya nabda mangkana
yayi manira mung titip
putranta Kamzah
pun kakang amung darmi //

23. Awaweka menggahing pambauneksa
mangsa borong pra sami
sang nata ing Yaman
pangudasmaranira
tan bakal dadine iki
pocapanira
kawula dadi gusti //

24. Gustinira wekasan dadi kawula
lan wus pesthine iki
nagara ing Mekah
punahen antero ning rat
sang nata sabdanya inggih
gya binojana
wrata tekeng pakathik //

25. Garwanira pyambak sang dipati ingkang
ngrakit dharing para ji
mintir jajodhangan
wenah penuh sadaya
wadyanira kang para ji
tan na kang lapa
de kabeh kang para ji //

26. Wus pinarnah pakuwonnya sowang sowang
wangwang wus sami mijil
nalika tas prapta
nira Radyan Ngabdullah
kang ngaturken ing sudarmi
menggah prajanya
ingkang para narpati //

ing wijahan palowani
jong sultan nuwun wotsinom //

2. Sru lenggana saksana sang Betal Jemur
kang tansah dinuk ing liring
dan sang yogi ngandika rum
becik lungguhana kaki
pan wus karsaning sang katong //

3. Sang wiradyatur sembah anulya lungguh
sagung pra prawireng Ngarbi
anunggil lawan pra ratu
punggawa rajeng Madayin
tan dangu boja sumaos //

4. Sampun tinata aneng meja alajur
dhadharan kang sarwa adi
prakakas ing meja penuh
piringnya kancana sami
tirah sinotya retna byor //

5. Myang inuman marnani arak myang anggur
aniset sampanya lekir
brendhuwin myang bir supenuh
anggur asem kopi pahit
anggur manis glasnya abyor //

6. Pinapodhi podhi ing retna agumyur
taplaknya taluki wilis
tinepi kalikam nurut
gya bojana sri bupati
lan sagung kang para katong //

7. Datan kobar dhahar pribadi sang prabu
pundi kang eca binukti
pinaringken mring sultanun
lari mubeng ganti-ganti
srang swareng kang bredongga ngrok //

8. Gamelannya pusaka manganyut-anyut
anama kyahi Medharsih
niyaganyestri sadarum
waris mring larasing gendhing
tan ana ingkang belero //

9. Pasindhennya pan anembang Randhanunut
wong wadon mawarni-warni
ngrasani sang Jayengpupuh
dene bagus pyayi Ngarbi
kan punggawane nom-anom //

10. Hee iki sigit hee ika bagus
hee ika anjekithit
hee kae jarot pengkuh
hee iku amlas asih
hee ika dhonoh sengoh //

11. Wantuning niyagestri dupi andulu
mring pra lalancuring Ngarbi
bubrah ing panabuhipun
egonge tinabuh pinggir
mubeng unine anggemor //

12. Bonang kenong kang tinabuh dudu pencu
dumadya pating kalening
mung pijer akapirangu
lurahe benerken gendhing
ameksa pating calemong //

13. Nanabuh gong gegering kanca tinabuh
gumadul kaget sru jondhil
suprandene nora nesu
mangkana sang Nyakrawati
sangking sru sukaning batos //

14. Temah sri narendra ragi asmu wuru
angandika mring sang yogi
mangkana andikanipun
heh bapa jarane Amir
ing sajegku durung tumon //

15. Ingkang memper bae ingkang kaya iku
nulya na raja sawiji
pun Karun gih asmu wuru
matur mring sri Nyakrawati
pukulun paduka katong //

16. Langkung ngalem kudune pun Jayengsatru
amba gih gadhah turanggi
janjan jene ageng luhur
katurangginnya kapanggih
tangkepipun mirong-mirong //

17. Kapalipun Kamzah kadi dereng langkung
sing kapal kula dewaji
yen balapan amba purun
lan kapalipun pun Amir
kula lawan mungkur mawon //

## PUPUH XCII

**Pangkur = 19 pada**

1. Swawi tuwan andikakna
gih pun Amir babalapan lan mami
nadyan purun kapalipun
kadi boten anyandhak
dhateng kapal kula ing pananderipun
nadyan sami saenira
jer kang numpak kaot ugi //

2. Panyepenging tangsulira
sang nata ngling Amir apa ko wani
den jak balapan si Karun
jeng sultan mung tur sembah
alon matur langkung sayah kuda ulun
lan neng margi kirang tedha
yen temah kantun nglingsemi //

3. Raja Karun langkung berag
de jeng sultan tinantang datan wani
ngumbar nges ngalor angidul
jeng sultan duk tumingal
ingkang paman panembahan Betal Jemur
asmu sreng liringing nitya
nulya matur ing sang aji //

4. Pukulun yen sing karsanta
padukendra pun dasih anglampahi
Umarmaya mundhuk-mundhuk
matur mring sang bathara
mangke ingkang kawon punapa kinukup
langkung suka sang bathara
aningali Guritwesi //

5. Raja Karun sru anabda
heh wong ala aja sira kuwatir
ngajak pira bae tohmu
Marmaya ngling seredan
padha jaran bae Karun lingira sru
ya sapa kalah den alap
langkung suka Guritwesi //

6. Raja Karun malih ngucap
wong kapeksa si Kamzah gone wani
pan ana babotohipun
mengko wataraningwang
ana botoh kawirangan dhawul-dhawul
gadheken tesbeh lan serban
yen jagone tan ngentasi //

7. Panembahan langkung duka
maring Karun denira tanpa kering
dadya sru andikanipun
beleh dora ing benjang
nemu pati tur siya-siya bathangmu
sabdaning pandhita tama
geter pater anakseni //

8. Pun Karun kalangkung wirang
angandika malih sang Nyakrawati
heh Karun pa sira sanggup
singa kalah den alap
wus ing jangji kuda kakalih prapta wus
ing ngarsa sri Nyakrawatya
angandika sri bupati //

9. Lah mara ge lekasana
nembah lengser Karun lan sang wiradi
Kalisahak kang anuntun
nenggih sang Umarmaya
sareng denya anumpak wus jajar laku
prapteng lor bakung kinetab
pun Kalisahak lir thathit //

10. Nampar wancak sujinira
wringin kurung parunggu kang kinardi
kang sairing ambyar sumyur
Karun prapteng galadhag
Kalisahak sandere wus tan kadulu
Umarmaya duk waspada
sigra lumayu nututi //

11. Karun mung binuru dharat
wus kecandhak sinendhal sah sing wajik
gulangsaran kudanya wus
tinunggangan Marmaya
sinirigken pacak gulu lenggut-lenggut
kecap-kecap sarwa ngucap
aru bilis nora micis //

12. Jeng sultan sawangsulira
aningali kang raka nunggang wajik
kakang neng endi si Karun
wangsulane kang raka
kana wau kang kawula rujak purun
oleh kula jaluk jaran
gumujeng sultan miyarsi //

13. Tan dangu prapteng paglaran
sang wiradya lan raka Guritwesi
sami tedhak sing kuda wus
jarane Karun noban
gya ngaturken mring natyanta sukeng kalbu
sang bathara antya dera
suka myat mring Guritwesi //

14. Nulya ginanjar paduka
agem dalem pinucat sing jajenthik
Marmaya nembah sun-sungsun
langkung pamundhinira
pan angleber sisirig neng ngarsa prabu
raja Muskara kelingan
duk binlojod aneng margi //

15. Mambu ilu sru mangkarag
sawadyane nahan angling sang aji
heh patih dimene metu
si Kamzah sabaturnya
angasoa ing endi prayoganipun
gonmu minta pamondhokan
Betal Jemur matur aris //

16. Yen pareng lan karsa nata
pae tamu dados dameling patih
mapan pun Kamzah sang prabu
abdi dalem piyambak
adamela pribadi pakuwonipun
dene rencangipun kathah
maharaja ngandika aris //

17. Mring rekyana patih Bestak
yen mangkono mung prenahna tumuli
papane kang kira cukup
heh bature si Kamzah
kyana patih cumeplong sandikanipun
sang nata kondur ngadhatyan
kebut sagung kang anangkil //

18. Pan sampun sinungan prenah
kutha wijil pisan papan wyaradin
wisma sing Pijajar agung
anggili ingusungan
saben ari samangkya nagri Madayun
solah baweng warna-warna
salaminya sang wiradi //

19. Rawuh nagari Madiyan
pra gung-agung niyaka para aji
manahnya kadi ginerus
luwih ki patih Bestak
cipta amung wedi parentahing ratu
amung wong wadon Madiyan
cipta sung sihing mamanis //

## PUPUH XCIII

**Dhandhanggula = 24 pada**

1. Sawawengkon kadhaton Madayin
datan liyan ingkang den ucapna
sakecap mung Jayengpupuh
kang bathik lenguk-lenguk
pijer ngantheng damoni canthing
kang sumela ing manah
Sultan Jayengpupuh
sabarang katon kapyarsa
datan liyan patiban kasambat nglathi
satriya Puseralam //

2. Ingkang lagya mangsak bojanadi
cipta cacadhang dhare sang putra
wong kang nenun lagi senteg
cipta ayun tur-atur
patelesan satriyeng Ngrarbi
ingkang anglawed wida
cipta agemipun
ing sultan Jayengalaga
ingkang nganggit puspita gambir malathi
cipta ukup dhuwungnya //

3. Weneh angling kabare wong sigit
rawuhe kene tan gawa garwa
sapa ngladeni wong ngrenget
na rowange sumambung
jare dhasar durung krami
dhuh lahe yen ngarsakna
mring kayiki aku
tan etang ninggal wong lanang
aku gelem angladeni rina wengi
mung bungah-bungah nyawang //

4. Rowangya ngling bungah apa iki
pendah apa bendhing tan kasandhang
kasandhanga upamane
lamun ora pinanggung

tanggung-tanggung gagalak kermi
mesisan alik aja
dhasare ya adhuh
dumapara yen ngarsakna
mring wong ingkang kaya ku
mangkene iki
ya talah latah-latah //

5. Latah guyu kongsi mrebes mili
kukumpulan kang para pawongan
akekel gablog-ginablog
parekan jro pura rum
tekeng sagung para rum puri
manggung palara-lara
kang para resmeng rum
kawarnaa sang bathara
putranira anengguh kang sangking
padmi
kathahira titiga //

6. Pambayunira amiyos putri
arum-arum kusuma Muninggar
wus diwasa sang dyah sinom
pamadya priya bagus
wus ginadhang sumilih aji
anama radyan Hirman
wus sinung jujuluk
anama pangeran Raja
putra ingkang sudibya nagri
Madayin
dene warujunira //

7. Miyos putri Marpinjung wawangi
kocap malih kusuma Muninggar
sampun diwasa samangke
yuswa dwi dasa catur
suwarnanya tuhu linuwih
yen nedya ngulatana
sat jladri rug gunung
sayekti mangsa antuka
tuhu juwitaning antanu tumitis
ing nagari Madiyan //

8. Yen cinandra kusumaning puri
angerignya karasing pujangga
pan orantek rarenggane
tuhu ratuning ayu
myang mamanis sanuswa bumi
yayah wulan purnama
nawangi kalangan
nadyan kang pra resmining dyah
ing suwarga kucem paguta pangeksi
dedegira mejana //

9. Nging smu lencir citrane sang suji
pan manawang kirana basonta
grundayanglayang imbane
tinggal lindri abalut
kasambungan ing otot wilis
sinom bibis ngumbara
tibingira dekung
grana ngrungih malicrema
alus lurus madya nglih nyuriga
kengis
resmyeng gemuh suswarja //

10. Murda lunging gadhung wrat jangga
nglih
keswa memak pindha jaladara
gamparan rukma padane
jrijwa murtyeng ri ngrayung
asta mindha jatmaga rukmi
sedheng sinidikara
wong konggah mangudang kung
pan dereng apalakrama
mandah yen wus mesem asmara
dhadhang sih
baya ta lir punapa //

11. Pujangganya tan saged mestani
sumangga kang sami amiyarsa
reganing retna kadhaton
nadyan kang pra widarum
tumuruna arebat manis
lan kusumeng Madiyan

kasor apagut rum
mung eseme sang kusuma
pait madu dhasare retna sutaji
putri dinama-dama //

12. Dahat den eman-eman kang runtik
dyah retna mring sang sudarma raja
munggeng pralambang solahe
mandres sinuksmeng kidung
pan kinudang jroning lulungit
kuncareng sabuwana
tuhu dewaningrum
wasis niskareng pakaryan
jrih ing wirang pambekannya sang retnadi
lan tan remen angguywa //

13. Sasukanira sang kusumadi
inggih pan namung mesem kewala
tan kadi wadon samangke
yen pareng tyase nuju
suka denya gumujeng kongsi
ngakak lir ula lanang
teleke kadulu
miwah ana kang lir jaran
na lir dhandhang angalup ngajap bilahi
tangeh lamun mempera //

14. Lan kang kacriyos ing srat puniki
sang dyah kusumadining Madiyan
kinudang sudarma raje
putrengsun iki besuk
krama ratu punjul sabumi
yen ngrahara bakdyatar
asamodra marus
aparang kuda dwipangga
lamun ora mangkono yekti tan krami
putrengsun iki benjang //

15. Mila wus kathah kang para aji
kang suwita magangi sang retna
wangwang kudangan ngelokro
mangkya sedheng kawuwus
sang kusuma retna sutaji
ameng-ameng mring taman
ban inya gumrudug
kang dherek sang kadi retna
prapteng langon alenggah ngonga ing warih
neng sela sumayana //

16. Tepyeng beji siduwa ngum wentis
keswanya wra tan pati winuryan
amirong kasumekane
ing tyas asmu wulangun
cahya wenes-wenes awilis
jiwa nandhang wiyoga
wibuh ayu punjul
dera kajarah miyarsa
pawartane satriya ing Puserbumi
sang dyah yun dangu mring ban //

17. Langkung lingsem wadining dyah adi
dadya sang retna alon ngandika
andangu mring parekane
ana warta pa biyung
ing saiki kene Madiyan
jare raja Kistaham
diutus anglurug
awit ingkang ambalila
nedya wani mungsuh ing kene Madayin
ni emban aturira //

18. Inggih gusti yektos den lurugi
lan kabaripun satriya Ngarab
Jayengrana paparabe
duk wingi dhatengipun
ngriki saha wadya prajurit
duk nguni ingandikan
dene kang ingutus
Muskara sadhatengira

aberindhil rama dalem langkung
runtik
tinempahken Nembahan //

19. Embah dalem Pijajar sang yogi
nunten utusan kang putra Wahas
malah kala wingenane
dhatenge dutanipun
sultan Ngarab Maktal anami
parlunipun ambekta
bathangipun Wabru
katur ramanta bathara
langkung suka sang retna ngandika
manis
iya biyung tutugna //

20. Ban ling malih nunten duteng
Ngarbi
lesan jemparing lan raja Arja
raja Ar ja ingkang kawon
mung tiga tamengipun
kang dipun lesan prande tan titis
sareng utusan Ngarab
tameng pitu butul
jeng ramanta langkung suka
raja Maktal anunten dipunparingi
sapangadeg lorodan //

21. Kapan biyung gonmu anon maring
kongkonane satriya ing Ngarab
gusti kala wingenane
duk nimbali pun biyung
kula nyleweng khedap ningali
gih Wabru bathangira
lan utusanipun
baguse uleng-ulengan
boten wonten gusti punggawa ing
riki
kang memper raja Maktal //

22. Kula tur wus sepuh senag senig
aningali bagusipun Maktal
mandah punapa kang kengken
ananging wartanipun
sami sami pra raja Ngarbi
raja Maktal punika
pan kinadang tuhu
awit sangking warnanira
katah memper lan suradibyaning
jurit
sang dyah dupi miyarsa //

23. Dhasare wus angangkat birahi
anatek karaseng wardaya
paraban ginanjar kabeh
sang kusuma gya kondur
mring kaputren wangwang nimbali
parekane kang rama
tan dangu prapta wus
sang kusuma angandika
ya karane sun undang yun sun
takoni
nggone miyos jeng rama //

24. Ing dina wingi pa kang ginalih
Ni Selaga alon aturira
ramanta kangjeng sang katong
ing wingi tindak methuk
praptanira satriya Ngarbi
kang nama Jayengrana
suwarnanya bagus
tur prawira dibyatama
pasemonnya aruruh manis prak ati
dhasar trahning ngandana //

## PUPUH XCIV

**Asmaradana = 25 pada**

1. Gusti wawengkon Madayin
ngulati kadi tan angsal
nadyan satriya pra katong
mempera prasasat ana
myang surakadibyanya
tur akathah wadyanipun
kang para satriya raja //

2. Lawan punggawa Madayin
menggah sawang sawunganya
ing riki kucem tingale
sang kusuma angandika
paran karsane rama
gusti gih pinutra danu
rinengga raja manggala //

3. Rama dalem langkung asih
antawisipun duk dhahar
pundyeca pinaringake
duk wingi mentas dhatengnya
ramanta ngalem kuda
kapalipun Jayengpupuh
ngriki raja Karun panas //

4. Den aben sanderan sami
inggih raja Karunoban
kalawan Jayengpalugon
kandhap raja Karunoban
lajeng binujung dharat
dhateng ing sadherekipun
Jayengprang nama Marmaya //

5. Palajenge kadi thathit
Karun kacepeng ginlandhang
sineret sangking kapale
Marmaya lajeng ginanjar
padaka ing ramanta
sang retna myarsa kayungyun
namun esemira kongas //

6. Dumadya andangu aris
iku biyung wartanira
kang jeneng Jayengpalugon
apa ta wus palakrama
ni emban aturira
gusti dereng wartinipun
ing kathah maksih wuwujang //

7. Smu esem lan ngandika ris
yatalah de maksih wujang
andon prang iku kayane
kang nampani durung ana
ni emban aturira
gusti pramila don pupuh
ngupados eseg ing manah //

8. Putri kang kasubyeng bumi
yen ngarsakna won awonan
wus ngrentengi watawise
nging pasemonipun kadya
apik pandugi kula
angel laladosanipun
sang dyah Muninggar amenggah //

9. Pan sampun dalu kang wanci
parekan tinudhung medal
sang retna mring pasarywane
brongta mujung kampuh sarywa
angekep gugulingnya
ciptane sang dyah ayun wruh
maring kang kawentar ngwarta //

10. Gis satriya Puserbumi
cipta dira sang kusuma
kang muga rama sang katong
pinarenga sukeng driya
aneng sajroning pura
nimbalana Jayengpupuh
mung wruha bae warnanya //

11. Dene wartane ngluwihi
lan apa wadine baya
jeng rama banget asihe
dene lagi bae prapta
mangkana ciptanira
duk ing wanci lingsir dalu
risang adining kusuma //

12. Duk sare sumpena panggih
sang wiradya mriyembada
guntur madu ing kalangon
dupi meh praptaning prana
kagyat wungu trataban
sang dyah asru pungun-pungun
lajeng sasotya wus enjang //

13. Mangkya nagari Madayin
keh solah bawaning jalma
wadon sami ting galebreg
mring pondhok prawireng Ngarab
akeh gagawanira
somale wong ing Madayun
ngunggahi prajurit Ngarab //

14. Wantuning pra pyayi ngalim
dadya arang kang tinampan
mung katampan gagawane
boja busana sarwyendah
nanging wunwunanira
wantuning estri lan jalu
kang nrat ajrih yen munggela //

15. Gih salong wonten den pilih
de kang nora katampan
mulih padu lan bojone
pinala banjur den pegat
basan tembang kapiran
myang sagung pra putrinipun
atmajaning para raja //

16. Raja nayakeng Madayin
kasmaran mring kang jeng sultan
wira wiri jarumane
samya atur gonda wida
lyan wastra patelesan
anging tan kapadhan kayun
keh samya lengleng kung rimang //

17. Sagung pra putrining aji
sadaya saosanira
akathah warni warnine
amung dugi punakawan
jajar bekel myang lurah
samya tuwuk atur atur
mila sagung para raja //

18. Giligyage sami sengit
maring sultan Sayidina
dera sang nata geng sihe
tan montra gusti kawula
tuhu pindha atmaja
lumintir paparingipun
pinujuh sakulawarga //

19. Rinaketken narpasiwi
tansah purug pinurugan
inggih wus kados kemawon
bangun turut susilarja
arja yuwananira
kawanton sang Betal Jemur
winretek bek santa budya //

20. Wibuh Ki Bestak apatih
sengitnya anrus ing tulang
siyang dalu gunem raos
lan pra gung agung Madiyan
kang wus saekapraya
rarasan tan lyan rinagum
amung Sultan Sayidina //

21. Angempyang bem lyan ngethuki
aroyom sagung pra raja
mencap mencep lara lero
ngrasani sihing narendra
wus wuruning dumadya
yen tawekal dadya luhur
estu gadhangan utama //

22. Agung ingkang coba gati
akeh sasandhunganira
purwa kanthine kinanthet
manis lan srangkara rupa
tegese sih lan duka
gagadhangan wirya anung
wastwa keh kang godha beka //

23. Yen wus tinog coba gati
tan gumiwang wiryanira
mung kari nampani bae
anganti kalawan marga
lumembak takdiring hyang /
kuneng gantya kang winuwus
mangkya babantheng Madiyan //

24. Raja Kustam ing tan mirib
kalawan luluwurira
tan sura wigyeng aripoh
ati drubiksa prasetan
mung wigya akal jahat
jutine lembut angrambut
rembet rembete katara //

25. Antarane lan ing nguni
nguni duk luluwurira
ratu Sarwal dibya kahot
kaonang senapatyeng rat
gul aguling ayuda
mongka babantheng Madayun
mangkya sang raja Kistaham //

## PUPUH XCV

**Dhandanggula = 26 pada**

1. Kudhandhangan lampahnya neng margi
maring Kamkam wus antuk tri condra
lan sakawan pra putrane
miwah sawadyanipun
tansah rangu rangu neng margi
kewran pangangkahira
denirarsa anjur
wus kalajeng sagahira
mring bathara angrisak Kangkam nagari
raja Bahram balila //

2. Anging rinasa nora kadugi
dene sang raja Bahram prawira
linulutan ing wadyane
dadya apikir rembug
lan atmaja Kistam anangling
kulup ki lakunigwang
yen ko padha rembug
nora ta yen sun wegaha
mring si Bahram nanging wantuning wong jurit
pashtine akeh rusah //

3. Sun lembut baw kayaa kecik
kaya wong met mina tan bunthet hernya
wekasan kena iwake
kang putra aturipun
rama inggih langkung prayogi
lamun wis rembug sira
mangkono pikirku
sandhiningsun prapteng Kangkam
miwal saka paprentahan ing Madayin
nedya anunggal karya //

4. Dan minta duta ambekta tulis
maring Kangkam lampahnya gantaka

ing marga tan cinariyos
duteng Sarwal Kangkam nagari
Sabet sapon kangkam nagari
alaju lampahira
gantya kang winuwus
nateng Kangkam raja Bahram
duk ing nguni wstu kabawah
Madayin
sajenengnya sang nata //

5. Sri Nursewan Bahram tan sumiwi
sedya mahambek lumawan ing
prang
cipta jongka sun jangkahe
coba mungsuh Madayun
dene purwanipun miyarsi
ing nguni setyanira
wiku Betal Jemur
malah nagari sasanga
ri sedhengnya sang nata miyos
tinangkil
aglar pra andeling prang //

6. Ki patih Bayawana neng ngarsi
tepung kapang kang para manggala
sumekta wisayeng ripoh
angandika sang prabu
paran mengko wartane patih
naraga ing Madiyan
mungguh karsaningsun
Madiyan arsa sun cacak
sapa ingkang mongka andeling
Madayin
kang kira dadi wegah //

7. Amung Kistam del andeling jurit
senapati agul aguling prang
nanging tan endah ketewel
mung kaya babal bungkus
destun dadiya madu kucing
gumyak sagung sumewa
ngling masih sang prabu
tur ing nguni lurah ingwang
tatikane kang saparti setan anjing
tan pantes dadi raja //

8. Delap temen kang ngangkat narpati
kaya kurang jalma kang prawira
ki patih atur sembahe
leres andika prabu
kadi sampun tan wonten malih
lintangipun punika
mangke pamyarsyulun
raja Kistam badhe prapta
dene sangking geder pawarti angin
denya masweng paduka //

9. Dinukan tinundhung sing Madayin
sedya angaub anunggil karya
ing paduka sang ngakatong
angandika sang prabu
apa nyata wartamu patih
sokur yen nyata prapta
nora ta si ingsun
wegah sanadyan maksiha
si Kistaham nyenapateni Madayin
ananging mayar uga //

10. Yen Kistam wis lunga sing Madayin
amung kari ngabur si Nursewan
pan wis ilang babalungè
ki patih awot santun
kasinggihan andika aji
mangkana kang gupita
prapta dutanipun
Kistaham narendra Sarwal
mundhi surat wus katur gya den
timbali
prapta ngarsaning nata //

11. Ponang surat wus katur sang aji
penget kang surat sangking rakanta
raja KIstam wusing tabe
dhumateng yayi prabu
kang ngadhaton Kangkam nagari
jaya wiseswasura

ratu sudibyanung
wiyos manirang sung warta
mung kukupen pung kakang
nedyandhudhumpil
menggah prakawisira //

12. Yen pun kakang wus panggih
pribadi
lan yaywaji purwamba umentar
sing Madyan kulawartakke
mangkya kyla nunuwun
mung cukupen rakanta rumyin
sangking repot kawula
mugi yayi prabu
anglampahena utusan
methuk lampah kula
punika supadi
ywa saru aneng marga //

13. Tiningal ing titiyang riki
Prabu Bahram langkung sukeng
driya
gumujeng ngentrog wentise
priye lurahku
dene kongsi sah sing Madayin
puluh puluh Nursewan
kang kudu tan tulus
muktineng kadhaton Madyan
heh apatih undhangana wadya
mami
mapag ki lurah Sarwal //

14. Den ponghongana marene aglis
wis ta duta ge sira baliya
ki lurah turana age
ywa taha galihipun
aneng Kangkam kene den kadi
aneng nagara Sarwal
duta sigra wangsul
lampahnya enggal enggalan
gya punggawa ing Kangkam dwi
tinuding
ngirid wadya tri sasra //

15. Amirantya wiyasaning jurit
ingkang methuk sang raja Kistaham
kapethuk ing nu lampahe
Kistaham wadyanipun
kathah ingkang den antuk margi
mung putrane sakawan
ingkang datan kantun
kang sepuh nama Dyan Kobat
lan dyan Hadardyan estyari
Subakari
wadyane kang binekta //

16. Mung kalih dasa iku pan sarwi
ting kuthether nahan tan kawarna
pyagung kalih wus patemon
gantya peluk pineluk
sami onengira sang kalih
Kistaham sing sagednya
mahyaken basa rum
pamrihna tan katara
.teka dadak bisa ngusapi luh mijil
ngasih-asih tembungnya //

17. Langkung oneng pun kakang
yaywaji
salamine yayi datan sowan
mring Madayin prapteng mangke
raja Bahram lon muwus
kaka prabu rinta gih ugi
tan pae sru onengnya
alami tan pangguh
paran kang dados prawita
dene kakang ngantos sah sangking
Madayin
rawuh nagari Kangkam //

18. Mudha dama papa rinta aji
anglabuhi cipta kalepatan
banggi ta sampun pesthine
arinta kedah lampus
nedya mengsah nateng Madayin
raja Kistaham mojar
ya dhuh yayi prabu

pun kakang datan prabeda
pejah gesang nedya nunggil yayi aji
kasangeten bathara //

19. Nyakitken manah datan patolih
kula atur rembag tan dhinahar
aprakawis yayi mene
kula turi ngrerapu
den kaota samining aji
sagung ratu ngamonca
sru duk sang prabu
puwara kapanjang panjang
dukanira asanget damel saserik
pun kakang den pah umpah //

20. Datan memper lan ramanta swargi
miwah eyang eyang jengandika
kawula lajeng tan masweng
mangke kula tinundhung
den sretu yen ngambah Madayin
pindha wrejit cinuthat
ing jejempol suku
raja Bahram langkung suka
kakang prabu sampun susah ing
panggalih
pun ari andelena //

21. Kula ingkang badhe ngobrak abrik
kula ingkang nyirnakken Nursewan
malesken ing sawirage
lajeng bojana kembul
pra putranya Kistaham kari
rinaketaken sah
mring sri Bahram agung
tiniti titi tinanya
ing salire nalika aneng Madayin
sama jugak lan pada //

22. Dadya sang Bahram tan walang ati
pyagung kalih wus pulen upama
pulut ing ngancur belengket
antara ri ing riku
wadyanira Kistaham prapti
sangkep wisayaning prang
sandine angruruh
denya tresnaning gustinya
jengkarira tinundhung sangking
Madayin
katur sang raja Bahram //

23. Gya ken mesrahken mring
Kistaham nuli
werawisnya tiga belah sasra
mirantya sagagamane
wadya Kangkam ing riku
saben ari tansah geladhi
matuhken kridhaning prang
myang glaring apupuh
sang raja Bahram piyambak
ingkang mongka Atmiral
angumendhani
ing wadya wolung leksa //

24. Sang Kistaham sring tumur geladhi
tansah jurung pangalembananya
mring sri Bahram lah ing kono
Kistaham wuwusipun
dhuh yaywaji sampun prayogi
nadyan kedhik wadyanta
patempuhing tiyang Madiyan
nadyan kathah yayi tan dados
punapi
amengsah tiyang madiyah
ing sapengker kawula //

25. Langkung suka sang Bahram
miyarsi
bubar gladhi samya masanggrahan
sang Bahram lan Kistam golong
Kistaham aris muwus
kula darba nadar sakedhik
yen boten linuwaran
gih bok tambenipun
sinembur sawer pun kakang
sarwi mesem ing tyas midakeng
mamanis
yayi nadar kawula //

26. Yen kula prapteng Kangkam
nagari
lan yayi yen wus ekapraya
nadar bojana samangke
kapareng nguni ulun
darbe ronggeng langkung prayogi
wulangan kula pyambak
samangke anusul
yen yayi prabu miyarsa
sindhenipun ringgit kula pun Sri
Gadhing
tamtu yayi kasmaran //

## PUPUH XCVI

**Asmarandaha = 13 pada**

1. Sang Bahram prawireng jurit
nanging kau tan wiweka
Kistaham banjet nyenyete
dadya nuruti sang Bahram
mangkana panabdanya
leresipun kaka prabu
kula kang damel bojana //

2. Nging salagi kula mangkin
gelak panggladhining wadya
ingkang kula prelokake
sang Kistaham delingira
dhuh yayi tan punapa
pun kakang pan dede tamu
pahe tamu ring ngrikanya //

3. Adamel lingsem yaywaji
punika sadayanira
meja saisi isine
gih yaywaji kang kagungan
sapa kang tan katuta
Kistaham pambujukipun
pilih wong ingkang uninga //

4. Kocap sang Kistaham nenggih
ing samentasira prapta
pa lajeng sinung pakuwon
piniranti kang sarywendah
myang sawadya balanya
ing sajuga ri anuju
ngrikyarsa metokken akal //

5. Bojana tinata mranti
prenahnya aneng pandhapa
neng meja lajur ajejer
kinira sacukupira
parandel wadyeng Kangkam
taplak memplak seta mawur
sendhok porok mas pregulan //

6. Sarta inuman marnani
maya maya anggure rah
nganyut anyut gamelane
muluk arum suwaranya
pelog patutnya barang
adangu angayun ayun
mangkya prapta raja Bahram //

7. Lan kang parandeling jurit
ing pakuwon Kistahaman
raja Kistam methukake
terampil anyandhak asta
laju binekta lenggah
ing kursi tumumpang babut
sawur sekar campur ngambar //

8. Wong Sawral samya miranti
ing sinamun tan katingal
lajeng bojana karongron
putrane Kistam sakawan
datan milu bojana
anamung mandhireng pungkur
ring rama lawan sri Bahram //

9. Parandel Kangkam wus sami
kawrat sadaya neng meja
lekas bojana ing kono
eca sinambi ngandika
gantya larih ya imbal
prasetya anjur Madayun
aywa na ngoncati prana //

10. Nginum wilujengan sami
sadaya pra andel Kangkam
lan sang Kistaham gagenten
wus waradin panginumanya
sinambi pagujengan
senggakira wantu wantu
mangkya patih Bayawana //

11. Tan dherek tindak sang aji
pan kinen atengga pura
dahat tan sakeca tyase
wus lami wit praptanira
Kistam sawadyanira
agotong lan ratunipun
ajrih bádhyatur prayoda //

12. Nahan kang bojana lagi
saya wuru wuru dawa
dupi rumangsuk ampuhe
daru besi wor minuman
sagung punggaweng Kangkam
ya ta aniba sadarum
raja Bahram grahitengtyas //

13. Yen kena paekan yekti
wiyasanira Kistaham
raja Bahram wus karaos
sinarapeksa kumuwat
mangkana ciptanira
nadya sun matiya sampyuh
lan Kistaham mundur sigra //

## PUPUH XCVII

**Durma = 22 pada**

1. Nyat umadeg sangking
palenggahanira
sarywa anyandhak kursi
arsa sinawatna
maring sang raja Kistam
sru gumeter sri bupati
anulya niba
wong Sarwal angebyuki //

2. Ingkang aneng simpenan metu
sadaya
Sri Bahram datan keksi
nulya winengku rah
binronjong sawongira
wong Kangkam geger gumirih
wus kaprantenan
kalulun samya lari //

3. Ambyur buyar dene sagung
kapalanya
tan ana gagal siji
mung ki Bayawana
lan nenem kancanira
Macam Gaong kang sawiji
lan Macan Malat
tiga pun Kebo Keri //

4. Lan pun Bantheng Gembeleng pun
Walang Anggas
nenem lawan ki patih
ciptayun labuha
ngamuk oleh sepira
wong nenem dadya apikir
tresnaning raja
sedyarsa atut wuri //

5. Ing sri Bahram namung sangking
katebiyan
ciptarsa wruh dadining
pejah myang raharja
yen ratune parastra
wong nenem tan nedya urip
ya ta wong Sarwal
rame dennya jarahi //

6. Jroning pura gemet ulet tek entekan
pura laju binesmi
sang Kistam nabda
heh kulup Kobat sira
kewala muliya dhimin
banjur sebaa
ing sri Anyakrawati //

7. Lamun ingsun dinangu watara dina
iya anusul mami
awit ingsun lagya
angimpuni wong Kangkam
sakarine kang lumari
lan iku Bahram
iya iriden dhimin //

8. Aturena kalahe iya lan ingwang
tarung gada ing jurit
neng madyeng palagan
lah wus mangsa bodhowa
enggonmu mamrih pakolih
atmaja mangkat
bronjong lumakyeng ngarsi //

9. Radyan Kobat sawadya prayitneng
baya
raja Bahram duk eling
sru kaduwung
cipta leheng parastra
yun budi tan kena mosik
pan kinakencang
asta bahu myang sikil //

10. Gereng gereng bengkak ningseti
rantenya
kadi satengah mati
kawarna Kistaham
kang ngimpuni wong Kangkam
dupi wus antara ari
anulya budhal
wangsul maring Madayin //

11. Sawadyane gumerah samarga-marga
yayah sela blekithi
akathah wewahnya
kuneng dantya kawarna
sri sudibya Nyakrawati
dupi miyarsa
lamun Kistaham prapti //

12. Nulya patih Bestak lan kang para
raja
sadaya ing Madayin
kinen amethuka
praptanira Kistaham
sigra asiyageng dasih
saha warastra
sigra budhal gumirih //

13. Gora bentar swaraning tengran
barungan
muntab mijil sing nagri
wus lepas lampahnya
dupi antareng marga
cundhuk lan dyan Kobat nuli
pajar purwanya
madya prapta mekasi //

14. Wangwang sagung pra raja gantya
wawarta
wawadule gumriwis
dhuh angger samangkya
risak tataning praja
awit sutaning patinggi
Mekah samangkya
angabdi wonten Madayin //

15. Sakalangkung kinasihan mring
bathara
inganggep kadi siwi

pambajenging nata
sawadya Puseralam
para raja myang dipati
mantri satriya
tekan ingkang pekathik //

16. Sami tuwuk dening paparinging nata
dyan Kobat tatanya ris
lah rama dipatnya
Bestak punapa datan
atur rembag mring sang aji
awit sang nata
karsanipun salisir //

17. Ya dhuh angger kados wus tan kikirangan
denya atur prayogi
nanging tan kedhahar
kandhih ture nembahan
kang mak umik jajantoni
pandungi kula
sang nata den lebeti //

18. Sihing nata denya dede suwadosnya
dening sanens agami
mila kanca-kanca
nayaka pra raja
meh sadaya sami kingkin
sing panembahan
denya sugih nik umik //

19. Pangasihan guna kalangkung alembat
malah angger ing mangkin
ing wijahan retna
pancen rama jandika
sampun kinen anglinggihi
dhateng pun Kamzah
tan saged aningali //

20. Sagung konca kang para nayaka raja
kawarni pun sang aji
gih boten kadosa
Dyan Kobat malih nabda
gih yen kawula wus prapti
nagri Madiyan
arsa kula ajari //

21. Nak patinggi si pekir gumuna guna
lajeng lampahing baris
prapteng jro nagara
nuju ing ari Soma
sang nata miyos tinangkil
ing pagelaran
supenuh kang sumiwi //

22. Penembahan Betal Jemur datan tebah
jeng sultan wus sumiwi
myang sagung pra raja
nayaka Puseralam
tan ana pambeng sawiji
ndherek gustinya
tata lir gula milir //

## PUPUH XCVIII

**Dhandhanggula = 16 pada**

1. Dereng dangu sang Anyakrawati
denya miyos aneng pagelaran
ki patih atur sembahe
atur uning pukulun
yayi Kistam tan estu prapti
dene mangke kang prapta
namung sutanipun
anakmas rahaden Kobat //

2. Dene iku teka tan ngudhuli
si Kangkam sumedya muteringrat
teka gelem dibaronjong
tur mung lan Kistaham iku
mandah kongsi mungsuh ki Amir
lah nili timbalana
Kobat mring ngarseng sun
si Bahram dimen neng jaba
radyan Kobat saksana umasweng
ngarsi
nata alon ngandika //

3. Salametan Kobat sira prapti
matur nuwun kapundhi mustaka
prasapa dalem kang dhawoh
ing dasih ta sang prabu
angandika praptamu kuwi
sira kinongkon apa
marang bapakmu
radyan Kobat tur pranata
prapta amba masweng paduka
dewaji
wiyosipun patik bra //

4. Kinengken ing pun bapa tur uning
denya nglampahi ayahan nata
angsal barkah dalem mangke
nagri Kangkam wus gempur
tuwin rajanipun samangkin
katur ing padukendra
ngandika sang prabu
sri Bahram kinen ngunjara
sri narendra mring Kobat andangu
malih
paran pratingkahira //

5. Si bahram denya kecekel urip
dene ambeke kagila-gila
wekasane nora teyeng
Kobat anata atur
yaktos lamun prawireng jurit
pilih yen kuwawiya
gih katujunipun
karsa paduka narendra
ingkang kinen
nglurug pun bapa pribadi
lan sasadherek kula //

6. Upami kanca para narpati
kados boten wonten ingkang
nongga
Bestak anyela ature
gih nakmas bener niku
atur dika dhateng sang aji
mangkaten purwanira
denira kapikut
sampuning angaben bala
tiyang Kangkam kathah longipun
kalindhih
ingkang gesang sasaran //

7. Pun Bahram nuten majeng ing jurit
ngamuk punggung abdi dalem
Sarwal
akathah ingkang kalaton
panggah Bahram dipun byuk
amalurut boten nedhasi
sadayastraning yuda
saya ngiwat ngiwut
nulya majeng ri kawula
tiga pisan gentos gentos tan kuwawi
nulya kula piyambak //

8. Ananggulang lan Bahram ajurit
gentos katempar nunten pun bapa
tutulung Bahram kinaron
punika kawonipun
kinaliyan lawan ing jurit
pun bapa lan kula
kula rangsang puran
kengingnya kawula besta
panembahan Betal Jemur duk
miyarsi
namane esemira //

9. Sarwi ngliring mring sultan wiradi
tumimbang mu kangjeng sang bathara

uning nembahan eseme
nulya alon andangu
apa bapa kang ko esemi
matur boten kadosa
kawula gagetun
ture di dalem pun Kobat
kawone di dalem pun Kobat
kawone pun Bahram neng
madyaning jurit
lan pun anak Kistaham //

10. Inggih katujunipun sang aji
pun raja Bahram karumiyinan
linurugan mring nagrine
yen ta ngantosa nglurug
mriki kados abocar bacir
mangke pun anak Kistam
dhateng pulungipun
kaprawiraning ngayuda
iba laminipun mangke anuruni
luluwurnya ing kina //

11. Mila wijahan prapteng samangkin
dereng nate pyambake alenggah
ngajeng ajeng ing samangke
lunggyeng wi jahanipun
dene sampun awit nuruni
sagung pra raja Mekah
eseme kacemut
wrin lejeme penembahan
lajeng boja drawina midor kang
larih
nganyut anyut mradongga //

12. Senggakira imbal angedhasih
ping tri sumrebeng dungkap
kaping pat
samya wuru sadyane
mung dyan Kobat ing riku
sring pinaring wilujeng aji
dera tas antuk karya
denya nglurug unggul
myang jeng sultan asung kurmat
den jak ngunjuk wilujengan lan
para ji
Mekah samyangsung hurmat //

13. Dumadya wuru sanget pribadi
mandeng mandeng mring sultan
wiradya
tan prasaja denira non
anggeget lathinipun
muntab krodhaira macicil
tan kampah myat jeng sultan
lunggyeng palowanu
limut neng ngarsaning nata
wang wang nojar heh cacedhis nak
wong pekir
dene datan pangrasa //

14. Negenak enak sira wani linggih
ana ing wijahan palowarna
iku bapakku kang pancen
lungguh wijahan iku
prande durung tau nglinggihi
priye pangrasanira
pa kokira patut
lah age sira muduna
sang wiradya alon denya anauri
sywa ta murang krama //

15. Saru aneng ngrasa dalem aji
kula lungguh niki neng wijahan
dede karep kula dhewe
atas karsa sang prabu
yen dede karsa narpati
mongsa kula waniya
balik dika muwus
segelem aneng ngrasendra
yen aprentahing nata amesthi mami
mudhun teka wijahan //

16. Kobat saya krodhanya mawengis
mulya ngadeg sedhet narik pedhang
denya lumaku angonyor
sedya medhang sul tahun
gadgada sang raja apatih

ngadhangi gya mundur
apa nggah tan mundur
gya tinampiling dyan Kobat
sru anipba klesedan dangu tan eling
mubeng lir pendah jongka //

## PUPUH XCIX

Pangkur = 22 pada

1. Duk eling anggagap pedhang
mara malih sigra sang umarmadi
ngandhangi pinedhang gupuh
tumembel jajanira
tan karasa tangannya kobat
rinangkus
binanting aguladrahan
wong Sarwal yun tulung wadi //

2. Dene neng ngarsaning nata
sira Kobat dupi eling gya tangi
nateng Ngyaman mundhuk-
mundhuk
lan Wusman nateng Kebar
Kobat kawus jungkelak bali gya
lungguh
tambak yuda nuli mara
radyan Kobat den bekemi //

3. Sami lirih tinakonan
napa ngelu wahu duk tinampiling
Kobat sru nangling hus drundus
age lungaa mrana
aku tan betah ambune
gedublongmu
Umarmaya malah nyerak
saya krep denya bekemi //

4. Sangking tengen sangking kiwa
gebang gebing kongsi marabes mili
gumyak wong Ngarab gumuyu
sang bathara ngandika
kari ampuh Kobat lan
punggawaningsun
ya ki Jayengprawiradya
dhep dhep sirep wong Madayin //

5. Sang nata jengkar ngadhatyan
kebut sagung para raja kang nangkil
patih Bastak lan pra ratu
punggawa ing Madiyan
ulihira sadaya ulate sunttrut
saya manjing sengitira
mring satriya Puserbumi //

6. Ki patih nyipta upaya
paran baya dadine ing Madayin
nahan sang suryeng ngapupuh
wus rawuh pasanggrahan
sawadyanya dupi sontennya
kawuwus
jam gangsal Kistaham prapta
gumrah sanagari Madayin //

7. Laju panggih patih Bestak
myang pra raja sadaya ing Madayin
ki patih Bestak wawadul
mring Kistaham mangkana
ya dhuh yayi marira tan saged dulu
ing karsana sri narendra
sihipun dhateng pun Amir //

8. Gumrumung sagung pra raja
ganti ganti ngempyang bem
anggenderi
gender gopel nit enit nul
guyub manjing sengitnya
raden Kobat wawadul mring
ramanipun
saksana nabda mring putra
dene nora kowe wisi //

9. Laletheke ing nagara
pedah apa neng praja nyunyukeri

kang putra malih turipun
rama boten kadosa
sri narendra teka kadi kenging
cindhu
palowanu palenggahan
tuwan kang kinen ngenggeni //

10. Kistaham dadya anyentak
sruning juwet wawadule gumriwis
dene nora ko talikung
Kobat kang kaya sira
kaya dudu tedhak ing ratu
dibyanung
wadi lan taliti kumpra
kang putra Kobat turnya ris //

11. Meh mawon kula cangkalak
anging kula emut neng ngarsa aji
sampuna neng ngarsa prabu
kadi sampun babandan
ing sarawuh Tuwan Destun kantun
namung
kinaryan jajal curiga
wis menenga ja pinikir //

12. Be sesuk bahe mesisan
jaba aku dhewe kang anguwisi
tak sirnakne si dadohun
kuneng ing kapatiyan
pan aroyom lawan para raja
kumpul
ki patih nangling mamela
yen awet kadi punika //

13. Yagi pun kakang tan bisa
anglakoni karsanira sang aji
seleh kapatiyan ingsun
nglinge raja Kisteham
ywa sangsaya ki lurah yen meksih
ulun
pun pekir tamtokna minggat
sangking nagari Madayin //

14. Nahan ratri tan winarna
enjingira Kistaham arsa manggihi
mring sultan gelarnya alus
dinugi wancinira
lamun kanjeng sultan sowan pukul
wolu
para putranya sakawan
ing bapa Kistaham angiring //

15. Prapteng prenah pasanggrahan
Puseralam sang Kistahan munganti
tan dangu sultan kadulu
Kistaham laju lampahnya
sasrengan ing marga pagut pandulu
Kobat ling punika Kamzah
sang Kistaham gya ngudhuni //

16. Sangking ing turangganira
amrepeki jeng sultan duk ningali
pun Kobat manyipteng kalbu
baya iki Kistaham
gya tumedhak sultan ing
turangganipun
saksana gapyuk tabeyan
asteng sultan den arasi //

17. Jangga gantya ras ingaras
ing wong luwes kadi tan angsal kalih
lir Kistaham gelaripun
sang Kistaham ngrarepa
ya dhuh angger papakuning bawana
gung
sarawuh tuwan Madiyah
pun bapa datan meninggi //

18. Yen angger tambet pun bapa
raja Kistam Sarwal prajmba yekti
mangkandel nagri Madayun
punapa ngger raharja
tuwin yayahrena ingkang sami
kantun
jeng sultan mangsuli nedha
inggih paman sami sami //

19. Raharja sapengker kula
wangsul paman napa sami basuki
inggih ger sami rahayu
lajeng dugekken lampah
pan ajajar kudanya raet ing ngenu
sinambi apaguneman
sagung pra raja ing Ngarbi //

20. Pan asmu nora kaduga
mring Kistaham dene tembe
pinanggih
patrape wadi ing semu
dadya sami prayitna
raja Maktal Marmadi Jusman gya
maju
rebut celak ing jeng sultan
tata benggang ing lumaris //

21. Yen Sompok ngunus curiga
lamun temah ana krepek ing ngarsi
aja telangke ing pungkur
ing wong Sarwal kagentyan
kadhesek ing pra raja Ngarbi
gyanipun
dadya wong Sarwal neng wuntat
mung putra catur kang sami //

22. Aneng wurining sudarma
mangen angen cipta saiki Amir
bilahining antakamu
katanggor lawan rama
rasakena asu pekir nora urus
samangkana sang Kistaham
lir ngapus mudha taruni //

## PUPUH C

**Sinom = 25 pada**

1. Wus bonyo denya paguywan
samarga suka sang kalih
mangkana raja Kistaham
jeng sultan wawangkinganing
tansah den emeki
sinamun lawan lumaku
denya midih bangkekan
mamrih sultan Sah sing wajik
putranira wahu sampun
winangsitan //

2. Samangsane Kamzah tiba
karubuten dipun aglis
ing jeng sultan datan obah
Kistam rosane wus ngerig
ameksa datan osik
mukanya lir metu marus
karingete riweyan
jeng sultan grahiteng galih
sigra males sinamun lawan
ngandika //

3. Pan sarwi mesem mangkana
de paman neng Kangkam lami
sang bathara ngarsa arsa
Kistam boyoknya pinidih
ing panuduh satunggal
gumrepyak babalungipun
Kistam ulate biyas
sumaput kedhik pecerit
nang calana muwus ririh
angrerepa //

4. Dhuh angger ywa kaduk tompa
gugujenan tan punapi
amung nunuwun pun bapa
sampun corah ing lyan jalmi
sultan ngandika aris
kula paman bangun turut
umedhot sultan tyasnya
enget bangun turut puri
wangwang nangling mongsa kula
awawarta //

5. Kistam neng amarga sakedhap
leren aken mendhet warih
sengadi sene kewala
batine cewok pacerit
ringkak-ringkak lumaris
anjarem baboyokipun
nahan sultan wus prapta
panangkilan ponca niti
pra gung-agung Madayin pepak
sadaya //

6. Raja Kistaham wus prapta
lenggahnya caket lan patih
jeng sultan wus neng wi jahan
andher pra prawireng Ngarbi
miyos sri Nyakrawati
ampilan ngarsa madulur
manggung palara-lara
surya biseka mrik mingging
rraginata apapaes matut imba //

7. Mawasa Mir malicrema
banyak dhalang sawung galing
kidang rukmyardawalika
kebut myang jatmaga rukmi
kacu lentera wuri
wus dene kalawan saput
sang bathara wus lenggah
panembahan datan tebih
munggeng karing obah sagung kang
sumewa //

8. Dhodhok atilar sayana
ngandika sang Nyakrawati
mring putra pangeran raja
kulup alinggiya nuli
ika selak den anti
kakangira Jayengsatru
pangran ratu gya lenggah
jeng sultan lenggah nyarengi
putih Bestak tumungkul tan bisa
mulat //

9. Ingawa mring sang bathara
dadya nora wruh tumuli
jinawil mring kancanira
wus samya kinen alinggih
pra nayakeng Madayin
Kistam tan tebih gyanipun
lankya dipati Bestak
ngandika sang Nyakrawati
mring nembahan betal Jemur heh
ya bapa //

10. Pagene iku Kistaham
wong prapta mentas sun tuding
anglurung tur oleh karya
teka tan matur tumuli
suwe sun anti-anti
ulate malah asuntrut
jamak wong oleh karya
benere bungah ing ati
iku nora apa bapa karanira //

11. Panembahan aturira
duk wau wonten ing margi
gugujengan lan pun Kamzah
sedyanipun angayomi
kinten samangke maksih
anjerem baboyokipun
sang nata angandika
Kistam kapan gonmu prapti
raja Kistam smu kagyat myarsa
timbalan //

12. Nging tansah ngrembag boyoknya
dene dereng den paremi
dadya gugup aturira
dewaji ing dinten wingi
jam gangsal amba prapti
samya mesem kang andulu
sagung prawireng Ngarab
Kistam kataresmu isin
namun ulat kukur kukur
kupingira //

13. Dinuk ing tinggal narendra
saya tumungkul sru ajrih
nging tan pegat baboyoknya
ingkang maksih dadi pikir
nata andangu malih
Bahram widira kapikut
matur lir ture Kobat
ing nguni pan wus rinakit
wus ceples anak lan bapa sama
jugak //

14. sang nata lajeng bojana
kembul dhahar lan paraji
larih mider mring pra raja
langkung suka sri bupati
denya nginum mawanti
para raja samya wuru
candrane kang minuman
mangran ika padma sari
dwi martani kaping tri busana //

15. De kaping catur wanara
ping lima kaponca nami
candrane surama panggah
nenem sad gunaweka nir
sapta kukilartining
yen kaping wolu wong minum
astha kacara cara
ping sanga nawa grama nglih
ping sadasa aran dasa buta lina //

16. Yen lagyan tuk sa dhadhasar
salirning kang den tingali
upama katon lir kembang
ping pindho ran dwi martani
ngatokken arjeng budi
kula busana tri telu
nadyan nganggo moh amohan
pangrasane wus ngluwihi
ing sumbaga kaping pat catur
wanara //

17. Kadi palwage binoja
damba tanggon maring bakti
kaponca surama panggah
mempenge maring kuwanin
sat guna wekartining
wus sirna sakeh pakewuh
pitu sapta kukila
deres lir ocehing peksi
kaping wolu ran astha kacara cara //

18. Nir wawadining sarira
den andhar marang liyaning
ping sanga nawa gra lapa
yekti wus tan bisa linggih
sadasa buta mati
kang wus tan eling jepupung
denya nginum sang nata
pan catur dhadhasar lagi
sang Kistaham sumrebeng andiking
tingal //

19. Duk umyat maring jeng sultan
denya lunggyeng palowani
asru ing pangucapira
si Arab tan wruh ing dhiri
tan pangrasa sayekti
nora anoleh githokmu
lungguh aneng wi jahan
sira nak patinggi Ngarbi
ya wijahan iku apan duwek ing
wang //

20. Dudu yeng iyengmu Mekah
kang ninggali palowani
iku wit sing canggah ing wang
kang aran prabu Sanarim
tumurun buyut mami
raja Asthakenas dibya nung
muli mring eyang-ingwang
sri Rurustam wireng jurit
mring rameng wang aran prabu
Ibruskara //

21. Mengko tumurun maring wang
palowani iku yekti
pancen gone wong prawira
nora tahu den linggihi
kumpra lir sira iki
sumengguh wani alungguh
nuli age mudhuna
sang Jayengprang ngandika ris
paman Kistam de banget saru
sojarta //

22. Salah ulat trus ing kecap
amurang kramaning niti
dudu linge wong prawira
tutur andika wit sangking
luwur dika pra sami
sadaya prawireng pupuh
pantes aneng wijahan
kang dadi karsaning aji
uluh darma alinggih aneng
wijahan //

23. Wit sangking karsaning nata
sang nata ngandika aris
maring nembahan Pijajar
lah basa kepriye kuwi
alon ture sang yogi
kalih sami leresipun
pun kistahan mila leres warisira //

24. Lan dene paringan nata
wijahan punika nguni
babektan sing nagri sarwal
nalika prabu Sanarim
yen lan karsa sang aji
pun kistaham bilih purun
den udhuna piyambak
pun Kamzah sing palowani
yen kaguling inggih pun Kamzah
kang lepat //

25. Yen boten saged Kistaham
pribadi kang tetap sisip
nulya sang nata ngandika
Kistaham yen sira wani
lah rebuten pribadi
si Kamzah udhuna gupuh
saka wijahanira
lamun si Amir kaguling
bener sira Kistaham dahat
kurdhanya //

## PUPUH CI

**Pangkur = 17 pada**

1. Dan angatag ingkang putra
kang wuragil rahaden Subakari
mangsah narik pedhangipun
gupuh sang raja Harjan
pedhangnya Subakari rinebat purun
kinukuhan garejegan
Subakari tinampiling //

2. Ajiba sru kapidara
kakangira mangsah radyan Ardasih
anarik curiganipun
gupuh sang raja Jusman
amegati Ardasih nuduk mawantu
wangwang curiga rinebat
tangan cinandhak binanting //

3. Gulangsaran aneng kisma
raden Estu mangsah netranya
andika
sang raja Tohara gupuh
raden Estu cinandhak
tangganira binuwang doh tibanipun
gya Dyan Kobat kang ingatag
maju kethimik kethimik //

4. Ajune mung mangga peksa
ajirih sangking pangatanging
sudarmi
batine wus mambu ilu
nulya sri Baudhendha
andamoni sing tebiyan tanganipun
Dyan Kobat bali cungkelak
sang Kistaham langkung runtik //

5. Mangsah geget geget waja
amurungi gyane Sutan Sayidi
Marmadi dupi andulu
Kistaham ngabar pedhang
gya pinegatan Kistam medhang
mawantu
sarosa tan winigatya
wulu salomba tan gigrig //

6. Asru dhineseg Kistaham
mundur mundur nulya cinandhak
aglis
gumenyeng Kistam jinunjung
den bat abitken tawang
lir likasan Kistam murus mancur
mancur
geger wong sapasawakan
kang samya katiban tai //

7. Kang samya nampa ampilan
bubar mire kang kacipratan dening
Kistaham denira murus
panembahan Pijajar
lon ngandika Baudhendha wis ta
bagus
sedheng wong padha paguywan
saru aneng ngarsa aji //

8. Gya sinelehken Kistaham
sumaranthal wonge kinen met warih
sawusnya denira wisuh
mulya bali gyanira
Guritwesi amarani mundhuk
mundhuk
sang Kistaham tinakonan
napa ndika lara ngising //

9. Bak gih pambeng ampun seba
wong amurus lah niki kadi pundi
mung den dumuk mancur-mancur
Kistaham wuwusira
hus wong ala teka dadak melu-melu
wis kucing lungaa mrana
aja neng kene daleming //

10. Kono sagunging pra raja
ing Madayin luwih Bestak ki patih
tyasira kadi ginerus
kadi dinten punika
nedya numpes maring wong Ngarab
sadarum
amung nenga mring ratunya
pra raja anginggit-inggit //

11. Ting kalesik bibisikan
ting karendhuk weneh atudang-
tuding
myang na sapih tanganipun
gereng-gereng ana kang
gedhek gedhek kakejepan bekah
bekuh
nadyan pra prawireng Ngarab
prayitna durgameng westhi //

12. Kang sinawang mung gustinya
ing lalejeming netya kang liniring
myang nembahan Betal Jemur
lumyat ing kedhap kilat
ywa telangke yen wong Madayin
barubah
anedya matyeng dadangan
warastra samya rinakit //

13. Anulya sang Tambakyuda
mring ngarsendra cikrak-cikrak pan
sarwi
macucu wetenge mlembung
kakayang cacabolan

menthek-menthek paperotan asru
muwus
lah iki priye tatanya
wong aneng ngarsa narpati //

14. Dene padha tanpa ngrasa
ngrusak siku gumendhung murang
titi
apa wis tan ana arus
adiling ratu tama
mengko ana wong kawirangan
kiraku
yen kabanjur ngrusak tata
gumujeng sri Nyakrawati //

15. Dhedhep sagung para raja
sang bathara jengkar kondur mring
puri
sagung kang saweka kabut
para rajeng Madiyan
menggah-menggah patih Bestak
kang asayut
heh kanca kang lereh sabar
sampun ta kabujung wani //

16. Ing tumbe mangsa wandeya
tamtu minggat sangking nagri
Madayin
kula damu mawon kabur
dugi dhangkaning Mekah
ywa sumelang kula dhewe ingkang
saguh
dadya sagung para raja
ngandel mring Bestak ki patih //

17. Gya mantuk sowang-sowangan
kangjeng Sultan sakul awadyeng
Ngarbi
pun atata tindakipun
wus prapteng pasanggrahan
kuneng gantya kawarna dyah
puraning rum
kusuma retna Muninggar
kang tansah among wiyadi //

## PUPUH CII

Asmaradana = 23 pada

1. Manggyabdi kang tas tinuding
nalika mring pasewakan
ni mbok emban sapraptane
matur mring sang kadi retna
gusti sampun kawula
analika wiyosipun
rama paduka bathara //

2. Gusti genipun manggihi
dhatenge raja Kistaham
pepakan kang para katong
satriya ing Puseralam
ngedhengkreng ing wijahan
tuhu lamun bagus tulus
budi darma tameng prana //

3. Kang cahya nelahi wening
sawang sasangka basonta
ngebeki panangkilane
kadi rinenggang sasotya
gusti saupaminya
ing rama dalem kemantu
sampun nyamleng boten siwah //

4. Lawan rayi dalem gusti
pami jambe siniger byak
namung kaot prawirane
sang retna dupi miyarsa
wibuh kasmareng warta
pangudarmaning kalbu
paran baya marganira //

5. Goningsun weruh warnaning
kang agawe lara brangta
nging sru piningit wadine
lumuh yen kongsi kawedhar
jrih mring sudarma raja
dumadya pinreming kalbu
jiwa nglong nandhang wiyoga //

6. Masukeng tyas dhatu puri
ya mulet wirangga cipta
tarlen kapyarsa katongtong
kang ati mukswa murcita
gumeleng kang weh brangta
ing nala galang gumulung
mring satriya Puseralam //

7. Ban inyane sang retna di
myat gustinya ngrujit nala
sadaya susah menahe
dhuh Gusti sun dama dama
pundi gen angawula
yen gusti temah rimangkung
paranta datine baya //

8. Tandya na emban sawiji
maripih mring gustinira
gusti dudugen kemawon
ningali sihing ramanta
kados wonten empernya
atebih ing wandenipun
amung panuwun kawula //

9. Gusti yogi den antosi
kang kalawan ririh sabar
sawitne pun biyung angger
pangajeng-ajeng kawula
tan pae lir paduka
selak kepangin pun biyung
ngladosi gusti kaliyan //

10. Nahan sang retna sutaji
kang lagya among wiyoga
sang bathara anjing miyos
pepak sagung kang siwaya
jeng Sultan Sayidina
sapanggawa para ratu
atata prayitneng gatya //

11. Dhedhep sagung kang sumiwi
derengnya nata ngandika
gya Marmaya menthek-menthek
mring ngarsa nembah cedhokan
pukulun lepat kula
nyuwun apunten kang agung
nata smu gujeng tumingal //

12. Mring solahe Guritwesi
sila dheku ngapurancang
angusap usap bahune
nata ngling sirarsa apa
seba ing ngarsaningwang
pun Bahram yen pareng prabu
Kawula ajeng uninga //

13. Tan sangking punapa aji
namung yen kang kinunjara
kalintu dene ratune
ing nguni kula wus wikan
dhateng ratu ing Kangkam
malah satengah meh wanuh
Kistaham asru anyentak //

14. Apa dadak aku pangling
mring Bahram ratu ing Kangkam
Kistam matur mring sang katong
sampun ngantos linilan
panuwune Marmaya
nata ngling dulunen gupuh
mrana dhewe mring kunjaran //

15. Marmaya ature ajrih
prayogi katimbalana
ing ngarsa dalem sang katong
tinon ing di dalem kathah
supados yen kawula
dhateng ing pun Bahram pandung
warninipun kanca-kanca //

16. Yen enget salah satunggil
sang bathara gya anduta
dadi kurang prayitnane
rekyana patih tur sembah
dewaji kasinggihan
ngandika malih sang prabu
patih nungguh wartanira //

17. Gone neng nagri Madayin
si Kamzah iku dinggwapa
rekyana patih ature
kadamel lir senapatya
kalangkung kinasihan
dhateng sang nata Madayun
tan myat lyanipun pun Kamzah //

18. Gedernya badhe pinipil
mantu dhateng sang Nursewan
pinanggihken lan putrine
ingkang nama dyah Muninggar
sang nata dupi myarsa
rekyana patih turipun
lir winungu dukanira //

19. Cipta nir kehning dumadi
yatna kaprawiranira
kawuri kaki-kakine
sinara peksa akuwat
sangking manah sudira
sang nata ngandika asru
dina sesuk tindakingwang //

20. Wong Kebar aywa na kari
patih saosa kang enjang
sang nata jengkar ngadhaton
nahan ing dalu sang nata
datan saged anendra
bangun busana sang prabu
ing jawi rame swaranya //

21. Tengeran barung tinitir
warna-warna kang tabuhan
gong beri salompret bendhe
kang teteg kaya butula
pasewakan byar aglar
atata sajuru-juru
perang-erang juga-juga //

22. Sagung kang para dipati
pajeng tunggul tengranira
tandya tindaknya sang katong
pratistha swandana liman
lawak pajengkar abra
wadya kanan-kering anub
lir pendah giri kancana //

23. Myang wana giri kabesmi
sagung kang para dipatya
ya tengran tunggul pajenge
umbul-umbul myang daludag
watang kang winegigan
srang krebet ing payung agung
ya wahana warna-warna //

24. Yayah gonjing kang pratiwi
srang swareng wadya lalampah
lir kocaking samodra rob
balabar ngebeki papan
wana-wana kebekan
sangking gunging kang lalaku
sinerot lampahing bala //

25. Datan kawarna ing margi
tindaknya sang nateng Kebar
prapta ing tapel watese
jajahan nagri Madiyan
seratri masanggrahan
enjing budhal kang winuwus
Kistaham lir ngrangsang arja //

## PUPUH CXV

**Durma = 23 pada**

1. Dahat dera musakat amurang marga
saatmajanya katri
lan wolu baturnya
kocap kapethuk marga
lan baris ageng pangarsi
Kistam tatanya
marang cucuking baris //

2. Heh ki sanak manira iki tatanya
niki gagaman pundi
mring pundi sinedya
lan sinten namanira
ratu kang andika iring
ngling kang tinanya
wruhandika puniki //

3. Dadameling Kebar bathara
Alkamah
arsa dhateng Madayin
angukum pun Kamzah
ngudi tuwuh karsanya
dene putranya ing nguni
nama sri Usam
pinejan mring pun Amir //

4. Wonten Ngarab Kistam dupi
miyarsa
nulya sami apikir
lan putranya tiga
heh kulup becik uga
tinepungan dene iki
iya sumedya
mateni mring si Amir //

5. Putra matur aleres karsa paduka
Kistaham wangwang panggih
lan patih Kebarsah
wus wawarta niskara
ki patih ngungun miyarsi
tandya den ajak
marek ing sri bupati //

6. Prapteng ngarsa sang nata dangu
mring patya
heh sapa iku patih
kang dinangu nembah
punika ratu Sarwal
senapati ing Madayin
sen-isenira
wijahan palowani //

7. Nging samangke Bakil lan pun
Jayengrana
kesah sangking Madayin
sang prabu Nursewan
wus tan maelu mila
samangkya masweng ngrasa ji
tur pejah gesang
kang yogi angekahi //

8. Aturipun yen ta menggah den
abena
inggih lawan pun Amir
pyambakipun sagah
mung pangestu paduka
wontena kang babotohi
dene Nursewan
ambombong ing pun Amir //

9. Sri Alkamah asru dengan
angandika
heh ya aja kuwatir
patine si Kamzah
wus aneng ngastaningwang
upama ratu Madayin
ngukuhi Kamzah
sun jur sisan kang nagri //

10. Sun karya buwana balik karang
abang
sira dadia aji
ana ing Madiyan
cumeplong tyasnya Kistam
saiki layak babar ji
si Jayengrana
iya sapisan iki //

11. Heh Kistaham kari sapira dohira
nagara ing Madayin
Kistaham aturnya
inggih nagri Madiyan
kantun tri ari ing margi
nata ngandika
lamun mangkono patih //

12. Ge budhalna gagaman cucuking
lampah
karsengsun munga kari
lalakon sadina
kya patih gya tangara
jadhel sagunging prajurit
anerot lampah
kuneng gantya kawarni //

13. Raja patih Maktal nuju neng pasowan
inggih Banjar Manganti
pepak para nata
Jusman atur pranata
umatur mring raja patih
ki lurah kula
terang myarsa pawarti //

14. Lamun nagri dalem ing Kebar samangkya
wonten kang madeg baris
prenah kaki kula
namanipun Alkamah
sampun magawan ing nguni
nalikanira
pun bapa madeg aji //

15. Sapejahnya pun bapa kaki Alkamah
umadeg ratu malih
sumangga ki lurah
yen pareng lan karsanta
inggih kawula pribadi
kang darbe karya
kula mung nuwun idi //

16. Dalem ingkang minangka jimating yuda
coba yun mengsah kaki
murtad ing agama
kula isin dadosa
dameling kanca para ji
ngling raja patya
den sumene kariyin //

17. Bab ing perang boten kena ginampangan
gedhe-gedhening kardi
kudu kauningan
manira jrih nanggela
upama anak pribadi
ingkang kumampah
bok yen apindho kardi //

18. Awekasan ngagengaken tyasing mengsah
niku ewade yekti
mila den sabarna
kula enggal-enggala
munjuk tur uningeng gusti
bok mene dadya
kejut temah ginalih //

19. Tipis tyase sagung kanca para raja
mangkana raja patih
nulya asemonta
mring sagung para raja
sri Kalkarib Umarmadi
myang nateng Yaman
nahan malih kawarni //

20. Nateng Kebar tansah lan raja Kistaham
kinathik ing samargi
ngling sang sri Alkamah
maring raja Kistaham
heh Kistaham tindak mami
yen rembug sira
sun masanggrahan dhimin //

21. Aneng kene sedheng dohe lan Madiyan
sun arsa kirim tulis
turira Kistaham
inggih sumawi kula
papannya langkung prayogi
wyar celak toya
kanggenan geng ing baris //

22. Abdi tuwan ing Kebar langkung kathah
yen arsa mamrep jurit
wus tan patos tebah
ngriki sangking Madiyan
prabu Alkamah anuli
aken anurat
maring kang juru tulis //

23. Wusnya dadya sang nata sigra
anduta
ing pangalasan mantri
amundhi nuwala
maring nagri Madiyan
lampahnya cudaka mantri
sami nurangga
gal-enggalan smu barangti //

## PUPUH CXVI

**Asmaradana = 27 pada**

1. Kawarna nagri Madayin
sang bathara Nyakrawatya
ri sedhengira amiyos
pepak para ji satriya
punggawa hulubalang
pra nayaka anung-anung
jejel ngarseng sri mahraja //

2. Lir adat wiyosan aji
patih Bestak munggeng ngarsa
nahan ing riku kacriyos
wonten wong juru tampingan
matur mring patih Bestak
ki patih dan matur prabu
pukulun dasih tur wikan //

3. Yen jajahan ing paminggir
wonten dadamel geng prapta
sangking Kebar pawartine
anamung boten babahak
kasaru duteng Kebar
prapta patih kang jinujug
kang sarywa mundhi pustaka //

4. Ki patih matur sang aji
punika wonten caraka
sangking Kebar jujuluke
sang sri bupati Alkamah
sarywa mundhi nuwala
angandika sang aprabu
heh patih sira wacaa //

5. Nulya binuka kang tulis
mangkana ungeling surat
penget iki layangingong
nateng Kebar kang misesa
angreh para ngamanca
pra ratu sanggya matakut
dene paribawaningwang //

6. Miyat ing kadibyan mami
temah nungkul tan lawan prang
tumekaa ring dheweke
raja Nursewan ing Madyan
yen sinarsa raharja
lan tulus gonmu amengku
kraton mangreh para raja //

7. Lunasen buburon mami
ingkang jeneng Amir Kamzah
awit mateni sutengong
yen sira tan kolu nglunas
amung terna babandan
bae ingsun ayun
barenga lan dutaningwang //

8. Yen sira masrahken Amir
sun tan sedya munasika
tulusa dadimu katong
si Kamzah nak dhukuh Mekah
yen prapta ngarsaningwang
banjur arsa sun wayuyung
lawan tak gawe tontonan //

9. Balik yen sira kukuhi
kandelna bibitingira
larenmu jerokna maneh
akapurancanga waja
borang-biring trisula
tan wun kuthamu ingsun jur
sun gawe samodra dara //

10. Lawan karang gunung geni
yen sira ngukuhi Kamzah
wong Madyan kekes miyarseng
ungeling srat mung pra raja
Ngarab kang tan ascaryan
cipta wus swaraning mungsuh
mung mamrih girising lawan //

11. Ki patih akirig-kirig
ulate ga lunga teka
pamacane sring kaledhon
ngungelken samodra darah
dadya samodra dara
apan ilang wignyanipun
mesem sagung kang miyarsa //

12. Sang sri Nursewan prituwin
sang wiku dupi miyarsa
padoning lathi kumejot
angenyoh sadak sring tuna
jaja manguntar-untar
netrandik sumirat dadu
ambekuh denya ngandika //

13. Priye kaki prawira di
si Kebar anjaluk sira
sira pa wani rarempon
jeng Sultan alon turira
dewaji jeng bathara
bab ungeling serat wau
sampun dados galih nata //

14. Pan damel kula pribadi
sampun ugi walang driya
lan prikanca sadayane
riki ywa wonten tulung prang
tingalana kewala
mung munggi barkah sang prabu
pangestu idin jayengprang //

15. Pinten banggi patik aji
begja pun Alkamah pejah
mung barkah tuwan sang katong
kang mangka jimating yuda
ingkang mugi angsala
barkah dalem mengsah gempur
raja Alkamah pralina //

16. Patik dumugi dadasih
sri bupati langkung suka
myarsa turira sang anom
wekasan nata ngandika
heh Bestak wangsulana
si Alkamah layangipun
gone anjaluk ki Sultan //

17. Sayekti ya sun kukuhi
lamun kudu paripeksa
ya sun sarah sakarepe
pa teka apa tinekan
ki patih tur sandika
nulya ken anurat gupuh
juru srat aran Kawireja //

18. Tan adangu sampun dadi
saliring andikeng nata
wus tumrap daleming srate
katandhan sri maharaja
sang bathara Madiyan
mring duteng Kebar wus sinung
jeng sultan sung srat piyambak //

19. Bagendha Bas kang anulis
sinungken duteng Kebar
tandya sing ngarsa lumengser
lampahira pra gantaka
prapteng pakuwon Kebar
dan matur lirning pinutus
srat wangsulan kinen maca //

20. Kebarsah rekyana patih
srat sangking sri Nyakrawatya
inggih mangkaten ungele
penget iki layangingwang
kangjeng sang sri sudibya
nyakrawati buwana gung
kang miseseng ngreh pra raja //

21. Ngatas angin bawah angin
atur putri kumawula
tumekaa mring dheweke
Alkamah ratuning Kebar
wiyosingsun wis tampa
iya layang panonjokmu
anjaluk patine Kamzah //

22. Wruhanta kang aran Amir
yekti ku satriyaningwang
heh motangken becik mring ngong
sun labuhi prapteng lina
sirarsa paripeksa
anjur prajengsun Madayun
iya becik den apanggah //

23. Titi sratnya sri Madayin
gantya suratnya jeng Sultan
kang dhihin mujweng hyang Manon
kapindho nabi panutan
Ibrahim Kalillallah
penget iki layangingsun
satriya di Puseralam //

24. Ingkang lalana ndon jurit
prawira jaya wisesa
wiradya Jayengpalugon
kasusra maha widagda
lalanang sabuwana
kang pinutra putra danu
dening sri Anyakrawatya //

25. Mangka babantheng Madayin
rinengga manggalaning rat
kedhep ing sagung pra katong
heh Alkamah wruhanira
prantanireng Madiyan
begja kemayangan aku
pama nemu mas saarja //

26. Tan susah sun amarani
mring dhangkanira ing Kebar
nadyan sira tan marene
ya nora wurung sun prapta
anjur ing prajanira
yen sira tan gelem anut
maring pranata manira //

27. Dhangkamu sun obrak-abrik
malah sira sedyaningwang
arsa ingsun susulake
ing anakmu kang wis jenat
sang nata dupi myarsa
langkung duka gya sinayut
pamaosira ki patya //

## PUPUH CXVII

**Durma = 18 pada**

1. Netra andik sumirat yayah sindura
winga-winga mawengis
asru andikannya
heh patih Babahaka
kene jajahan Madayin
sakala gumrah
swarane wong angungsi //

2. Malbeng nagri anggili sadina-dina
wong wadon warni-warni
ana kang ban anak
lan nuntun kang sapihan
kang wus gedhe gendhong adhi
iku wus ngidham
ngrangkep kembar nusoni //

3. Ngling tan kira pak Sothil teyeng
ya talah
cespleng gamane mandi
mung dumuk sapisan
kameksa dadi bocah
puluh priye mono iki
kakehan anak
apa gawe ngingoni //

4. Weneh ana wong wadon ingkang
angucap
gih talah kula niki
kepere -kepara
bakayu lawan dika
bok iyaa siji-siji
na cemanthela
sawitne kula niki //

5. Pun ping pinten mawon nglakoni
iktiyar
dhukun ing pundi-pundi
saguh aweh anak
trekahe warna-warna
lir pocung kula lakoni
gih tuwas tuwas
boten onten kang yekti //

6. Nyrekal basa-basane saguh weh
anak
ginawekken yen bengi
dene panggawenya
bakayu gih lan kula
gumuyu kang den tuturi
iku babasan
ing wong wirang sasakit //

7. Ing wusana karone kurang panrima
trima tampaning ati
anrima bageyan
bageyan panduming Hyang
wus pinesthi sadurunging
jagat gumelar
lohkil makpul wus muni //

8. Nahan kawarna nagryageng
Madiyan
wayang-uyung wong ngili
bola-bali liwran
sagunge para raja
tyasira samya kuwatir
apaguneman
lawan Bestak ki patih //

9. Wusnya giling ki patih dan matur
nata
pukulun tur udani
dene suwadosnya
kabarnya nateng Kebar
sampun awit Babahaki
wengkon paduka
ngriki nagri Madayin //

10. Gegeripun kawula lit padhusunan
laminipun dewaji
tan nate lir mangkya
amba nerang karsendra
punapestu den kekahi
pun Jayengrana
pedah punapa aji //

11. Yen suwawi aleheng pinaringena
rampung ingkang prakawis
dene ta pun Kamzah
denira satru manah
lan abdi dalem para ji
mula pun Kistam
kesah sangking Madayin //

12. Wit punika kang dados margine
kesah
kathah lawan sakedhik
dewaji sumangga
inggih pandugi kula
yen tamtu dipun kekahi
pun Jayengrana
risak nagri Madayin //

13. Ingandelken dewaji dereng
kantenan
inggih manawi inggih
jontasken Alkamah
sang nata langkung duka
duk myarsa ture ki patih
Bestak yen ta ja
enget kawula lami //

14. Kadya banjur linunas ing sanalika
asru ngandika wengis
nora patut sira
Bestak dadi papatya
panasten mring wong antuk sih
tur ta sihingwang
durung paja ngluwihi //

15. Babathangmu ing dangu
lawisudengwang
banjur temen tan eling
dhek ko iki sira
nyekengkeng neng sor dhampar
gelis temen nuli lili
labet karoban
ing panastenmu anjing //

16. Bareng duwe rembug tan prayoga
pisan
yen pama sun turuti
ngajak blahi donya
yen kalakon si Kamzah
sun cuthat seka Madayin
sapa kang dadya
pikukuhing Madayin //

17. Boleh si mangkonok anguwisi karya
Kamzah keh potang becik
durung tau cidra
yen sira sih si Kebar
minggata mrana ambalik
angurwasisan
dadia mungsuh mami //

18. Aja suwe-suwe aneng
ngarsaningwang
gumeter kyana patih
tan ngrasa darbe rah
sigra tinundhung medal
prapteng wisma kyana patih
dahat sungkawa
wirangrong ing jro galih //

## PUPUH CXVIII

**Wirangrong = 9 pada**

1. Ki patih ngling mring para ji
anutur dukaning katong
mangkya ki patih Bestak pan ayun
ciptarsa ngraketi
ing ngarenggang gya utusan
maring sang Jayengpalugon //

2. Atur-atur kang sarywadi
maring sang Jayengpalugon
neng nampan kancana wadhahipun
duta winaweling
tembung atur patelesan
myang dhadharan kang kaot //

3. Kang mangka sangu ing margi
myang sagung kang para katong
winiji-wiji pan samya sinung
wusnya den tampeni
sami amangsuli nedha
nanging prayitna ing batos //

4. Dening katemben ki patih
pisungsung kang adi kaot
paran ingkang dadya purwanipun
wawadi riningring
manawa sandi upaya
upayane ing panglobong //

5. Panglobong mamrih tan yogi
yitnaning sagung pra katong
nanging ala apa ing wong sinung
winangsul mamanis
panrima marih leganing tyas
ingkang asungsung supados //

6. Samangkana tandya prapti
duteng Pijajar wotsinom
ijeman paring uninga lamun
dyan Bestak apatih
mentas dinukan mring nata
sanget dukanya sang katong //

7. Purwanya linalar ngling
duk patih masweng kadhaton
mamrih panembahan silibipun
turira sang aji
nging panembahan uninga
salirning ture mring katong //

8. Myang duka dalem sang aji
dadyeca tyase pra katong
pra raja punggawa duk ing dalu
siyageng ajurit
nahan ratri duk prapteng njang
gumrah swaraning gunging wong //

9. Sumbaganing kang prajurit
winuryan tulya di kaot
salaminya wonten ing Madayun
dahat ing pangapti
ewonira juga-juga
papanthan maneka tinon //

## PUPUH CXIX

**Asmarandana = 10 pada**

1. Lir slobogan den tingali
anut tunggul banderanya
banderabrit pangarsane
repta nir madyaranira
madya purna macandra
prajurit sumbaganipun
sarywa abrit anggo rastra //

2. Sangang sasra apti-apti
nirat lir thathit barungan
kang sumundhul banderane
pratistha tunggul nir lana
ciri mudhaning candra
sarywa reng sumbaganipun
jemparing pasikepannya //

3. Ing wuri ingkang nambungi
bandera wilis kumelab
ciri dul pakar isthane
sarywa jo sumbaganira
ya pasikepan kantar
bandera kuning sumambung
ciri rajah sri winulat //

4. Kumelap kasrang maruti
prajuritnya sru ajenar
pan boji pasikepane
sumundhul bandera seta
aciri napi isbat
marnani sikepanipun
ledhok lawan alugora //

5. Rajang jijiret kalimprit
sikring salugu badhama
kalawahi lawan ledhok
cempuling slukung lan gada
cakra miwah nanggala
duduk wus dene kalumprung
gya prajurite pra raja //

6. Tinon asri amarnani
wong Kalkarib lan ing Ngalab
Ngyaman ing Ngabsah wus dene
nateng siti Barjah lawan
Maskat miwah Besarah
Kudedah Kupikalikut
wangwang wong ing Kumarmayan //

7. Samya kinen ngiwi-iwi
gumuyu ingkang tumingal
tandya jeng sultan Palugon
tansah lan kang raka raka
bagendha Bas Marmaya
myang sagung kang para ratu
tan ana nindhihi wadya //

8. Papatihira kang sami
kinen ngirit barisira
songsong lir krendha raraton
busanarja rukmeng daya
ginrebeg upacara
ri sang pamugraning pupuh
dibayatama budi darma //

9. Jeng sultan pakuningbumi
nuringrat tajul janatya
tinub pada reksakane
waos wregu lawan sulam
lumrang kumbalanira
lir ganggeng mas kentar ngranu
tan ngebosni ing paningal //

10. Myang buntut kemar kinait
saweneh kumbala badhak
kang tunggul-naga swarane
kumrangsang lir nahut janma
kang angampil dwi raja
Tohara raja Tohbau
apan samya gigiliran //

## PUPUH CXX

**Dhandhanggula = 10 pada**

1. Apratistha raja dwi angampil
tunggul naga tandya sang bathara
kocap nindaki sang katong
wadya punggawa daut
pangarsanya sri nateng buwit
raja holat Marjaban
Pulunan sang prabu
ing Mandras nglomung comera
sir Rubinah Kosani myang Dara
rayi
Nyukuh lan nateng Cina //

2. Nateng Portes Moris miwah Kling
Amalebar Ngacih sri Bubarwan
wadya tanpa wilis kehe
sumungut angendhanu
lir ge-angge kang ponang wajik
watang lir jati ngarang
kang tambur dharudhut
bendhe beri asauran
suling mlingi saruni myang
puwi-puwi
salompret myang biyola //

3. Kaget gadgada ingkang njajagi
jagi-jagi anjagani jagat
metala yayah ginenjong
wagyut meru gumledhug
sangking gunge baris kang laris
ing Madiyan kerigan
lan wong Ngarab tempur
campur retangganing surya
mawiletan prabaning surya sumilib
merang padudon jwala //

4. Pan atembak satepining margi
gedhe cilik wong wadon Madiyan
lir tinata ngarep dhodhok
jengkeng ngadeg ing pungkur
lunjak-lunjak saweneh jinjit
ucape warna-warna
tan lyan kang den wuwus
sekecap satriya Ngarab
cepakane ingkang sinambat ing lathi
bisane paribasan //

5. Balung pakel gusti lan jajawi
pudhak wangkong ya dhuh elokena
ing Madiyan babanthenge
rowangira sumambung
padha bisa maring kakawin
dhandhang wiring bandara
kang sumarsana rum
munggeng karna lunga dika
sapa baya dhuh lae sun susumpingi
wenih ana dyah ngucap //

6. Benguk alas kisma linawat gni
rawe-rawe tresnaku mring dika
manggung lara ati bae
swarga nraka ywa kantun
gayung sumur tan animbangi
pangeran mayangkara
dwaja munggeng laut
solahe wayang-wayangan
rayarana wong agung angusadani
larane tyas kawula //

7. Kemangi reng tirta nuting sabin
datan asih maring dasihira
baya wis naleni lene
naga puspa wong agung
bisa ngrakit wasitarja ning
bisane anglalaga
maring tresnaningsun
angur si aja waruha
buron alit sajalma mendra tan
pamit
teka nginggati tresna //

8. Lagi tumon dika wong asigit
minangkara sinambar baruna
gawe kepyur bareng katon
dhuh gusti sinuwunku
Sultan jayengasmara resmi
sanadyan kakungingrat
bok ja angkuh-angkuh
sumangkeyan kaya admral
nora becik wong gawe sak ing
sasami
dika kelabing nala //

9 Tak tedha yen tan arsa mring mami
den sarapa ing randha sasanga
dimen kongsi lempe-lempe
rowange saur guyu
pan samyat maning para ji
nayaka ing Madiyan
tur samya yu-ayu
mangkana pangucapira
dhuh bok ayu gih talah nglalaga ati
nahan gantya jro pura //

10. Maniking dyah pujaning sudarmi
den mu-amu ing sudarma raja
dyah Sutaji ruming sinom
ri sedheng sang retna yu
pinrak abdinira kakalih
ni Slaga lan Perdapa
ban lan inyanipun
kang kamot wadi sasmita
ning dyah mangka paseren imbalan
ing ling
kinanthi tan kena sah //

## PUPUH CXXI

Kinanthi = 21 pada

1. Mangkya dyah Sutajining rum
kusumadi ning Madayin
andangu ing ambanira
ni emban umatur aris
inggih jeng rama paduka
kala wingi kula myarsi //

2. Sakalangkung dukanipun
mring bestak rekyana patih
cepet-cepet amba myarsa
turipun boten ngrembagi
rama paduka ngaturan
maringaken Sultan Ngarbi //

3. Inggih genipun kasuwun
Alkamah rajeng Kebari
punika sanget ing duka
ngantos tinundhung dyan patih
kula kapethuk wadalnya
ulatipun ngantos lutih //

4. Sang juwita ngandika rum
mula yen si paman patih
sok rada kurang duduga
lah kang jeng rama mring endi
aturira ni Salaga
gusti ramanta dewaji //

5. Punika wau gih nglurug
tan pitajeng ing panggalih
tur mengsah wus sinangahan
rakanta Sultan ing Nagarbi
sagung punggawa Madiyan
tan susah ngrencangi jurit //

6. Sang dyah nglinge sok kumlunthu
pak bakal sing anyanyengit
nora gelem rinewangan
yen prange sor tekeng pati
sapa ingkang nempuhana
brangtaning patri Madayin //

7. Ni emban malih turipun
gusti kados wus kadugi
yen mengsah ratu ing Kebar
tan dados sumlang ing galih
dyah ngandika biyung sira
padha jurunga pupuji //

8. Muga unggula ing pupuh
senapat yanyar Madayin
ratuna Kebar kasora
murdane dipunkecangking
sarwi mesem andikanya
nging jroning tyas tansah watir //

9. Dadyaring reh wayang wuyung
lir kilayu mring kang jurit
nging kapalang durung panggya
dadya tyas kadi rinujit
wigenasmara kung brangta
dyah retna ngandika malih //

10. Sun tatedha kang apupuh
lananga enggone jurit
nglalana adi prawira
jaya wisesa murtyadi
wirutameng adilaga
mung katrima rama ji //

11. Tulus mangka isenipun
ya ing wijahan retna di
Madayin Kartadiningrat
senapati misesani
yen katrima bok manawa
atampa ganjaran putri //

12. Ni mban gumuywangling sokur
sokur-sokur kaul mami
kula gusti kaul midhang
darbe gusti wireng jurit
mandah bungahe tyasingwang
angladeni rina wengi //

13. Lara arip nora etung
nahan juwitaning puri
kawarna kang arsa yuda
baris geng lampahnya prapti
nama Ngrahara Pamedan
nenggih bulak geng tur wradin //

14. Angapit ing alun-alun
lakon patang jam pasagi
lamun Ngrahara bakdyatar
lakon tri tengsu pesagi
ragi tebih sangking praja
lampahan samadya ari //

15. Samangkana baris agung
supenuh Pamedan asri
budhalnya sangking nagara
lir larwa wiwara mijil
daledeg wagyat tan kendhat
sri ning wadya bala Ngarbi //

16. Wadya ing Madayin kantun
rakit tata myang kuwanin
tur yen tinimbang kathahnya
sawiji lawan sakethi
wong Ngarab kang aneng ngarsa
ngwuri wadya ing Madayin //

17. Narpatmaja munggeng ngayun
nira sang sudarma aji
sang bethara Nyakrawatnya
asri ya wahana esthi
palana mas rinumpaka
pinatik ngetna her thathit //

18. Rinawis renggang ton gumyur
Betal Jemur datan tebih
anunggil aneng palana
gunging esthi tanpa wilis
sagunge kang para raja
anggarebeg kanan-kering //

19. Lir gunung mas alalaku
gumrudug wong ampil-ampil
gumuruh umyang wurahan
dwipangga juga angirit
kuda kathahnya sasasra
patang ewu kethi ngesthi //

20. Yayah ingkang buntala rung
prakempa gora gumerit
mracandha manjrah mangampar
gara-gara geng kagiri
wagyat ing gagana rimang
pracalita mawor riris //

21. Srang tabah-tabahan umung
gadebeging turanggesthi
myang janma anguwuh rowang
wah pambengaking karendhi
kumrapyak gathiking watang
kapiyarsa ngasmarani //

## PUPUH CXXII

**Asmaradana = 41 pada**

1. Kadi ruharaning bumi
tatkala sahana ningkang
angken nagendra palayon
kumbak ing tarywak lumembak
jaladri kahebekan
bobagra giri gumulung
gora gra agranireng par //

2. Bata sru kagiri-giri
rindik-rindik mawiletan
kilat upama llate
ringkang layar teka brastha
antya ngumbar santika
tan nyipta wiraning mungsuh
meng sajuga gustinira //

3. Sagung pra prawireng Ngarbi
laris ingnu bala lampah
sri narendra sawadyane
kinrig sagung wong Madiyan
keh wong nonton rarasan
iya talah jeng sinuwun
dene gawa bala wendran //

4. Tur mangsa melua jurit
tan liya mung pyagung Ngarab
ingkang den delken ing pupoh
na maneh rowange ngucap
bakyu ya bener rika
nging yen upama sinuwun
tindake tan mawa bala //

5. Amesthi saru kaeksi
nyuda kurmat panjenengan
tan tumut sumlang galihe
wong bakal mantu daleman
tansah dinama-dama
ya talah wis begjanipun
ya dhuh lae sapa wongnya //

6. Ingkang nora kudu asih
bagus jetmika prawira
aku yen duwea bojo
kang memper pramudayeng rat
dhuh lae aku dhasar
belakan dhasare kaul
kaul midhang nyang lipura //

7. Rowange maneh nauri
dudu bobote sarika
basan kepengin legine
gula mangsa ngicipana
tuwas acalegukan
caleguk angulu idu
kepengin satriya Ngarab //

8. Pyayine apik kumripik
para putrining pra raja
tan ana katampan kabeh
wong lir sira yen iyaa
nglinge tan mangkonoa
teka ing kira-kiraku
apike priyayi Ngarab //

9. Wantune wong rada santri
layak goleki wirasat
nadyan ayua rupane
yen sepi wirasatira
dhek jenate si bapa
pametheke maring aku
jare wirasate pepak //

10. Mathining wadon nganani
nguni mangkono nakingwang
ki lembut dadagingane
rupane nora kebuwang
mathi wirasak pepak
weneh na menjep kang ngrungu
weneh angucap mangkana //

11. Ya dhik bener ku sathithik
tan ana rupa kebuwang
ala becik kaya dinggo
kuneng ucape wanodya
lepas lampahing wadya
yayah ardi kapuk mabul
kapracandheng samirana //

12. Anglir trunaning ngudadi
balabar amber wurahan
samya rebut dadalane
angandika sang bathara
mring nembahan Pijajar
bapa ngendi wartanipun
pabarisane si kopar //

13. Alon turira sang yogi
lampahan sangking Madiyan
inggih sadinten tebihe
mangkana lampahing wadya
madya ri rerep samya
masanggrahan sang aprabu
wadyeng Arab amacalang //

14. Tebihira udakawis
lalampahan kalih ejam
sangking pasanggrahan katong
samya tata aprayitna
yitna westhining pringga
tinatmeng westhining kewuh
nahan sang nata ing Kebar ///

15. Wus ingaturan udani
yen nateng Madiyan nglarag
senapatining palugon
nenggih Sultan Jayengrana
sang nata ing Madiyan
mila pribadi amethuk
wadyane tanpa wilangan //

16. Bramatyanira tan sipi
sri Alkamah nateng Kebar
sigra suwareng wadyane
kinen sanegeng ayuda
rekya patih Kebarsah
pribadi kang bendhe ngungkung
kadya ngayuh dirgantara //

17. Gumrah kang wadya parjurit
geger gugup gap-egapan
gagap topi kleru kathok
cempleng den anggo kewala
tan adangu wus tata
jadhel sing pakuwonipun
kadi predu angga sasra //

18. Barising wadya Madayin
sangking pasanggrahan Kebar
mung kantun tri jam tebihe
wus pagut sawang-sinawang
garjita pra narendra
sang sri Nyakrawati prabu
tansah nembahan Pijajar //

19. Manggung wahana niresthi
tumingal kang arsa yuda
kanan-kering para katong
angampingi sang bathara
myang kang ngampil pusaka
anggrebeg pengkeran prabu
ing ngarsa wadya seliran //

20. Ran wong Grandiyer Gernadir
nurangga pan tigang sasra
kuda teji sadayane
pakean muntering rukma
baruti waja gilap
rem-rem winduning pandulu
tuhu prajurit antem prang //

21. Jeng Sultan Jayengwiradi
wus anata wadyanira
myang prenahing para katong
raja patih Maktal tansah
mider apaparentah
nata kancaning pra ratu
risang wus nitih turangga //

22. Pun Kalisahak anirik
angideri pabarisan
Marmaya tanseng wurine
nateng Kebar lan Kistaham
ingkang datan kena sah
mangka juru mudhinipun
ingkang tansah tinakonan //

23. Tatanya mring Kistam kang di
prenah enggone si Kamzah
lawan si Nursewan gone
Kistaham alon turira
rama inggih punika
pun Amir ingkang papayung
ing ngajeng lir daru sasra //

24. Lah ika payung punapi
sajeg sun durung tau myat
payung mangkana rupane
Kistaham alon turira
anama tunggul naga
Betal Jemur kang misungsung
mring pun Kamzah sisinglonan //

25. Sri Alkamah nangling malih
heh ya yen mangkono Kistam
duse mangkono rupane
disaosna mring Nursewan
teka plaur si Kamzah
yaitu badrimi kedum
prande den anggep kewala //

26. Raja Kistam turira ris
kados pundi tan kanggeya
wong kathah umik-umike
rama kula kang cablaka
inggih enggal katriwal
sri Alkamah sru gumuyu
iya Kistam bener sira //

27. Lah si Nursewan kang endi
ature kang tinakonan
neng esthi plananira byor
wonten ing wingking punika
kang ketel tiningalan
rinaksa pra ratu Sukup
ngandika prabu Alkamah //

28. Heh Kistaham becik endi
ingkang dhisik tinarajang
apa si Jayengpalugon
apa ratu ing Madiyan
Kistaham aturira
yen suwawi dhuh pukulun
yogi pun Kamzah tinrajang //

29. Menggah tiyang ing Madayin
kathaha tan dados bahan
mila pun Amir kemawon
lan kang lugu karsa tuwan
ngudi tuwuh pun Kamzah
sang prabu angatag wadu
gya tandang mangkara byuha //

30. Gumrudug swaraning bedhil
tadhah wadyeng Puseralam
long-linongan keh (kataton)
sagung punggawa pra raja
tandang ngawaki yuda
wadyeng Kebar keh kapupu
lir bentar mangambak-ambak //

31. Mangkana sri Nyakrawati
tansah nembahan Pijajar
myang pangran Narpatmaja nom
tansah na ngarseng sudarma
ebat gatining yuda
myat wong Ngarab tandangipun
terampil cukat trangginas //

32. Kadya galagah kabesmi
swaraning tinggar tan pegat
ngatimang gurnada angrok
kapir Islam wus keh pejah
kaburu wong ing Kebar
direng sagung para ratu
ing Ngarab ngawaki yuda //

33. Para kadang ing Kalkarib
kawan dasa buteng samya
lir pendah bantheng (kataton),
sri Ngyaman lan wong Ngabesah
bosah basih wong kopar
nateng kebar dahat bendu
dan ngagnya sri Talmuhara //

34. Mangran raja Bajodarwi
umangsah wahana liman
sampun amandhi gadane
angering paris malela
prapteng tengah susumbar
heh payo wong selam-selam
sun rebuten ing ayuda //

35. Sapa kang arep ngemasi
papagena tandangingwang
dupi wau kapiyarseng
raja patih pamit mangsah
tan tahan myarsa sumbar
wus anitih kudanipun
tur sembah sing katebihan //

36. Ing sang sri Anyakrawati
sang bathara angandika
sang Maktal mangsah ing ripoh
sang yogi matur ing mata
punikarsa methukna
punggaweng Kebar kang magut
mesem sang Anyakrawatya //

37. Surak bala ing Madayin
sinambungan wong ing Ngarab
lir langit rubuh swarane
gya sang Maktal raja patya
nander nengah payudan
wus pagut dulu-dinulu
kras nangling sri Bajodarwa //

38. Sapa aranmu prajurit
baya sira iku Kamzah
de rupamu bagus anom
semune lantip pratama
eman mengko yen lina
lan yen dudu Amir bagus
uwis mundura kewala //

39. Eman kasantikan mami
yen mungsuh liyane Kamzah
nateng Kebar tatanya lon
heh Kistaham ika sapa
matur raja Kistaham
punika papatihipun
pun Kamzah anama Maktal //

40. Ingaken kadang taruni
inggih dumateng pun Kamzah
tandya kang ayuda kono
raja patih asru denya
runtik nangling wruhanta
sun iki papatihipun
Sultan Sayidina Ngarab //

41. Ran Maktal rajeng Ngalabi
sri kapir ngling lekasana
Maktal ling dudu carengong
aprang dhimin amrajaya
lah sira lekasana
Bajodarwa asru bendu
darmane bosen agesang //

## PUPUH CXXIII

**Durma = 37 pada**

1. Bajodarwa sigra muter gadanira
pinupuhken sri pati
surak wadyeng Kebar
parisnya mraja Maktal
gumebyar umijil agni
ngling sira Maktal
pesthi ajur wor siti //

2. Maktal nangling heh lanat maneh gadaa
wruhanta sun tan mati
gya malih ginada
pinindho pining tiga
sang Maktal meksa tan nosik
nangling sri kopar
lah malesa den aglis //

3. Maktal nangling aja mati tanpa aran
sapa jenengmu Amir
ngling sun Bajodarwa
nerendra Talmuhara
kuduhunga parismu kapir
sun wales sira
wangwang akudhung paris //

4. Raja patih sigra narik pedhangira
pinedhang Bajodarwi
paris crah marapat
tekeng murdaning nata
anrus silit rijal palih
kapaning kuda
sigar saha turanggi //

5. Bajodarwa parastra sareng kudanya
surak ger wadyeng Ngarbi
lir gayuh ngakasa
gawok sagung tumingal
kekes wong Kebar duk uning
prawiranira
Maktal kang mangsah jurit //

6. Amejahi Bajodarwa ndeling Kebar
kasaput sang hyang rawi
ambles ing bantala
kukut kapir lan Islam
wangwang amukuwon sami
angegar wadya
mangkya sri Nyakrawati //

7. Saya tambah sihira mring kangjeng Sultan
andrawina ing ratri
tekeng wadya bala
sadaya samnya egar
pakuwon Kebar kawarni
prabu Alkamah
Kistam tansah tinari //

8. Aturira raja Kistam dhuh bathara
mindhak ming kalih kardi
leheng tumuntena pun Kamzah sinampuna
yen tuwan ngajengken dasih
umpaminira
lir susulung lebwapi //

9. Sang nata ngling ya Kistam bener sira
be sesuk sun pribadi
ingkang anguwisna
kuneng dalu kawarna
baskara sumirat enjing
yun Dipaningrat
mungup srengganing wukir //

10. Teteg umung wus tata baris malatar
aneng papaning jurit
wadya Puseralam
animbangi wus tata
sang bathara Nyakrawati
aneng wirinya
ri sang suryaning jurit //

11. Pan anggameng prajurit Ngarab myang Madyan
sri Alkamah sru angling
heh endi Kistaham
prenah gone si Kamzah
Kistaham turira inggih
rama punika
prenah genipun Amir //

12. Celak lawanprajurit kang sarwa pethak
pangangge baris Ngarbi
mangsah sri Alkamah
heh ya kabeh wong Kebar
mung uruna surak sami
ja melu yuda
sun uwisne pribadi //

13. Wong Madiyah tekan kabeh wong ing Ngarab
yakti datanpa kardi
yen sun dhewe mangsah
sri Alkamah sru denya
supe yen wus kaki-kaki
wahana liman
muter gadanira sri //

14. Ngering paris enget duk maksih taruna
umangsah ing ajurit
petak ciya-ciya
ayo padha prawira
babedike wong ing Ngarbi
kene majua
ayo tandhing lan mami //

15. Sri Marmadi manasi gya mangsah yuda
ayun-ayunan jurit
wus sapa sinapa
nangling sun Baudhendha
iya narendra Kalkarib
sira Alkamah
aja peksa gunadi //

16. Ngur nuta manuta agama mulya
wis tuwa nora pikir
sri Alkamah krudha
Baudhendha ginada
wus prayitna kudhung paris
gada tumiba
paris mubyar metwagni //

17. Ger gumuruh surak wadya bala Kebar
gantya nateng Marmadi
Alkamah ginada
surak wong Puseralam
gada-ginada kasliring
sang Baudhendha
cinandhak den tang-anting //

18. Nadyan sepuh tuhu yen prawireng yuda
estu kapir linuwih
Marmadi binuncang
tiba adoh dhadhangkak
para ri tutulung sami
prabu Alkamah
kinarubut ing jurit //

19. Datan kewran angiwa-nengen anggada
ginada tan migati
towok myang sarampang
ji jiret myang brengkolang
palu gandhi kalawahi
busur sarampang
sadaya datan titis //

20. Mawur-mawur kadangnya sri Baudhendha
kapelak kasuliring
sri Alkamah saya
buteng pangamukira
angiwung tan noleh wuri
ing kering-kanan
wadya kang ketel pinrih //

21. Buyar ambyar prajurit kang sura mangsah
metyesthi mobat-mabit
mukaning dwipangga
lir sinungging rudira
ngerawe ususing jalmi
sumampir denta
rentep buntut nacah kris //

22. Wadya Ngarab kang parastra tanpa wilang
risang darpa prot yeksi
wantunya wus tuwa
ngawur panggadanira
lir binabat bala Ngarbi
sang raja Jusman
manembah turira ris //

23. Pamit mangsah Tambakyuda ling smu guywa
Jusman den ngati-ati
tandhingmu anyengka
jago pitung ketiga
sira bra umbar sathithik
sang raja Jusman
mesem umatur aris //

24. Meng ugranta kang kula pundhi mustaka
kadwi rayinta gusti
den sampre pralina
tan wangwang myat ing mengsah
saksana umangsah-jurit
sang raja Jusman
kapanggyeyang sang aji //

25. Sang Alkamah tatanya heh iki sapa
peksa tandhing lan mami
prajurit ngakua
Jusman ling kawuleyang
inggih wayahta pribadi
kula pun Jusman
nembah sing luring waji //

26. Sri Alkamah gumuyu alatah-latah
kalingane ya kaki
Jusman putunigwang
sira arep angapa
wong nom nora wruh ing isin
pan bapakira
Amir kang amateni //

27. Teka sira banjur ngawula mring Kamzah
ingsun yekti tan sudi
lamun angakua
putu mring bathangira
kang jamak nedya malesi
sak lara wirang
angudi tuwuh pati //

28. Jusman nagling mangke yang piyarsakena
atur amba rumiyein
yen kenging paduka
manjing agama mulya
wonten langkung utami
tembe yen seda
eyang manggih suwargi //

29. Panasaran yen pejah kalbeng naraka
agami tuwan mangkin
yen tuwan tan arsa
manjing agama mulya
kawula prun ing kaki
kapire eyang
ingkang kula puruni //

30. Sang Alkamah ngling wurukane ke bocah
labdeng wicara bangkit
mumuruk wong tuwa
wis ta Jusman balia
si Amir kon mapag jurit
kene lan ingwang
Jusman anggada aglis //

31. Gadanira tinanggapan asta kiwa
gya rinebut wus keni
anulya kang wayah
tinebak jajanira
Jusman aniba tan eling
wong Kebar surak
yayah karengyeng langit //

32. Jusman wangwang rinebut ing wadyanira
saya wuru ing jurit
narendra ing Kebar
gya sang tunggul ngalaga
umangsah sarywa sisirig
pun Kalisahak
kadi wong beksa rangin //

33. Umarmaya kang tansah neng wurinira
buntut melu sisirig
lan sikil kewala
nora anunggang jaran
suka sang Anyakrawati
denya tumingal
maring sang Guritwesi //

34. Pangran ratu sakalangkung marmanira
mring raka sang wiradi
cipta muga-muga
kakang menang ayuda
matya Alkamah ing jurit
sang panembahan
Pijajar tansah dhikir //

35. Tasbehira mobat-mabit antya dera
asru banter pamuji

puji jaya-jaya
yudanira jeng Sultan
lulusa wijayeng jurit
sang mengku ing rat
jayendreng pamugari //

36. Pagut tingal wus ayun-ayunan yuda
ngulap-ulap sang aji
wus waspadeng tinggal
ngling heh pa sira Kamzah
prajurit kang mapag mami
ngling ya sun putran
nireng dipatya Ngarbi //

37. Latah-latah Alkamah heh Amir sira
dene endhek tur cilik
tak rani prakosa
gede dhuwur agagah
delape kang angarani
dibya sudira
payo kene den aglis //

## PUPUH CXXIV

**Pangkur = 35 pada**

1. Yen sirarsa wruh kurdhengwang
alon angandika sang prawiradi
apan dudu watakingsun
prang dhimini mrajaya
payo sira dhimin mrajayaa mringsun
sri Alkamah narik pedhang
pinedhang Sultan Sayidi //

2. Tinangkis ing paris waja
tikswaning kang candraswa tumyeng paris
ginritken pedhangnya putung
kari krangnya neng asta
sinawatken mring pasuryanira Sultanun
jeng Sultan sampun prayitna
gya tinangkis ing camethi //

3. Krang malesat tibeng kisma
Guritwesi gupuh denira ngambil
krangnya kebek retna gumyur
suwe ngiling-ilingan
ngling sun begja Alkamah mojarira sru
heh sikep aja sirwalap
iku regane sakethi //

4. Mecucu sang Tambakyuda
sarywa nabda pan wis bubuhan mami
sanadyan tekeng thothokmu
tibeng lemah sun alap
sang Alkamah myarsa sabda dahat bendu
gya binuru Tambakyuda
malencut angiwi-iwi //

5. Alkamah menthang gandhewa
Umarmaya linepasan jemparing
sumungsung munggah mindhuwur
jemparing atut wuntat
sang nata ngling ngungsia mring langit biru
pesthi tinut sanggonira
nora wurung den tancebi //

6. Marmaya ngafalken donga
panah nulya ngleyang tiba ing siti
Marmaya mudhun sumebut
krange pedhang binuwang
gyan sang nata gya jinupuk mring sang prabu
Marmaya ngling titenana
mesthi gondhokmu sakendhi //

7. Dadya krang malih binuwang
mring sang nata jinupuk Guritwesi
krang pedhang gupuh kinandhut
Alkamah sru anebda
dhasare ya aculingker aculimut
juwet ngarep-arep delap
saen tlaten anganteni //

8. Marmaya nglinge dhek kapan
aku slamet dhasar iya wong dremis
Pakuwaja lah ing riku
marani cacebolan
saben mara-mara ambekem sang prabu
sarywa nangling kaki delap
meksihmu tinunggu ngurip //

9. Urip wis tan patut pisan
gombal bayut kisut pating saluwir
sarywa binekem sang prabu
Alkamah sru anyentak
wis minggata sun tan sudi gedublongmu
lah ya si kaki bangkokan
kuwaregen nini Sendhi //

10. Alkamah kaku tyasira
den bekemi kongsi marebes mili
Marmaya ngling kaki Kuwuk
kaulku yen kacandhak
tak lerongi njet kunir kalawan angus
ginawe memedi sawah
mendahe gone mantesi //

11. Gya mundur sang Tambakyuda
sarywa penget gerger den ngati-ati
tangane si kaki Kuwuk
kumutug yen kongsia
gepok awak amesthi pating palempuh
nangling kras prabu Alkamah
lungakna baturmu Amir //

12. Wong ala tan patut pisan
mung entuteng bae andubillahi
sang Jayengprang ngandika rum
heh ya payo Alkamah
tutugena gonmu mamrih ing patiku
sang nata gya ngayat gada
pinuter aneng wiyati //

13. Sarywa ngling Amir kudhunga
paris lamun katiban gada mami
tan wurung mesthi sira jur
amor alawan lemah
sasambata mumpung ta meksih nyawamu
ngandika sang prawiradya
den agea juren mami //

14. Sumiyut gada tumama
parisira Sultan pan datan osik
lir mahaprana gumebrug
surak wadya ing Kebar
yayah goyang mahetala manggut-manggut
gumebyar dahana mubal
pun Kalisahak sru anjrit //

15. Sukunya cecep buntala
pan sadekung adangu datan osik
duk enget kurdha manaut
ngrangsang cengeling liman
sru kinerah keket datan kena ucul
mracandha dwi rada lina
nateng Kebar kajempalik //

16. Burangkangan nyandhak gada
Sultan tedhak samya dharat kang jurit
agantya tanggul-tinanggul
sagung srayaning yuda
salin jiret-jiniret karwa len rampung
myang badhama-binadhama
srampang gandhi kalawahi //

17. suraknya ambal-ambalan
keder mider kadi kitiran keksi
tan ana awas andulu
buh sang raja Alkamah
buh sang Amir kadwi sami sudira
nung
jayeng sarat dibya sura
prawira kakung ing bumi //

18. Cengeng sagung kang lumiyat
denya jurit wiwit jam sanga enjing
kongsi baskara meh surup
sang sri Anyakrawatya
myang Narpatma dahat dera
marmanipun
kadi nulung-nulungana
dhateng ingkang wau jurit //

19. Ngriku kang lagya mrih yuda
maksih rame tan na kasor rok titih
prang gada pupuh-pinupuh
jeng Sultan angandika
heh Alkamah kari sepira umurmu
marjinga agama Islam
nata ngling sun tan praduli //

20. Kamzah mring agamanira
tekeng pati ingsun nora gumingsir
ngurebi agamaningsun
denirangling sang nata
datan kandheg panggadanira
sumebut
ywan tuna sah manrang kisma
reg mandhelong bumi kitir //

21. Wantuning sepuh Alkamah
sampun sonten wus tuna ing
pandeling
angawur panggadanipun
sinereg sru pinelak
pan pinegat rinupak papan pinethuk
pinengkok temah sang nata
angrangsang apasang aji //

22. Duk arsa indha malumpat
gancangira risang prawireng jurit
nyarengi panggadanipun
kang kena sisingkabnya
tiba lungguh nanging gadane tan
ucul
trangginas sang Tambakyuda
Alkamah yun den taleni //

23. Ngawet mucicil sang nata
Umarmaya ginada angindhani
ngling jawane kaki Kuwuk
durung gelem binanda
lah Islama tak uripi pranti nunggu
aneng kebon jumbleng kana
patut gusahi brengkutis //

24. Alkamah sebdanira kras
patenana aku padha saiki
tan sotah nut agamamu
mamanasi Marmaya
ngalap watu binenturan sang aprabu
kena sirah ting karemplang
prande tan karasa sakit //

25. Panjangkunging iblis lanat
mring sang nata kapir kawak
sayekti
isti jrat sang nata teguh
wus tan bisa ngadega
datan ngungkak malah saya sru
amuwus
Kamzah nulia sisakna
ja suwe tinon ing jalmi //

26. Sagung wadya bala Ngarab
gora gerang surak lir gayuh langit
sang bathara sukeng kalbu
andikane ngungudang
ayo sapa wong Kebar kang arep
lampus
papagna bantheng Madiyan
kulup ki Sultan wiradi //

27. Narendratmantya sukeng tyas
abdinira kinen surak mawanti
wong kaputran ger gumuruh
myang sagung pra narendra
de ki patih smu gela unggul
Sultanun
ing batin pamujinira
kasora sang prawiradi //

28. Mesisan binrubuh ing prang
ratu Kebar yen kena den rapeti
ya ta sang lagya apupuh
raja Alkamah tita
datan arsa manut ing agama luhung
pinrepekan gya cinandhak
anggada tan winigati //

29. Binanting babalung remak
ting saluwir nora kalap sanyari
prajurit Kebar andulu
yen ratune parastra
kyana patih Kebarsah saksana
nungkul
maring gustine sang Jusman
wadya kang tumut sapalih //

30. Saperang buyar sasaran
weneh mulih maring Kebar nagari
Kistaham lan sutanipun
titiga rarembugan
priye kulup rembugmu apa lumayu
sida mring Kaos nagara
nora wurung den tututi //

31. Mangsa wurunga kacandhak
wis mangkene angur padha srah
pati
atur tobat gampang pungkur
yen na rembug prayoga
putra tiga anut karseng ramanipun
sang Kistaham kapang-kapang
marek ing Sultan Sayidi //

32. Anulya ngrungkepi padan
nireng Sultan sengguk-sengguk
anangis
nanging jeng Sultan pitambuh
aturira Kistaham
andrewili supatane nurut wulu
dhuh gustyamba atur tobat
yen puruna malih-malih //

33. Tambakyuda ngling smu guywa
Kistam jaba supata mangan tai
den kongsi kebak cangkemu
iku kajaba ingwang
ngandel maring aturmu wong edan
taun
Kistam guririh turira
aleheng tuwan pejahi //

34. Kula sumangga jeng radyan
sampun ngraos pun gebal langkung
sisip
tan kudu mateni amung
mung mangan kewala
ya taimu dhewe Kistaham
dhekukul
ngling dhuh raden boten limrah
wong supata mangan tai //

35. Gumuyu sagung kang myarsa
Marmaya ngling dene sutamu
mung tri
si Subakari kang wruju
neng endi ngling Kistaham
dipun amuk nalika wonten ngwana
gung
bayawana patih Kangkam
pejahe pun Subakari //

## PUPUH CXXV

**Dhandhanggula = 20 pada**

1. Sultan ngandika lir gula milir
yayi Maktal sira lumakua
lan Jusman mring Kebar age
lan urunan pra ratu
kadingira kang Umarmadi
iya anaa papat
melua lakumu
Islamna kabeh wong Kebar
semesine kadhaton aja na kari
gawanen mring Madiyah //

2. Raja patih manembah nulyamit
raja Jusman myang sawadyanira
sri Baudhendha kadange
ingkang tinuduh catur
ngiring Maktal sang raja patih
wus kentar duk ing marga
tandya na kapethuk
patih ing Kebar wotsekar
maring Jusman dan pinratelaken maring
Maktal raja apatya //

3. Sakantunnya wong Kebar kang sami
tumut maring ki patih Kebarsah
nahan gantya sang akatong
mesanggrahan ing riku
sapraptanya jeng Sultan gipih
pintethuk gya cinandhak
astanya Sultanun
den aras larapanira
sang bathara sakamantyan denira sih
mring Sultan Sayidina //

4. Tansah agrepa Sultan Sayidi
sang nata laju boga drawina
bredangga arum larase
sambi kalawan nginum
larih mider kang para aji
sadalu masanggrahan
enjningnya sang prabu
tangara kondur mring praja
gumrah para prawira kang nata baris
budhal sing pasanggrahan //

5. Tan kawarneng nu lamphanya prapti
ing praja sang nata dan ngadhatyan
samya bubar kang tas dherek
Sultan sawadya sampun
rawuh aneng banjar manganti
wus dene panembahan
mring Pijajar nondur
kawarna raja apatya
prapteng Kebar sawadyanira gumirih
wong Kebar kagegeran //

6. Dup weruh mring gustine lami
Jusman mangkya wus madeg narendra
sadaya tetap manahe
datan suwaleng kayun
raja brana sajroning puri
wus pinundhut sadaya
pirang pirang pikul
wus dene para wanodya
tilarane raja Usam kang wus lalis
sadaya binoyongan //

7. Lan mufakatken agama suci
wus warata amaca sahadad
tira ing kalimah roro
raja patih ing riku
aneng Kebar mung catur ari

dupi prapteng ubaya
undhang mring wadya gung
brana myang para wanodya
lampahira ingkang kinen aneng
ngarsi
prajurit kering kanan //

8. Para raja ingkang aneng wuri
datan kawarna lampah ing marga
nagri Madayin praptane
sang nyakrawati nuju
ari Soma miyos tinangkil
andher para narendra
punggawa supenuh
lir adad wiyosan nata
praptanira raja patih masweng gusti
matur lirning dinuta //

9. Myang jarahan lan boyongan estri
katur sadaya gya sang wiradya
alon matur ing sang katong
pukulu lampahipun
Maktal dhateng Kebar nagari
samangkya sampun prapta
nagri Kebar sampun
wradin tan dados sumelang
raja brana jarahan boyongan estri
sumangga padukendra //

10. Aris ngandika sang nyakrawati
sun ta rila kulup kayanira
sun paringken kang saparo
dumna maring wadyamu
kang separo srahna si patih
ki Bestak sampun tampa
brana retno agung
sumawana kang para dyah
karseng nata kinen anarimaken
mring
pra punggawa kang wrata //

11. Pra prawireng Ngarab datan apti
dadya mung pranayakeng Madiyan
dening kyana patih dhewe
bageyanipun pitu
nadyan sepuh ki patih kedhik
yen mung lawan wanodya
nahan nata kondur
brana binage warata
wadya bala pangaleme lah ya iki
kangjeng sultan ing Ngarab //

12. Nora bohdo sinuwun ingkang sih
mendah dhek senapati Kistaham
oleha brana kang akeh
mendah mring nata katur
pesthi ya dikekep pribadi
suprandene ka nora
kang para gung-agung
sengite mring Sultan Ngarab
manjing tulang dene tan moh
dibagehi
ana donya tumragal //

13. Witne ya jeng rahaden apatih
nanging iki caturan dhwekan
aja wara wara bae
babasan kokok beluk muni
nglongan ya dhek ko iki
ing prang pujine ala
mring Sultan ing pupuh
bareng boyongane karsa
malah pitu milihi kang ayu kuning
ya dhuh nora kayaa //

14. Kebut sagung punggawa kang
nangkil
Sultan kondur mring banjar
mangantya
raja patih lajeng kinen
ambage kang brana gung
kalih duman binage wradin
sadumanira arsa
kinarya akintun
ring sudarma maring Mekah

kinen bage mring sagunging pekir
miskin
kocap lajeng anduta //

15. Lurah pikandel ingkang lumaris
maring Mekah tan kawarneng marga
dutane Sultan prapteane
lan sang Jatiwara wus
panggya matur niskara ngenting
risang dahat sukyeng tyas
myarsa putranipun
antuk sih pangwulanira
pinaputra ring sang sri anyakrawati
gya binage kang brana //

16. Sagotrah myang pra pekir musapir
kawaratan dananya jeng Sultan
nahan datan winiraos
gantya malih Madayun
wewah arja kartaning nagri
Madayin puraning rat
ing salaminipun
jeng Sultan aneng Madiyan
wenurageng pinaputra mring sang
aji
tata kretar janing rat //

17. Kuneng arja kartaning nagari
kawarnaa ing banjar mangantya
jeng Sultan kambuh tyas wirong
maring kang maweh gandurung
kusuma di sajroning puri
kaya pa warnanira
kunir pita masku
tawon gung tala kisma
lagi tutur lir wus tetemu tyas mami
dhuh atma nyakrawatya //

18. Mung weruha warnamu sathithik
priye baya dadi marganira
putri adining kadhaton
bisa weh lara wuyung
piningit ing sudarma aji
bunggan kaya wakingwang
babasan ginandrung
si cebol anggayuh lintang
dumapara katepang angrangsang
langit
tuwas gawe pangrasa //

19. Nanging tan pegat rasaning ati
masambat ing sudarma paringa
teranging cipta buneke
pamujining tyas gandrung
muga kasukana jron puri
wong bangun turut ika
kang bisa weh gandrung
pratingnyaningsun mas dewa
kerangeyan menggeng tegal sun
anteni
bandara Madyanpurtra //

20. Timbangana rasaning tyas mami
dene mung katon jroning sumpena
muncar mancur susupene
jri jwangrayung weh gandrung
lathinira cabik amanis
ya dhuh mati wakingwang
nandhang lara gandrung
mung wruha sawentehira
ring warnanta kusuma kang mindha
sasi
sasi prunama sada //

## PUPUH CXXVI

**Sinom = 14 pada**

1. Katulyan sisinomira kusuma
kusuma retna sutaji
gebang binesut taruna
pegel-pegele kang ati
liman mendhak surati
bedha iji wong apatut
sanadyan den jeruma
luwih di kalawan mami
nadyan tanpa ganda sun cipta her
mawar //

2. Jenu marduning kusuma
rinatus ambar kesturi
sumrik umardusweng grana
paradya pangresmaning sih
langen ngudang yun luwih
cipta doh ewa tyasingsun
bok bakal amung sira
kapusthi lengkaning ati
wirandhungan lawas sun durung
papanggya //

3. Gara geringe kuwawa
nahenkung nora kuwawi
tan ana panglipurira
arip nora bisa guling
anglih tan wareg bukti
grahuyang tan mari adus
kekes rumangsuk ing tyas
kinemulan saya atis
mules pegel pinijetan nora
dhangan //

4. Pan wus kawan dasa dina
datan pa ndon karya mami
barang kang sun garap tuna
bangun wijiling sitengsi
lir sinapon kang langit
nirmala lintang sumawur
cipta kalinta-lunta
pangeja rasaning ati
olahira kadi tumempel gagana //

5. Kilat limut lamat-lamat
wreksa molah dening angin
lir tuduh kawigyanira
myang salohira bok lencir
murda miyung nimbungi
papantese wong kadhatun
luruh tindak wirama
gemi sring maoni nyamping
pupur mantra ngrejaseng ruming
wanita //

6. Lathi cabik ruming tinggal
sumirat lindri anjait
liring nrang kunta baswara
grana memet rungih-rungih
ton oswa manjing mijil
respati kang tibing dekung
iba grundaya nglayang
lir kukuwung nginum warih
dhuh kusuma kang gawe lara
wiyaga //

7. Sang brangta andon neng taman
anganglangi sarwa sari
anglilipur ing tyas brangta
ciptanya angaring-aring
kuneng banjar manganti
kawarnaa jro kadhatun
ri sang anyakrawatya
nimbali Bestak ki patih
sang nata ngling heh Bestak sira
dhawuhna //

8. Mring putrengsun adipatya
mengko bengi sun timbali
lalangen aneng jro pura

sun bosen langen neng jawi
mung sira sun timbali
lawan dipati anakmu
konen ngajak kakangnya
ya ki Sultan prawiradi
aja akeh kang melu malebeng
pura //

9. Munga kakange Marmaya
lan si Maktal sun lilani
loro iku diajaka
matur sandika ki patih
wotsari sampun mijil
lan sang narendratma pangguh
lirning karseng ramendra
kocap mangke sang atmaji
lan jeng Sultan wus rengat wit
penggasahnya //

10. Inggih kya dipati Bestak
mantun raket lir ing nguni
yen dhahar nunggil sambengan
nunggil singet yen aguling
yen sadinten tan panggih
ngraos oneng kalihipun
tansah paran-pinaran
sang taruna krep nindaki
mring pakuwoning raka banjar
mangantya //

11. Sring andangu mring jeng Sultan
kakang punapa sing Ngarbi
tan mawi bekta parekan
kang pancen anglaladosi
jeng Sultan amangsuli
wanodya tan wonten purun
lamun wonten wanita
kapethuk pun kakang yayi
mutah jampi pepe pramila
kawula //

12. Boten adarbe parekan
raja putra ngandika ris
mokal sabdanipun kakang
gih selot-selot ngantosi
bilih begja ing benjing
wonten wanodya kang purun
pantes bodho pun kakang
karwa lenira samya sih
trekadhangan jeng Sultan yen
mentas sowan //

13. Den ampiriken mring kaputran
wus bonyo pyaywangun kalih
awit ing waktu nalika
kondurnya sri nyakrawati
sangking tindak nglurugi
sang Alkamah kang wus lampus
raden apatih Bestak
manahnya saya kuwatir
mring satriya Ngarab dadya
ngrekadaya //

14. Akarya sandi upaya
mangkya kocap kyana patih
denya sowan sisinggahan
mamrih renggang lan wong Ngarbi
batin watir pribadi
kalamun narendra sunu
supekat lawan Sultan
ngrasa patih tanpa kardi
dakik-dakik aturira lir anjangka //

## PUPUH CXXVII

Pangkur = 17 pada

1. Dhuh gusti nyakrawatyatma
kasumbageng sahanggya mahdipati
pinudya sanggyaning wadu
maharajeng paduka
kyati sarat sudibya jayendra punjul
datan tulus renggeng raya
wonten wisaya kadeling //

2. Mangapit pagering praja
pan anilip ulun anamur sandi
sandi rowang katon satru
nadhah boga tan pedah
sayektine meksih wonten kang guguyu
guyuning wreksa mandira
lami-lami angendhih wit //

3. Sedheng nunten linebura
sampun lena inggih mumpung samangkin
ngger sawatawisipun
ragia masang angkah
dhateng atur kawula punika wau
lan mutungana pasangan
ing ramanta sawatawis //

4. Supados mung ginaliha
wawaosnya paran pethanya ngwuri
pun paman tan waged dulu
yen liyaning paduka
ang jumeneng amengku nagri Madayun
dening rama padukendra
sintena kang madeg aji //

5. Wonten nagari Madyan
kadi-kadi maksih pinundhi-pundhi
wangsul paduka pukulun
yen wande mahar jeng rat
ing Madiyan mung padukamba yun ayun
tan kirang mantu gumantya
inggih jalaran sangking sih //

6. Sihireng sudarma raja
inggih dhateng punika wau gusti
atilar murwating wadu
mila atur kawula
garunekan manah saderengnya matur
wus lami kularsa sowan
dereng kapareng pinanggih //

7. Sangking cipta pangreksamba
ing katresnan kawula ya dhuh gusti
muhung tan liyan pukulun
pantes gantya mahrendra
tan babadhe narpatma wisesa mengku
kalindhihan sih sing kumpra
dhuh gusti kados pundi //

8. Mangsa na lir patih Bestak
ngupadosa sewu tan antuk kalih
banjet nyenyeting pamuwus
yen padaning pangucap
mencep-mencep lirik- ilik esem guyu
guyune labda miraga
ragane mamrih pakolih //

9. Wus pamit ki patih Bestak
narpatmaja getunira tan sipi
duk miyarsa aturipun
sira ki patih Bestak
rasa cipta dira sang narendra sunu
angsuli paman anedha
sih pamrinanta ring mami //

10. Dadya mituhyeng pawarta
kang punika witnya pangran atmaji
mring Sultan Ngarab tan sarju
yen tumingal smu ewa
mantun denya sanjan-sinajan lir
wau
ciptanira kang jeng Sultan
dene pangran narpatmaji //

11. E vah patrap lawan adab
ingupaya meksa datan kapanggih
ingkong dadya purwanipun
yen sangking kang sarira
datan ana kang dadya
sangsayanipun
de kang rama sang bathara
tan patyanggalih wit dening //

12. Dumadya pangran narpatma
tinimbalan sareng lan sang wiradi
lalangen aneng kadhatun
dadya pambeng tan sowan
sandi datan sakeca sariranipun
lan puyeng wus ctur dina
wus koningan ing rama ji //

13. Ginalih sayektinira
gya klangenan pinisepuh satunggil
kinen mring kaputran prelu
mriksa maring sang putra
katur lamun tan punapa grahipun
temah karsaning narendra
denyarsa lalangen puri //

14. Linajengaken kewala
nahan Sultan kang neng banjar
manganti
kang dahat gandrung mangun kung
cipta pangudasmara
asmaraning wingen dahat wulangun
cipta mung sri narendra
dhangana ingkang panggalih //

15. Lalangena ing jro pura
mung weruha sang dyah maniking
puri
dan utusannya sang prabu
ki adipati Bestak
kang kinen dhawuhken karsanya
sang prabu
jujung praja patih Maktal
anulya ken atur weling //

16. Wus katur gya ingandikan
prapteng ngarsa patih Bestek
turnya ris
dhuh ger kawula pinutus
ing ramanta bathara
wis kang dhawuh rama paduka
sinuwun
angger ing mangke ngandikan
ing pura jam sapta wanci //

17. Ramanta sinuwun arsa
langen pura kang kalilan umanjing
dhateng salebet kadhatun
ung rakanta Marmaya
lawan raja patih Maktal karsa prabu
sang brangta matur sandika
sang duta kentar wus bali //

## PUPUH CXXVIII

**Dhandhanggula = 33 pada**

1. Kangjeng Sultan nulya animbali
kang raka nembahan Tambakyuda
myang sri patih sakancane
sagung kang para ratu
prapteng ngarsa Sultan lingnya ris
heh yayi sadhiyaa
sun ngandikan prabu
mring pura mengko jam sapta
sang bathara arsa lalangen neng puri
kang linilan milua //

2. Malbeng pura kang Marmaya kadwi
lawan sira dene kancanira
anaa ing jaba bae
Baudhendha kacemut
lirih matur mring Guritwesi
kula lurah yen klilan
dherek mring kadhatun
inggih mung kepengin priksa
kinarsakna kawula angampil-ampil
Marmaya ngling smu guywa //

3. Mindhaa kaparak bae becik
yen banget kepengin wruh jro pura
anyamura kiradyaweh
nanging nganggoa sampur
mung yen sira ditatakoni
ya tutura kaparak
meteng wolung taun
gumuyu sagung miyarsa
sru malerok Marmadi wah suka
sami
mesem Sultan miyarsa //

4. Kang panguywan mangkana jam
katri
samya bubar tandya sontenira
sadhiya kang arsandherek
jam satengah nem sampun
ri sang sowan panggya lan patih
wonten ing panangkilan
gya ngaturan laju
praptanya ing Srimangantya
samya kendel anganti timbalan aji
kapyarsa jroning pura //

5. Pradangganya lirih angarangin
nganyut-anyut lir munyeng
ngawiyat
rempeg lan rarasing sindhen
gya na duta manamur
analika kang sampun maswi
katur wus samya sowan
ngandika sang prabu
si apatih timbalana
angirida ki Jayang Wiradimurti
Maktal lan si Marmaya //

6. Duta nembah prapteng Srimanganti
andhawuhken timbalan narendra
dyan patih sandika ture
catur manjing kadhatun
ngampil sabet sang raja patih
ngampil ganten Marmaya
prapteng ngarsa prabu
ingawe kulup majua
kene alungguha den parek lan mami
ri sang nolih ki patya //

7. Nata ngling dimen pamanmu patih
lulungguhan lan Marmaya Maktal
ana ing taratag kono
kuciwane putrengsun
rimu pambeng tan seba kaki
yen nujonana pepak
padha ananipun
ya ki putra kadipatyan

mandah denę kulup sukaning tyas
mami
ngandikeng prameswara //

8. Yen padha anane nakmu kadwi
wis kaya sadulur tunggal rena
ben dinane golang golong
tepung atut aruntut
lan warnane nakmu ki mantri
ya akeh emperira
lan ki Jayengsatru
mulane ya nora kaya
bubudene padha lus bisa ngawruhi
kang anom mring kakangnya //

9. Luwih maning ki Sultan wiradi
prameswara manembah ing raka
gya Sultan malih den awe
ri sang alon wotsantun
lekas ingkang lagon serimpi
wusnya gantya badhayan
sisih angrong lajur
ayu-ayu warnanira
dhasar sami karenggeng busana adi
yan cinandra kang warna //

10. Kelangenan dalem ing Madayin
ana sarenteg pangawak dara
padha bate panjogete
na lyan nglung gadhung miyut
myang na kang mradapa kasilir
amanjangan katawang
dhongoh sengoh mempur
weneh lir wagra turida
lengket-lengket pasemon gendreh
amanis
na mandam kamarutan //

11. Myang ana kang lir merak kasimpir
tingal lindri nrang kunta baswara
na rongeh dadi pantese
weneh kang anteng ruruh
jetmikane susila krami
na kaduk prangwadana
kuninge marasmu
gandhang-gandhang ya mejana
dedegira na pideksa lyan mlas asih
na kang raga karana //

12. Karana lus bungahken ing resmi
dhasar wus samya tameng wirama
sangking matuh panggladhine
ngriku dupi andulu
maring Sultan Wiradimurti
sring kosek lan wirama
pijer kapirangu
sangking wasis tan katara
pra badhaya la ela mring Sultan
Ngarbi
nembe denya tumingal //

13. Ing warnanira Sultan Sayidi
kagawokan sagung pra asmara
kasaput ing wiyogane
dupi antareng riku
angsal kalih sembahan aji
anglarih ing jeng Sultan
patih Bestak sinung
pribadi gelas titiga
raja patih katiga lan Guritwesi
sinung botol satunggal //

14. Dherek ing saben ngunjuk sang aji
badhaya bubar wanci jam tiga
lajeng bojana sang katong
prasmara ting karuntup
wrana prabayasaning puri
tan liyan tiningalan
mung sang Jayengpupuh
gumremeng tan lyan den ucap
mung baguse satriya ing Puserbumi
kang nama Jayengrana //

15. Ya dhuh lae ambak wong asigit
teka ngęntek tan na winaonan
tekan sasolah sajake

baya wis begjanipun
kang darbyatma kang kaya kuwi
na rowange angucap
sapa garwanipun
saure kang tinakonan
wong abagus jarene durung akrami
mrêne tan gawa garwa //

16. Aku bae gelem angladeni
pinaringena mring Sultan Ngarab
ya gedhe Madayin kene
klangenaning ratwagung
ratu para ratuning aji
nging sumurup kewala
nyandhang tan kasandhung
kasandhung mung kadhing kala
trekadhangan gumuyu rowange
linggih
nahan linge para dyah //

17. Sinrata sadaya dadangoni
angeronce kang prelu lampahan
apan wus adating wadon
iya gawokanipun
yen na anyar ya katon becik
kawarna sang bathara
denya dhahar nginum
ingkang sami jaga meja
wus pinranti leskar sami resik
kuning
nir was cukating solah //

18. Rebut ngladeni sang prawiradi
yen kapagut liringe jeng Sultan
pra wadon tyase sumedhot
mawarna solah semu
ngincang alis angusap pipi
myang ngukur kupingira
na deleng mindhuwur
kekejepan bibisikan
ting jerawil sarywa glunge den
mek-meki
akeh kang kapyabrangta //

19. Denya nginum nata wanti-wanti
langkung suka lamine bojana
pan dereng kadi samangke
dhanganing nala prabu
pagujenganira sinambi
adhahar dhadhaharan
adi-adi penuh
dungkap meh wanci jam gangsal
nata wuru sumrebeng pasuryan
abrit
nata alon ngandika //

20. Tuwukana kulup karsa mami
Sultan manembah dadya
tumimbang
mangkana uning sang katong
yen Sultanun wus wuru
angandika sri narapati
wis sedhenge bubaran
gya tedhak sang prabu
duk samana kangjeng Sultan
arsa luntak saya sanget sang wiradi
karaos wurunira //

21. Dadya estu luntak sang wiradi
tinadhahan pakecohan nata
kangjeng Sultan pungkurane
ingasta mring sang prabu
usap-usapira sang aji
mangka ngusap riwenya
sang Jayengapupuh
sinung tirta kurah waja
langkung marma sang nata myang
Guritwesi
wus dening raja Maktal //

22. Pra kalangenan ing dalem puri
ngumel-umel maring sang bathara
ika wuru mesakake
saweneh ana muwus
wong sasar ya ratunya nyengit
pae ingkang sarira
rina wengi anggur

wong pyayai nora kadharan
ka pineksa melasake wong asigit
saweneh ana ngucap //

23. Iya talah yen kondur wong sigit
ika mengko kang ngladeni sapa
ana ngling bok aku bae
lyan ling patih Madayun
bok mendema sing mutah cacing
aku praduli apa
aja pyayi bagus
wis gawene dem-endeman
wong Madayin arak anggur rina wengi
ngling malih sang bathara //

24. Banget wuru ki Sultan wiradi
wis patih metua lan si Maktal
katri Marmaya sedene
ya ki Sultan putrengsun
dimen aneng sajroning puri
sedheng mari metua
iya gone wuru
jeng Sultan sampun pinrenah
ken ing gedhong gandhok lawan dalem puri
mung let gapura juga //

25. Kapering tamanira sang aji
wonten gedhong ali madya kambang
ngungang tirta mawa loteng
janela gedhah wungu
mangkya Sultan wungu aguling
sampun ical wurunya
jam gangsal andulu
wetan prabanya sumirat
sang hyang surya kadyarsa tuduh rengganing
taman pura Madiyan //

26. Kacarywan lumyat sang prawiradi
adining kang rarengganing taman
sarywa mas kumala abyor
tulya mas adiluhung
rarengganya nagendra resmi
pucak mutyara muncar
tinon angunguwung
lir baskara tibeng kisma
retna rukmi pinatik pating parelik
yayah wintang sumebar //

27. Witana mas madyengkara ngrawit
babahonira sinupit urang
lyan naga pura saweneh
manyura asmareng rum
ante rantya mangapit-apit
ring manguntur pijana
ugara resmyeng rum
lyan ana maneh gapura
rarenggane sinupit urang manehi
tinub botrawi raras //

28. Tembok asri serang tigang warni
salaka mas swasa salobogan
cineplok retna bang ijo
lyan na widuri tengsu
jembangan mas amarik-marik
mesi puspa mawarna
mekar gandanya rum
nanduk nrus kanakeng taman
pinggir beji rare mas pindha lir mancing
minatanan kumala //

29. Myang na kadi ngindhit jun met warih
anyirami sekaring udyana
jeng Sultan lengleng dupyanon
tan telas kang dinulu
asrinira angeboseni
sangking adining warna
lan tan na kang jumbuh
tambang nagendra kumala

pan gumrenjeng utahing tirtanjog
wening
lyan na kang kadi liman //

30. Tirta sumembur pindha lir gadhing
tiningalan lir tan jog talaga
jeng Sultan asmu kaleson
ngaso lenggah sang wuyung
aneng hubning puspa sri gadhing
lenggah ing gilang rukma
jiwanglong ngudangkung
smu wilis minuhi raras
cipta dira kagawokan dera myat ing
renggan salem pijana //

31. iya apa ta kukuranganing
sang bathara ratuning pra raja
raja-rajaning pra katong
mangkana kang cinatur
pra pawongan sadalem puri
tan lyan ingkang rinasan
mung sang Jayengpupuh
rubung rubung raroyoman
ting garubyug thuk-anthukan lyan
ngejepi
tuding anthuk-anthukan //

32. de Sultan Ngarab wuru duk ratri
pinrenahken ing gedhong
pungkuran
nahan dyah retneng kadhaton
putradining Madayun
gih Muninggar maniking puri
andangu mring parekan
apa kang cinatur
parekan cethi pawongan
aturira dhuh gusti satriya Ngarbi
Jayengrana neng taman //

33. Inggih awit duk ing wau ratri
tinimbalan ramanta drawina
watawis sanget wurune
boten kalilan mundur
kinen manggen ing gedhong
wingking
sapunika neng taman
duk myarsa sang ayu
kamantyan derarsa wikan
dhasar sang dyah susilarja lumuh
isin
temah angraras driya //

## PUPUH CXXIX

**Mijil = 20 pada**

1. Pandya baya sihing hyang kang luwih
maring sang lir sinom
lami cegah dhahar lawan sare
tansah pininta sajroning batin
mung wruha warnaning
kang agawe gandrung //

2. Dene sang dyah wus lami miyarsi
yen sang Jayengpupoh
ing Madyan mangka senapatine
wus astha candra aneng Madayin
sang dyah dereng uning
warnaning Sultanun //

3. Para dyah sapura ing Madayin
tan lyan winiraos
amung Sultan ing Ngarab baguse
nanging sang dyah susilarja niti
pan wus wolung tengsi
nandhang wulangun kung //

4. Prande tan mengeng sing jroning puri
mung pininteng batos
sang dyah sumyar sumyar kaketege
duk miyarsa yen sang Jayengjurit
aneng taman sari
dyah minggah mring panggung //

5. Ponang jandela binuka aglis
ingkang lenggah katon
sarywa pitekur sang dyah ngres
tyase
cipta tuhu warnane apekik
cacade mung siji
denya durung wanuh //

6. Cahyanira sumorot nelahi
manrangi kalangon
yayah rinengga udyana rume
temah sang dyah nir ingkang
wawadi
gya amucat singsim
ira sang retnayu //

7. Retna pancuran dariji manis
sing kandhih ing wirong
ponang supe gya binalangake
mring kang lenggah jajanya marengi
Sultan kagyat nolih
tumengeng mindhuwur //

8. Lingira kang sapa mbalang iki
susupe maringong
sang dyah nangling manira putrine
ya ing kene nagara Madayin
kemenyut sang brangti
tyasirantya rungrug //

10. Yen ta pinarengna ing sudarmi
yun dadasih ingong
kang nama Sultan Ngarab dhuh
angger
gih kawula rare sangking Ngarbi
kang papa kaswasih
mudha dama punggung //

11. Sokur gusti nyaruwe pun dasih
usadaning nglamong
tansah den arasi susupene
wus anginep jendela sang putri
tumedhaknya sangking
ing andha meh dhawuh //

12. Sang dyah nulya nyungkemi
guguling
waspa ndres ting tlethok
anelesi ing kajang sirahe
ya dhuh paran baya awak mami
yen tan sida panggih
lawan kang pitekur //

13. Suka leheng binanjut ing urip
yen sinung lalakon
ingkang mangkene suka parastreng
mangkya jeng Sultan dupi ningali
ing panggung manginggil
jandela wus suwung //

14. Dhawah sumaput neng gilang rukmi
abyatan wirangrong
bok jendela angatona maneh
tansah ngunggut-unggut lir kapilis
tan wigya naheni
andandhang rimang kung //

15. Leheng kasranga warastreng jurit
satru dibya tanggon
tan sepira tinimbang larane
kanin premana kulingung ati
paran ingkang dadi
usadaning gandrung //

16. Mangu-mangu mangoneng kung
kingkin
mirah jiwaningong
bisa temen anglalaga angger
angur aja angaton ing nguni
mring ngong wong amukti
bisa gawe gandrung //

17. Kapirangu sang brangta gumuling
neng sarina kakayon
wungu jandela den ungak maneh
meksih tutup wangwang sang
subrangti
tindak nolih-nolih
wulangun kung gandrung //

18. Tan lyan katon kumanthil ing tibing
mung retneng kadhaton
wus ingagem wau susupene
pan cumeples pinasang jajenthik
enget mring kang paring
kapirangu gandrung //

19. Cipta yayah karubuhan langit
sang hyang lemah dhosok
samodra rob ingingkut (?) lumeber
nir iktiyar kaprawiranya nir
yen timbangen brangti
manahankung gandrung //

20. Lir temah anjur pureng Madayin
pinrep ing ngaripoh
tan sapira Madayin rusake
antya ruwara ciptaning galih
tan jum lila lilih
kalindhihan gandrung //

## PUPUH CXXX

**Asmaradana = 18 pada**

1. Manguneng asmareng galih
lolih lila namur brangta
nging meksa datan katalen
petoking kang sata wana
gawe kagyat trataban
kapirangu gandrung-gandrung
katonton kang neng jendela //

2. Aburing peksi sri gunting
lir kagyat na jalma munggah
maring loteng panggungane
baya kusumaning pura
mau kang neng jandela
katon manguneng kung gandrung
dhuh atma sutaji raja //

3. Rajaning nagrik Madayin
apa ya tulus sihira
bendara mring kawulane
yen tuhu asih andika
sun labuh bayantaka
nadyan sun manahen gandrung
yen dhasar sih ngabdinira //

4. Temaj adanu pratiwi
sun magangi kang sarira
ywa suba-suba masingong
ujarmu sumaguh tresna
kang gawe tyas bancana
atiku yayah ginandrung
mangkana sang Tambakyuda //

5. Graiteng tyas de kang rayi
wus jam astha dereng medal
Marmaya nusul malebeng
kang rayi kapanggyeng taman
kagyat mulat rinira
kawistareng tyas ginandrung
smu wilis netya nglong jiwa //

6. Kawuryan estu mlad ati
sasareyan neng gigilang
smu kagyat raka praptane
cinipta kang neng jandela
kang raka sigra-sigra
rinangkul ri sang mong gandrung
prenah wawangkinganira //

7. Nglingira wonten punapi
dhuh Sultan netya andika
anglayung pan asmu ijo
kang rayi alon ngandika
maksih ngelu sun kakang
lan kaworan rada murus
kang raka mesem turira //

8. Yen puyeng kula peteki
yen murus kula tur tamba
jer kula dhukun prematos
nanging ing pandugi kula
kaya ana karasa
gerahe nandhang rimang kung
cacade mung tan balaka //

9. Tan linyok pandugi mami
sandine puyeng kewala
lamun takcorana bonyok
sun terka mangsa ngakua
bok den blaka kewala
ya kakang satemenipun
aku iki mau mentas //

10. Neng kene tinemon putri
katon ing loteng jendela
jare putrane sang katong
nora rabi aku kakang
yen tan oleh atmendra
yan makaten daweg metu
pnikir ing jaba ngrika //

11. Kakalih anulya mijil
rawuh ing banjar mangantya
kang raka alon sabdane
keperhipun karsandika
mungguh bab ing akrama
pae yen lyaning ratwagung
puputra kena linamar //

12. Putrane sri myakrawati
anganti liringing karsa
kang sarta lan dadalane
mungguh yen karsa andika
nedya mrusa kewala
sasanak dika pra ratu
kabeh mangsa gumingsira //

13. Gih kaduganjur Madayin
nanging nasak maring nalar
kadi pundi pituture
nguni paman ing Pijajar
kang rayi kapenuhan
dadya tumungkul tan muwus
nahan ing dalu wancinya //

14. Jeng Sultan tanpa ndon guling
lan sonten tan arsa dhahar
minggah tumurun tan kulen
tan katali brangtanira
ing dyah retnaning pura
kusuma sutajining rum
wangwang animbali Maktal //

15. Prapeteng ngarsa raja patih
wus jinarwan karsanira
ri sang yun malbeng kadhaton
tan mawi ambekta parpat
mung lawan raja patya
sing tan kampah manahen kung
dadyarsa nyidra mring pura //

16. Yun manggihi kang sung brangti
sutaji retna Muninggar
resmining sekar kadhaton
jeng Sultan tan dangu prapta
banon cepuri pura
tan kewran ing marganipun
capuri wus linumpatan //

17. Kinen kantun raja patih
aneng sajabaning bata
sakalangkung prayitnane
tansah angering gandhewa
sarywa nyothe candraswa
anilingaken pangrungu
ing gustine kang mragalba //

18. Yen temah anemu westhi
aneng dalem kenya pura
sang Maktal nora talangke
kocap kang wus neng jro pura
yitna durgameng pringga
neng nataring pijana rum
sang retna dereng anendra //

## PUPUH CXXXI

**Sinom = 21 pada**

1. Lir winangun brangtanira
kusuma retna sutaji
putri adi ing Madiyah
samentasnya myat ing warni
nira satriya Ngarbi
lir kajarah wayang wuyung
kawayang ton kaetang
mung satriya Puserbumi
migarastra oswaning surya suteja //

2. Anglayung kusuma rara
angling lipur manah brangti
aneng soring nagapuspa
tan liyan kang dadi galih
emban kalih ngadhepi
asru wlas ing gustinipun
ngandika sang kusuma
biyung paran wusananing
yen aweta mangkene sun nora
bisa //

3. Kaniayane pak bakal
ujare ya sanggup asih
andadasimanakawan
nging smune mung lamis manis
sun rasa raseng ati
gumuyu maring polahku
yen nyata sanggup tresna
bok iya malebeng puri
wedi apa song aseti mandraguna //

4. Upama aku metua
biyung mangkonoa maning
ngaran sundel palanyahan
mandah guyune kang myarsi
tiniron jroning ati
kang alus mung angguguyu
angur ingsun matia
suthik sun pinurih silib
ni mban matur gusti sampun
kasinggihan //

5. Sanes tiyang lir kawula
wong sampun jarangan gusti
yen gadhah raosing manah
kula sampung anglampahi
lajeng kula laragi
kemawon tur semahipun
wonten ing patileman
lajeng kawula tumuti
paben kempyung uleng tininjo ing
kathah //

6. Duk maksih pamempeng kula
asmu guyu sang retna di
nging tan sirna susahing tyas
sang retna ngandika malih
kowayapa mambu wangi
w9ngine anyar nanduk rung
ni emban aturira
sampun paduka raosi
sambang langkung sang kusuma
angandika //

7. Biyung kaya na empernya
ambune pyayi dhek wingi
kang pitekur aneng taman
sang dyah nolih kanan kering
sang brangta amrepeki
sadangunira dyah ingrum
ngandika lan banira
smu gujeng sultan miyarsi
duk ngatingal sang retna arsa
lumajar //

8. Gya cinandhak astanira
tarataban sang retna di
kaketege sumyar sumyar
gumeter kenya wuryaning
an priya apapanggih
tansah ingaras mawantu
tan wigyarsa ngandika
gagetunira tan sipi
sang priya ngling bandara
sadukanira //

9. De kang abdi gawe kagyat
sakdhendhane angesoki
kungkunge ing panggulingan
kinirima ganten wangi
prajayanen ing liring
pejaha ngabahan masku
yen mati rurubana
sinjangira wong amanis
urugana puspa wiraga wrat sekar //

10. Sang dyah dangu tan ngandika
dahat kuwur ing pandeling
ni emban alatah-alatah
tan linyok kang wus ngyaktosi
gandaning satriya di
tak rani sambang lalaku
dhuh sokur-sokur begja
sarawah paduka gusti
rayi dalem sanget anandhang
wiyoga //

11. Angajeng-ajeng paduka
karsaa mriki manggihi
ing ari dalem sang retna
Sultan angiring sang dewi
sang dyah sreng andukani
mring ban yekti sun tan tau
ngarep-arep satriya
senapatining Madayin
dumapara yen karsaa mring
ragengwang //

12. Sang retna tansah ingaras
kang sarywa sru kinapithing
dyah nangling kula culena
sang priya ngling pa tan tan asih
tan-kabur
jare wadi wadeni
smu mesem sang dyah lingnya rum
dhek kapan sun caturan
de tan ngrasa angrasani
tanpa ngrasa sasat ngarep-arep
dewa //

13. Priyayi ing Puseralam
kakasihe jeng rama ji
lan tumungkul sabdanira
sang priya ngandika manis
dhuh gusti sedya mami
mandralaya angalangut
ngupaya damba brangta
teka kapanggyeng Madayin
retnaning dyah usadeng lara
wiyoga //

14. Dyah nangling wong wus basanya
priya sih maring pawestri
yen nuju adarbe karsa
yen wis nuli cari lain
sang priya anungkemi
pangkonira sang retna yu
dhuh gusti abdinira
kena andelen sayekti
sun tan krama yen tan panggih
kang sarira //

15. Sang dyah mangsuli prasetya
kula boten pati laki
yen tan dhaup putra Ngarab
sang kakung pyuh ngaras pipi
sang dyah ayu manglesi
gutuk tingal asmu rengu
nanging tan tekeng manah

sih ing priya lir sor wukir
tinimbanga pinten genge gunung
adam //

16. Sang kusuma tan prabeda
pan sampun akawin batin
prasetya priya wanodya
sang kakung mrepak ing kapti
bremara nguswenq sari
mangungkih maduning santun
kincip arsa winedhar
salaga tunjunging sari
sang kusuma sru tampik dahat
mangrepa //

17. Pangeran sampun mangkana
nadyan kawula wong kapir
yen pejah mugi tumutu
utamining pyagung Ngarbi
ingkang mugi pun cethì
jinatenana rumuwun
pratingkahing gameslam
kawula nedya mumuri
ngestu pada kacangkinga ing
delahan //

18. Sumangga kapratikelna
kula tan ngraos darbeni
sanggyaning sarira darma
sang kakung pyuh dupi myarsi
tyasnya kadi jinahit
smu glana dahat angungun
mujadah ing tyas brangta
sang retna ngandika malih
mung panuwun kawula mugi kang
sabar //

19. Sarira sinten kagungan
nanging sampun ginagampil
sang kakung angayuh jangga
lan angaras wanti-wanti
dyah ngling mugi pun cethi
pinaring pratikelipun
inggih agami Islam
sang kakung ngandika aris
gih sumangga bendara pundi
kinarsan //

20. Nanging panuwun kawula
mugi legaa kang galih
angusadani tyas brangta
meksa lumuh sang retna ngling
paran tan mracayani
atur kawula ing wau
tembe mangsa wandea
yen estu paduka asih
enget ing tyasira sang
Jayengasmara //

21. Baya pitulunging suksma
marga sing sira wong manis
abdine kandhahan brangta
kalingan ajengmu gusti
kepyan waler agami
dahat ing panuwuningsun
dhuh nger yen kang sarira
kudu kesdyang gama suci
sukur sewu sasat
gaganjaraningwang //

## PUPUH CXXXII

**Puspanyidra = 6 pada**

1. Gantya sekar puspanyidra
lah ya piyarsakna gusti
agami slam patrape
lilima ugera mas ngong
kang dhihin iku sahadat
salat kang kaping pindhone
ping tri siyam myang jakate
munggah khaji ping limane //

2. Lamun kuwasa ing marga
anapon ya satuhuning
sadat roro sarate
kang dhihin asrah masingong
lawan panggaotanira
lawan iya kapindhone
anut ing dalem atine
bataling sahadat angger //

3. Kehe papat kang wiwitan
tan gelem ngucapken marang
liya lawan lesane
tan ngestoken kapindho
ya ing dalem atinira
angas kang kaping telune
lan takabur kaping papate
anapon wong bisu angger //

4. Mangka cukup tinggal ikrar
lafaling sahadat gusti
ashadu an lan maneh
la ilahu kapindho
washadu an ibrahima
kalilallah ing maknane
angawruhi satuhune
nora na pangeran maneh //

5. Sajatine angin allah
lan satuhu aneksani
nabi ibrahim kuwe
sanak raketing suksma non
utawi kalimah sadat
iku amengku ing akeh
aran iman mujmal dene
angumpulaken lsakehe //

6. Ya ing sakehe iktikat
kaya angimanken maring
Allah lan Malekate
lan kitab ingkang kinaot
wus dene para utusan
lan dina akir lan tembe
untune becik lan alane
allah tangala kang bage //

## PUPUH CXXXIII

**Asmaradana = 21 pada**

1. Sru kasengsem sang retna di
dupi myarsa wulangira
anenggih sultan Palugon
medhar tingkahing agama
nangling malih sang priya
yen arsa mireng masingsun
mungguh parlune asalat //

2. Pan wolu las kehe gusti
ingkang dhihin iku niyat
ya ing ati panedyane
enggone arsa asalat
kang pinarengken lawan
iya ing panggawenipun
pinarengken niyatira //

3. Lan takbiratul ikromi
pangucap allahu akbar
niyatku telu parlune
kesdu takrul takyin nimas
kesdu iku anedya
gawe salat lir ta iku
ing usali enggonira //

4. Anapon takrul mas gusti
bedakken parlu lan sunat
takyin nyataken wektune
tatelu wajib tan kena
lamun nora nganggoa
kesdu takrul takyin iku
nora dadi salatira //

5. Sang kusuma matur malih
pundi pangeran jangkepnya
salat wolu las parlune
pindho takbiratul ikram
ngadeg ping telu ni mas
kang kuwasa kang ping catur
iya amaca patekah //

6. Rukun ping limane nenggih
kaping neme tumaninah
iktidal kaping pitune
kaping wolu tumaninah
sujud kang kaping sanga
tumaninah ping sapuluh
sawlas lungguh antaranya //

7. Iya ing sujud kakalih
kaping rolas tumaninah
ni mas kaping telulase
alungguh karana takyat
akir kaping patbelas
maca takyat akir masku
limalas maca salawat //

8. Ing atase kangjeng nabi
ing dalem takyat akir ya
ingkang kaping nem belase
tartib pitulas muwalat
wolulas aweh salam
brangta nadiyan sang ayu
sang priya malih ngandika //

9. Parluning salat mas gusti
riningkes dadi tri duman
siji bangsa ti dununge
niyat pindho bangsa lesan
ping trine bangsa badan
bangsa ti sawiji masku
yaiku mau mung niyat //

10. Kang bangsa lesan takbir
ratul ikrom myang fatekah
takyat akir salawate
wus dene lan aweh salam
rolas kang bangsa badan
sunating salat masingsun
roro kang dhihin ku afngal //

11. An eat kaping kalih
afngal ku nenem kehira
siji kunut kapindhone
adeging kunut ping trinya
iya takyat kang awal
kang kaping pat iku lungguh
ing takyat awal ping lima //

12. Ca salawat gusti
kalawan ing kulawarga
ping nem ing takyat akire
dene ni mas sunat eat
akeh piprincenira
neng jroning kitab sinebut
kaya ta anjungjung tangan //

13. Karone ing dalem takbir
ratul ikram lan liyanya
ni mas sunat sadurunge
iya manjing maring salat
roro sawiji adan
khamat kang kapindho masku
matur malih sang kusuma //

14. Kang mugi tuwan batosi
pinten bab bataling salat
priya ngling sawelas kehe
ingkang dhihin iku khadas
kapindhone katiban
najis de ping telunipun
kabuka ing uratira //

15. Kang kaping limane yayi
rarasan kang mahamaha
ping nem mungkur ing keblate
kalle (?) iya mahamaha
myang anginum lan mangan
owah niyate ping pitu
ping wolu gumuyu suka //

16. Nangis lawan dadamoni
angreruntuh dhaham-dhaham
sanga megatken rukune
amuwuhi ping sadasa
kaping sawelas murtat
sang retna malih umatur
pangran pinten ta kathahnya //

17. Ingkang kuwajiban sangking
salat sang priya ngandika
ni mas iku papat kehe
dhihin Islam yekti nora
wajib mungguh ing Islam
pindho baleg mirahingsun
rare nora kuwajiban //

18. Ngakil ping telune yayi
wong edan tan kuwajiban
lan wong ayan apa dene
ping pat suci kel lan nifas
sang dyah malih aturnya
pinten sarat esahipun
inggih menggahing asalat //

19. Sang kakung ngandika manis
ni mas wolu las kehira
dhihin pinter kapindhone
bedakken parlu lan sunat
ngawruhi ping telunya
ya ing panjing wetunipun
ping pat wruh parluning salat //

20. Kaping lima anutupi
ing urat kaping nemira
ni mas madhep ing keblate
ping pitu sucining badan
utawa panganggonya
lan gone salat ping wolu
adoh sangking najisira //

21. Anapon araning najis
dhihin najis mugalallah
yaiku kang gedhe dhewe
pindho ran mubawahsitah
sang dyah malih aturnya
salat ingkang gangsal wektu
kadi paran pratingkahnya //

## PUPUH CXXXIV

**Dhandhanggula = 14 pada**

1. Saya manis sang kakung pyuh galih
sang dyah ingaras mawantya-
wantya
sarywa alon andikane
mirah pupujaningsun
sirandangu bab salat gusti
limang wektu masingwang
dhihin salat luhur
wiwitaning lingsir surya
gumingsire mengleng mangulon
sathithik
dene luhur potira //

2. Ya wawayangan sawiji-wiji
padha lawan kang darbe wayangan
iku wektu luhur pote
pindho ngasar masingsun
wuwuhe wayangan sathithik
sangking darbe wayangan
kira luwihipun
sadedeg ingkang layangan
wekasane suruping srengenge yayi
pote kang wektu ngasar //

3. Kaping telune ran wektu mahgrib
wiwit manjing suruping kang surya
dene wekasane pote
mega bang surupipun
ganti wektu ngisa kang manjing
suruping mega abang

iku wiwitipun
wekasane wektu ngisa
ni mas apan ya waktuning pajar
sidik
waktu subuh ping lima //

4. Iya wit wektune fajar sidik
wekasane pot wetuning surya
de salat luhur masingong
patang rekangat iku
waktu rira wus dening
iya patang rekangat
waktu mahgrib telu
ngisa ya patang rakangat
wektu subuh rong rekangat kang
darbeni
nalika nabi Adam //

5. Tinurunken ing donya ing swargi
salat ngisa ni mas nabi Musa
duk ingandikan kalane
ing pangeran kang agung
nabi Ngisa ing wektu mahrib
dene ing wektu ngasar
iya nabi Yunus
duk kalbeng garbaning mina
wektu luhur iku jeng nabi Ibrahim
ni mas panutaningwang //

6. Ingkang jumeneng kalilullahi
duk ingobar maring ratu kopar
sang dyah malih lon ature
barkahana pukulun
babing siyam jakat lan khaji
ri sang alon ngandika
bab puwasa masku
sarate kang kuwajiban
tri prakara yaiku Islam kang
dhingin
pindho baleg tri ngakal //

7. Lan manehe kawruhana yayi
dene parlune patang prakara
dhihin niyat lan atine
tinggal mangan lan nginum
kaping telu ping pate yayi
iya atinggal jimak
batale sepuluh
kang dhihin manjingken barang
barang ngaen kahanan mring
bolonganing
ya kabeh ingkang menga //

8. Kaya irung wus dene lan kuping
lan liyane myang kapindhone ya
maneh ya manjingken ngahen
tatuning sirah iku
kang tumeka mring wuwungkusing
utek ping trine ni mas
amanjingken iku
tatamba ingkang dwi marga
lan kaping pat mahamutah ping
limaning
iya iku ajimak //

9. De kang kaping nem metokken mani
kang kaping pitu keling wanodya
nifas kang kaping wolune
ping sangedan sapuluh
ira murtad iku mas yayi
sang dyah malih turira
kawula nunuwun
mugi tuwan barkahana
pangandele utusan sagung pra nabi
lan ngandeling malekat //

10. Wus dene ngandel ing dinten akir
inggih kang nama ari kiyamat
lan untung awon saene
angandika sang kakung
iya ni mas ingsun tuturi
wong ngandel ing utusan
kang pra nabi sagung
yayi mangkono lirira
satus lawan pat likur sagung pra nabi
wiwitan jeng Nabyadam //

11. Ingkang dadi utusaning Widi
telung atus lan punjul telulas
dene kang mungkasi tembe
nabi Mukhamad rasul
ingkang gadhuh sarengat yayi
kehe nenem Nabyadam
kapindho nabi Nuh
Ibrahim Musa lan Ngisa
kang mungkasi nabi Mukhamad sinelir
de wong gandel ing kitab //

12. Kang dhumawuh mring sagung pra nabi
kang sepuluh ing jeng nabi Adam
nabi Sis seket kitabe
kitab kang telung puluh
dhumawuh mring jeng nabi Idris
nabi Brahim sadasa
Dawud kitab Jabur
Toret maring nabi Musa
kang dhumawuh nabi Ngisa kitab Injil
Kuran nabi Mukhamad //

13. Ing wong ngandel malekat ku yayi
malaekat ku kawulaning hyang
awarna-warna rupane
miwah ing karyanipun
nora lanang nora pawestri
tan babu nora bapa
lan tan mangan nginum
angandel dina kiyamat
kiyamat ku angger rusaking sabumi
tan ana kang tan rusak //

14. Sun tuturi bab pati ya gusti
ing tumitah kodrating pangeran
tutug kiyamat ing tembe
supaya wruh masingsun
pakewuhe ing wong ngaurip
uripe aneng donya
nimas ywa katungkul
marang ing kadonyanira
tanpa tuwas anemu siksaning Widi
poma ngger estokena //

## PUPUH CXXXV

**Pangkur = 40 pada**

1. Aywa ngungkurken carita
caritane yayi ing khadis kudsi
sekehing roh kang tinutur
duk meksih kumpulira
ing sulbine nabi adam kaberhipun
ni mas ingaranan rukyat
dene rukyat ku kang arti //

2. Duk durunge cinampuran
lan bangsaning patang prakara yayi
sapa pangeran kang agung
mongka allah akarsa
rukyat kabeh den campur lan bangsanipun
kawulaning hyang malekat
dinuta dening hyang widi //

3. Sayogya ayun weruha
rukyat kabeh tinurunken kariyin
sangking karsaning hyang agung
malekat kang dinuta
angambila rokkiyat ngkang akumpul
ing sulbine nabi Adam
sadaya kinen angambil //

4. Rokyat iku cinarita
maksih cahya tan jalu tan pawestri
karana ing kumpulipun

nyawa pan padha nyawa
ananging wus pinasthi ing
dadinipun
kang lanang pan dadi lanang
miwah ingkang dadi estri //

5. Ri sampunira ingalap
rukyat sangking sulbine adam nabi
malekat kinen tumurun
prapta ing ngawang-awang
rokyat iku den rangkepaken
rumuwun
sadaya roron-rorongan
padha nyawa jalu estri //

6. Nanging durung warna rupa
nora lanang apan nora pawestri
andikanira hyang agung
gya kinen angambila
ing bangsane kang patang prakara
sagung
ya bangsane nabi Adam
pan patang prakara yayi //

7. Bangsa bumi kang kapisan
kapindhone ni mas kang bangsa api
bangsa angin kaping telu
ni mas kang bangsa toya
pan cinampur lan rukyat kabeh ing
mau
iku nuli warna rupa
ing jalu miwah pawestri //

8. Saweneh na tanpa rupa
nora jalu miwah nora pawestri
nuli cinaruban iku
ing roh kang rupa lanang
mangka nuli rupa lanang dadinipun
yen kang cinampuran nyawa
wadan pan dadya pawestri //

9. Tan pisah lan rangkepira
roron roron jalu lawan pawestri
iku apan wus tatemu
dadya kawin samana
iya iku gone kawin batin masku
lamun wus tumrap ing badan
nuli padha angulati //

10. Ing benere rangkepira
padha nyawa sawusira kepanggih
teka karep atatemu
kalawan jatu krama
jalu estri apan padha karepipun
kalale kalawan inggih
esake kalawan sahit //

11. Tan wenang yen nora lawan
ing paningkah iya kalawan sahit
iku jina aranipun
pan panggawening setan
kang rinajam ngrencana angadu-adu
angajak panggawe dosa
yen mati ginawa ngeblis //

12. Ing sawuse cinampuran
ing bangsaning patang prakara yayi
iya iku aranipun
ingaran duryat adam
ginawa ing malekat mring
ngarsanipun
nabyadam wus warna rupa
niskaranira kadeling //

13. Nabi Adam duk samana
neng suwarga ngadhep kayu sajratil
mun ta analikanipun
tumingal warnanira
duryat wau wetune upama semut
nanging karsaning pangeran
wus ana ngakale sami //

14. Lan warnane beda-beda
ana ala saweneh ana becik
mawarna papaesipun
ature nabi Adam
ya pangeran amba ingkang
mahaluhur

inggih karanten punapa
anak putwamba tan sami //

15. Allah tangala ngandika
heh ya Adam ingsun arsa ngawruhi
ingkang becik warnanipun
lawan papaes donya
apa sokur apa ora kabeh besuk
kang ala lan kang malarat
rena ora maring mami //

16. Heh ya duryat nabi Adam
neksenana sira kaabeh den aglis
ya alas tubirotbikun
pan dudu pangranira
nulya matur ature
kabal ta anut
yen tuwan pangeran amba
tan wonten pangeran malih //

17. Ing sawuse sinaksenan
duryat nuli binalekken mring
gyaning
cinrita nalika iku
ya jasading manungsa
patang rupa pinangkane dadinipun
madi wadi mani lawan
manikem kapate yayi //

18. Tatapi tatelu ni mas
tumuruna sepira nora dadi
yen manikem tan tumurun
yekti tanpa dadiya
de manikem ku mau ing tegesipun
iku sajatining nyawa
kang tetep ing dalem sulbi //

19. Priyestri padha urunan
sangking sulbi johar manikemnami
kaya duk ing tetepipun
ana ing nabi Adam
iya lamun pareng ing tumurunipun
tumurune tinadhahan
paranakaning pawestri //

20. Ya ing patang puluh dina
aran ngallah kumpule dadi tunggil
kasebut ing dalil masku
lan patang puluh dina
maneh aran mulhah ngalkah
artinipun
kabeh wus neng tutulisan
ring ron kayu sajaratil //

21. Ngandika pangran kang mulya
mring malekat arkam kinen
angambil
ni mas ing manikem mau
anuli kinen gawa
ya manikem mring pitung langit
anerus
kinon maca tutulisan
ning ron kayu sajaratil //

22. Kang wus pinesthi dening hyang
ge winaca niskaraning kang tulis
dawa cendahaking kang umur
lan begja cilakanya
rijekine wusdening bilahinipun
kabeh wus neng tutulisan
ring ron kayu sajaratil //

23. Kang kayu tatkalanira
nabi Adam madhep kang duryat
mijil
de johar manikem mau
sawuse maca surat
anuli den balekken ing biyungipun
sarta cinampuran lemah
tapel kubure yen mati //

24. Iya tapel iku ni mas
karsaning hyang kuburira yen mati
nadyan adoh gone ikuamesthi
pinaranan
yen wus parek nyawane nuli
pinundhut
kinubur ing tapelira
lemah kang winor ing nguni //

25. Tatkala johar ginawa
lesu lupa wong tuwane jalwestri
sabab ya karone iku
padha kelangan cahya
kang ginawa dening malekat ing mau
bangsa papat iku ni mas
lahire tumrap ing jisim //

26. Bangsa bumi dadinira
iya kulit iku teteping jisim
bangsa api dadinipun
ya getih ing sarira
kuwasane akuwat ing jisimipun
kang bangsa ngin tumrapira
ing jisim pan dadya daging //

27. Dene ing pangwasanira
iku ni mas tangginas meneng mosik
kaping pate bangsa banyu
tumrape aneng jasat
ing manungsa iku pan dadi babalung
kuwasa alusing jasad
ku papat genepe yayi //

28. Nuli pangeran kang mulya
ngandika mring malekat Arkam nuli
kinon ing hyang ngalap nepsu
ingkang patang prakara
ya luamah lan amarah kadwinipun
tri supiyah mutmainah
patang prakarane maning //

29. Mungguh pangwasane ni mas
nepsu patang prakara wruha yayi
luwamah bisa calathu
amarah ing pamyarsa
de supiyah pangwasane andudulu
pangwasane mutmainah
ing pangambu mangka nuli //

30. Ngandika allah tangala
angalapa nyawa pitung prakara
nyawa nabati ranipun
pindho khewani nyawa
lawan nyawa jasmani kang kaping telu
nyawa rokhani kaping pat
kaponca nyawa nurani //

31. Nyawa rahmani ping nemnya
kaping sapta aran nyawa napsani
lan johar kang kaping wolu
iku jatining nyawa
ya manikem kabeh aopoan wus cinampur
nabati pangwasanira
ing pangira-ira bangkit //

32. Khewani iku apalan
dene pangwasaning nyawa jasmani
pan ajembar budinipun
nyawa nurani iktyar
rokhani ku kang urip sajroning lampus
nyawa rahmani ku ni mas
nur kadim iku kang dadi //

33. Iya pancering ngagesang
kaelokanira hyang maha luwih
apan wawayanganiun
iya ing wujudullah
ingkang mutlak iya i (ng?) wajibul wujud
yekti uriping manungsa
ingaran nyawa rokhmani //

34. Nasani pangwasanira
ing jro ati nora meneng tan mosik
dadi basane kang kumul kabehe an telu las
dadi siji ing manungsa jatiniun
bangsa bumi kang sajuga
kapindhone bangsa api //

35. Bangsa ngin ing telunira
kang kaping pat iya kang bangsa warih

lan nyawa nabati iku
panca kewani ping sat
dene nyawa jasmani kang kaping
pitu
nurani ingkang ping astha
ping sanga nyawa rokhani //

36. Rahmani kaping sadasa
ping sawelas iku nyawa napsani
rokhiyat ingkang cinatur
kang kaping rolasira
ping telu las lemahing kubur yen
lampus
iku ni mas kawruhana
ana pon nyawa napsani //

37. Iya iku an abadan
badanira iya nyawa rahmani
rahmani ku badanipun
rokhani rokhanika
badan nyawa nurani ku badanipun
nurani iku abadan
ya yayi nyawa jasmani //

38. Jasmani ku badan nyawa
iya mau aran nyawa khewani
khewani ku badanipun
nyawa nabati mangka
nyatanira ing balung kita puniku
kalawan babalung kita
puniku nyata ing getih //

39. Kalawan ya getih kita
nyatanira daging kita puniki
daging kita nyatanipun
iya ing kulit kita
kulit kita yayi iku nyatanipun
yektine ing warna kita
lan warna kita puniki //

40. Nyatane ing ngurip kita
urip kita nyatanira ing lahir
kita lawan batinipun
kang lahir ing paningal
iya iku ni mas ing pangawruhingsun
ing sawuse sangang candra
mundur lahir jabang bayi //

## PUPUH CXXXVI

**Durma = 41 pada**

1. Dupi lahir tangise apan mangkane
ngaek ya dul ngabdihi
wus aran manungsa
tapi aran manungsa
ngumum Islam lawan kapir
apan manungsa
malaekat tan ejin //

2. Atanapi kang tuhu aran manungsa
aku ingkang ngawruhi
bangsa duk kinarya
pisah tunggaling jasat
bangsane kang den kawruhi
apan telu las
kedadyaning kang jisim //

3. Pan sinebut ing dalih khadis kaya
kang
ya andikaning nabi
wa kod mangaraf
napsahu kod ngarapa
robahu maknaning ngarti
sing sapa ingkang
wruh sarira pribadi //

4. Temen-temen yekti weruh ing pangeran
iku ujaring dalil
anepon ran jasat
ingkang tan kena rusak
patang prakara kang mesthi
mungguh ing allah
dene ingkang kariyin //

5. Ingkang weruh maring bangsaning telulas
kapindho wong prang sabil
lan wong tamat Kur-an
lan wong tetep ngibadah
tansah adan saben wengi
kaya ki bilal
datan karana rahi //

6. Yeku ingkang jasade tan kena rusak
mungguh maring hyang widi
yen tutug wekasan
ing dina kang tan rusak
lir ngumbara urip iki
ana ing donya
pan nora wurung mati //

7. Yen wus entuk tulise ingkang winaca
ing ngajal yen wus prapti
tan kena suminggah
tuwa nadyan anoma
yen wus entuk ingkang tulis
samongsa-mongsa
siyang sanadyan ratri //

8. Tetengere yen arep puput ing ngajal
patang prakara yayi
kang dhihin tumingal
peteng banget petengnya
kapindho ningali abrit
ping telunira
iya ningali kuning //

9. Banget kuning tingal kang kaping patira
iya ningali putih
banget putihira
iku lah den prayitna
yekti ngalamting pati
goning rancana
pangridhu sangking iblis //

10. Luwih banget setan pangrencananira
ing sakarating pati
ana rupa bapa
saweneh rupa biyang
ana rupa anak rabi
myang na mindha
pawong sanak kakasih //

11. Lyan na gawa wawathah kang sarywa endah
ya padha isi warih
myang mesi panganan
supaya pinengina
pangucape asih ngasih
ing wong sakarat
banget kasatan warih //

12. Sruning ngelak labet banget wurunira
myang na saweneh iblish
mindha gurunira
pitutur kang mrih sasar
tan lyan mung tinuta pinrih
saweneh ana
kang mindha widadari //

13. Sawenehe ana kang angaku allah
tangan kang kanan sarwi
anongga sawarga
tangan kang kiwa nraka
nglinge wruhanta sun iki
pangeranira
anuteng karsa mami //

14. Yen tan manut sun siksa lawan naraka
yen anut prentah mami
sun panjingken swarga
iya kang luwih mulya
ing kono akeh kagimir
ingkang sakarat
karancana ring iblish //

15. Mula wajib sakeh wong Islam nanehda
priya sanadyan estri
salameting pejah
lawan langgening iman
iku wajib den temeni
mumpung agesang
mangsa wurunga mati //

16. Yen wus weruh maring dalil ingkang mulya
myang lan kadising nabi
ku den kukuhan
aja mamang ing driya
insya allah ana ugi
sihing pangeran
antuk parmaning widi //

17. Teka eling wong iku lamun sakarat
lan sinungan wruh maring
rancananing setan
lawan sinungan wiken
malaekat ingkang prapti
amundhut nyawa
utusaning hyang wadi //

18. Praptanira malaekat uluk salam
kuwasa anauri
ngalaekum salam
sarywa anggawa tandha
surat asmaning hyang widi
nangling sun uga
utusaning hyang widi //

19. Ingsun kinem mundhut ing nyawarira
nuli nyawa rahmani
amawa bismilah
tekan tamate pisan
lawan alkhamdulillahi
satamatira
tekan rabil ngalamin //

20. Gya cinekel jajempol suku kalihnya
apeteng kang pangeksi
banget petengira
iya iku paningal
bangsa bumi gya myat abrit
iku paningal
iya kang bangsa api //

21. Tan antara nuli salin kang paningal
iya ningali kuning
banget kuningira
ku bangswaning gya lumyat
paningal ningali putih
ku bangsa toya
wuse pinecat nuli //

22. Pan wus ilang pangambune myang pangucap
paningal pamiyarsi
wus ilang sadaya
ingkang patang prakara
bangsane ingkang kinardi
peteng luwamah
amarah ingkang ngabrit //

23. Ingkang kuning yaiku napsu supiyah
mutmainah kang putih
sawuse mangkana
nyawa rokhani liwat
ana ing kadhaton wening
luwit petengnya
pangrasa sewu warsi //

24. Nuli liwat sagara kukus pangrasa
lalakon sewu warsi
nuli manjing kutha
mulya pangrasanira
sewu warsa nulya manjing
sagara cahya
pangrasa sewu warsi //

25. Ing nalika iku lir mangsa katiga
banget ngelak anuli
nyawa wetunira
seka sajroning kutha
karenah nguloning mayit
sadurungira
mayit iku den wusi //

26. Tatkalane mayit wuse ingedusan
gaib nyawa rahamani
mayit gya ngulesan
nyawa rahmani tandya
mring sajroning ngules manjing
nalika arsa
winawa ingkang mayit //

27. Maring kubur linebokken ing kaluwat
nyawa rahmani ngari
tan bareng lebunya
ayun miyarsakena
pitutur lafaling talkin
nadyan tan bisa
nalika iku uning //

28. Sinung wikan denireng hyang mahamulya
wasitaning hyang wisi
sawuse mangkana
bubar ingkang anggawa
kang nyawa tumulya manjing
ing kuburira
mayit nuli anglilir //

29. Pinanjingan ing nyawa pitung prakara
wates dhadha supadi
kang mayit bisaa
anjawat patakonan
ki run wanakirun kalih
ang adha prapta
tatakon maring mayit //

30. Dene malaekat roro ku warnanya
jamus pamulu kadi
surya netranira
keswa gimbal winulat
lir nyunggi jaladarangani
pingulnya ngungas
matikswa mingis-mingis //

31. Ilat jingga kumelap amarap-mara
kadyestu mutah agni
swara lir ruging ngrat
sarywa amandhi gada
api sangking ing yumani
ngling heh nak adam
lah jawaben den aglis //

32. Aneng donya lah sapa pangeranira
lan kebalatira ngendi
sapa nabinira
lan sapa agamanta
yayah renanira endi
myang sankira
lah jawaben den aglis //

33. Yen kang antuk nugraha sangking pangeran
kuwasa anahuri
Allah pangraningwang
islam agamaningwang
kakbatullah keblat mami
nabi Mukhamad
puniku nabi mami //

34. Nabi Adam bapamba sanak wong Islam
jalu miwah pawestri
gih kadang kawula

malekat malih mojar
lah wis bener sira iki
pan iku uga
anut agama mami //

35. Karun wanakirun kalihuran sabda
gya malih warna pekik
lir Yusup warnanya
nabi Akub kang putra
malaekat dwi angabekti
sru minta jiwa
pamit mundur sru taklim //

36. Wuse lunga malaekat roro ni mas
nyawa pinecat nanging
pan makasih angrasa
tan pisah jasadira
yen kang antuk sih ing widi
mongka tumingal
naraka angebati //

37. Katon kabeh saisining siksa nraka
nraka nir gya ningali
suwarga mulyaendah
saisine tandya ta
nyawa myat dahat kapengin
datan antara
pan wus aglar sumandhing //

38. Nyawa iku pan wus aneng
pakarangan
pan wus kadi suwargi
prapta ing kyamad
lamun wong kang duraka
suwarga kang katon dhingin
nyawa dupi myat
dahat dera kepengin //

39. Tan antara nyawa anulya tumingal
naraka angedabi
ing saisinira
katon dupi mangkana
kang nyawa pan panget wadi
datan antara
naraka wus sumendhing //

40. Pan gumelar niskareng kang
karya ebat
nyawa siniksa nuli
prapta ri kiyamat
lah ni mas wruhanira
karena ing wong aurip
ywa sumambrana
gagampang dalil khadis //

41. Sang kusuma tumulya mangaras
pada
wus manjing guru nadi
cipta nora mamang
sang priya malih nabda
ni mas maneh sun critani
benjing kiyamat
iya rusaking bumi //

## PUPUH CXXXVII

**Sinom = 27 pada**

1. Srinata kang murbeng jagat
ni mas anitahken angin
kang ingaran angin topan
tumurun mring donya yayi
manungsantek ngemasi
saisining donya lebur
wawangunan tan ana
sawiji-wiji kang kari
gunung dahut katempuh ing
bayu bajra //

2. Pating semburat ing tawang
lintang tiba kadi riris
tan ana katon sajuga
ingkang dumlejer ing bumi
surya lintang tan keksi
sakeh sining buwana gung
aratn tiningalan
upama den galundhungi
ndhong sing masrik prapteng
magrib datan pecah //

3. Ngandika hyang Mahamulya
mring malaekat Ngi jrail
sakehe kawulaningwang
sakehe wis padha mati
dene kang maksih urip
malakekat mengkono karsengsun
kabeh sira alapa
nyawane dimen ngemosi
malaekat Ngijrail nulya angalap //

4. Nyawane sagung malekat
kang ana ing pitung langit
kabehe pan wus pralina
tan ana urip sawi ji
kari mukarab katri
Jabrail Mikail masku
Irafil katrinira
ngandika sang Mahasuci
lan alapen nyawane katri
malekat //

5. Tan antara gya ingalap
malaekat katri ngemasi
ngandika Allah Tangala
lah nyawanira den aglis
ya alapen pribadi
Ngijrail tandya wus lampus
weruh rasaning pejah
kaduwung sajroning ati
meh tan betah larane jroning
sakarat //

6. Cipta wruha yen mangkana
amesthi ingsun tan apti
ngalap nyawaning manungsa
kacrita mulkan ngajrail
sakarate ing pati
lawas malah sewu taun
ing sawise parastra
kabeh saisining bumi
mangka nuli Allah Tangala
ngandika //

7. Sun ratwagung tanpa sama
misasa tur mahasuci
kang muji ya sun priyangga
ingkang amurgeng sakalir
tan ana kang madhani
mahaluhur ingkang agung
maliki yomidina
ratuning kiyamat ari
tandya Allah Tangala nuli ararsa //

8. Anguripken sakehira
malekat aran Israfil
inguripken kinen agya
aniyupaken ing angin
laminya sewu warsi
sasangka denira niyup
sasongka iku ni mas
ngon wadhoh nyawa sakalir
kehning nyawa awit duk jeng
nabi Adam //

9. Akumpul neng jron sasangka
nyawa padha anduweni
ing pangkat asowang-sowang
myang nyawaning para nabi
wus dening para wali
oliya pra ngulama gung
mukmin darbeni pangkat
pan padha adarbe margi
miwah ejin setan andarbeni
pangkat //

10. Pan patbelas iderira
marganing kang para nabi
pan pawilanganing nyawa
wus dene nyawaning kapir
ya anduweni margi
ngalam dunya marganipun
tandya tiniyup sigra
kang sasangka nyawa mijil
padha angulati jasade priyangga //

11. Nuli urip sakabehi
kahole maneh mas yayi
angkono caritanira
dedekken tedhuh hyang Widi
nurunken udan mani
lan balung ngajbudan biku
sakehe kang neng luwang
yayi kabeh padha urip
nanging uripira pan awarna-
warna //

12. Ana becik ana ala
anut ngamale duk urip
kaget sakeh kang tumingal
dene tan kadi ing nguni
wangun-wangunan salin
lelebak lan gunung-gunung
gagetun duk tumingal
dene rata luwih resik
caritane kabeh pan padha
wuwuda //

13. Wus dene jasade ni mas
ingkang gethek sebit pulih
tekeng lan tilasing sunat
kabehe wus padha pulih
